**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası**

Qol jazba huqıqında

***Tilewmuratova Gulnaz Tajibay qızı***

# QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍN DÁWIRLESTIRIP OQÍTÍW MÁSELELERI

Qánigelik: 5A111301-Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı magistri dárejesin alıw ushın usınılǵan

# D I S S E R T A C I Y A

**Magistrlik dissertaciya Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrasında kórip shıǵıldı hám qorǵawǵa usınıldı.**

**Ilimiy basshı:____________**
**f.i.d., prof. K.Allambergenov**

**Kafedra baslıǵı: f.i.d., prof. K.Allambergenov**

**«____»_________2020-jıl**

Nókis - 2020

# QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍN DÁWIRLESTIRIP OQÍTÍW MÁSELELERI

## Joba:

**Kirisiw…………………………………………………………………………….**

**I BAP. ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE QARAQALPAQ ÁDEBIYaTÍN DÁWIRLESTIRIP OQÍTÍW MÁSELELERI………………..**
**1.1.Qaraqalpaq ádebiyatın dáwirlestirip úyreniw máseleleri…………………..**
**1.2 Ulıwma bilim beriw mekteplerinde folkorlıq shiǵarmalardıń janrlıq túrlerin úyreniw metodikası…………………………………………………….**
**1.3. Qaraqalpaq folklorın oqıtıwda sabaq túrlerinen paydalanıw usılları……………………………………………………………………………….**

**II BAP. JÍRAW-ShAYÍRLAR DÁWIRI HÁM MIYRASLARÍN OQÍTÍW METODIKASÍ** *(Jiyen jıraw Amanlıq ulınıń ómiri hám dóretpeleri mısalında)*……………………………………………………….........................
**2.1. Jiyen jıraw Amanlıq ulınıń ómiri hám dóretpeleri tuwralı ulıwma maǵlıwmat beriw** *(Jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq tipinde oqıtıw)*………………………………………………………………......................
**2.2. Jiyen jırawdıń lirikalıq shıǵarmaların oqıtıw metodikası** *(Aralas sabaq túrinde oqıtıw)*……………………………………………...................................
**2.3. Jiyen jırawdıń epikalıq shıǵarmaların oqıtıw metodikası** *(Birlesken sabaq tipinde oqıtıw)*……………………………………………..........................................

**III BAP. ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE XX ÁSIR QARAQALPAQ ÁDEBIYaTÍN OQÍTÍW USÍLLARÍ (***I.Yusupov dóretiwshiligi mısalında)*……………………………………………...............................
**3.1. Shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw usılları……….................**
**3. 2. I. Yusupovtıń lirikalıq shıǵarmaların úyreniw……………….................**
**3.3 I. Yusupovtıń «Joldas muǵallim» hám «Aktrisanıń ıǵbalı» poemaların oqıtıw usılları………………………………………………...............................**
**3.4. «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq», «Dala ármanları» hám «Tumaris» poemaların oqıtıw usılları…………………………………..............**

**Juwmaq……………………………………………………………………**

**Paydalanılǵan ádebiyatlar………..…………………………………….......**

# Kirisiw

**Temanıń aktuallıǵı:** Húrmetli Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoev elimizge kelgen waqıttaǵı sóylegen sózinde «…mektep biziń eń úlken negizimiz»[1] degen pikirdi aytqan edi. Haqıyqatında da, mektep bilim oshaǵı, keleshek qánigeleriniń bilim tırnaǵı mektepte qalanadı. Mektepte alınǵan tıyanaqlı, bilim perzentlerimizdiń óz kásibiniń mamanı bolıwına tiykar jaratadı. Bilimlendiriw máskanlarımızdıń barlıǵın da bir maqset, bir wazıypa birlestiredi. 2017-jıl 6-aprel:de qabıl etilgen «Ulıwma orta bilim beriwdiń Mámleketlik tálim standartı» haqqındaǵı hújjettiń de maqset hám wazıypası ulıwma orta bilimlendiriw sistemasın elimizde ámelge asırılıp atırǵan sociallıq-ekonomikalıq reformalar, rawajlanǵan mámleketlerdiń aldıńǵı tájiriybeleri hám ilim-pán menen zamanagóy axborot-kommunikaciya texnologiyalarına say ráwishte shólkemlestiriw, mánáwiy bárkamal hám intellektual rawajlanǵan shaxstı tárbiyalawdan ibarat.

«Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması»[2], «Bilimlendiriw haqqında Ózbekstan Respublikasınıń nızamı»[3] hám basqa da hújjetler oqıw-tárbiya máseleleriniń rawajlandırılıwına baǵdarlamalıq hújjet boladı. Sonday-aq, birinshi Prezidentimiz İ.A.Karimov tálim-tárbiya haqqında máselege dıqqat awdarıp: «Millet bar eken, milliy mámleket bar eken, onıń ǵárezsizligi hám erkinligine, dástúr hám úrip-ádetlerine iritki salatuǵın, óz tásirin ótkiziw, onıń ústinen húkimdarlıq etiw onıń baylıqlarınan óz mápi jolında paydalanıwǵa qaratılǵan umtılıw hám háreketler udayı qáwip-qáterlerge qarsı tiykarǵı qural sıpatında elimizde jasap atırǵan hár bir insan, aldı menen ónip ósip kiyatırǵan jańa áwladtıń hár tárepleme jetilisken, erki bekkem, iymanı pútin bolıp kemalǵa keliwi ushın keń

[1]Мирзиёев Ш. // Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтың экономикалық реформалар, халықтың жасаў шараяты менен танысыў мақсетинде 2017-жыл 20-21-январь күнги Қарақалпақстан Республикасына рәсмий сапары даўамында Нөкис қаласында өткерилген целектор мәжилисинде сөйлеген сөзи.

[2] Кадрларды таярлаўдың миллий бағдарламасы. "Қарақалпақстан", Нөкис, 2000.

[3] "Жас әўладтың үйлесип раўажланыўы - Өзбекстан прогрессиниң тийкары" Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң 9-сессиясында президент. И.Каримовтың сөйлеген сөзи. "Еркин Қарақалпақстан" газетасы. 1997-жыл, 3-сентябрь №106. (16925).

jámiyetshilik hám jurtshılıq ortasında ruwxıy bilimdanlıǵımızdı joqarı dárejege kóteriwdiń áhmiyeti oǵada ullı»[1] –dep atap kórsetken edi.

Prezidentimiz bilimlendiriw tarawları menen bir qatarda ádebiyat, mádeniyat, jurnalistika, kino, mádeniyatımızdıń basqa da tarawlarındaǵı jıllar boyı jıyılıp qalǵan mashqalalar hám olardı sheshiw jolları haqqında aytqanda, anıǵı Shavkat Miromanovichtiń bul tarawdı hámmeden kóre jaqsı biliwi bizdi hayran qaldırdı. Bul hám basqa da kemshilikler kórsetilip, bul kemtiklerdi toltırıw, dáwir qaharmanlarınıń obrazların tolıq jaratıw ushın dóretiwshilerdi mánawiy jaqtan hám qárejet penen qollap-quwatlaw maqsetinde bir qatar qolaylılıqlardıń shólkemlestiriliwi bir qatar jazıwshı-shayırlar qáwimin ruwhlandırdı.

Bul háreketler búgingi kúni Ózbekistanımızda ádebiyat, mádeniyat, mánawiyat, dóretiwshilik mámleket isiniń eń áhmiyetli buwınına aylanǵanınan derek beredi hám dóretiwshilerdi zaman ruwxına say jańa shıǵarmalar ústinde islewge shaqırdı.

Prezidentimizdiń ózi aytqanınday – «kitap oqıǵan insan hesh qashan kem bolmaydı. Ádebiyat hám kórkem ónerge, mádeniyatqa, kinoǵa, súwretshilik, muzıkaǵa Ózbekistandaǵıday itibar qońsı mámleketlerde joq ekenligin biz hár kúni kórip-bilip otırmız»[2]. Sonıń menen birge, bul itibar, jaratılıp atırǵan imkaniyatlar dóretiwshilerimizge de juwapkershilik júklep qoyǵanın yadtan shıǵarmawımız kerek.

Qaraqalpaq ádebiyatın dáwirlestirip oqıtıw máselesi, ulıwma oqıtıw metodikası qaraqalpaq ádebiyattanıw ilimi menen pedagogika ilimleriniń aktual máseleleriniń biri bolıp tabıladı. Mine, usı máseleler búgingi ilimniń nátiyjesinde úyreniliw, izertleniw jaǵdaylarına keletuǵın bolsaq, barmaq búgip sanarlıq miynetler bar ekenligin kóriwge boladı. Solay bolsa da qaraqalpaq ádebiyatın

---

[1] Миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарғы түсиник ҳәм принциплер. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 2001, 3-бет.

[2] Мирзиёев Ш. М.Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. Тошкент:- «Ўзбекистон», 2017. 201-бет.

oqıtıw metodikası boyınsha bir qansha qollanbalar baspadan jarıq kórdi[1]. Biraq, bul miynetlerde ádebiyattı dáwirlestirip oqıtıw máselesine dıqqat awdarılǵanı menen, búgingi kúnniń talabına juwap bermey atırǵanlıǵın kóriwge boladı. Sonıń ushın bul dissertaciyalıq jumısta qaraqalpaq ádebiyatın ulıwma bilim beriw mekteplerinde dáwirlestirip oqıtıw máseleleri, hár bir dáwir dóretiwshi tulǵası mısalında izertlendi hám ámeliy talqı islendi.

**Jumıstıń maqseti hám wazıypaları.** Qaraqalpaq ádebiyattanıw ilimi menen oqıtıw metodikasında ayrıqsha hám úlken áhmiyetke iye bolǵan aktual máselelerdiń biri ulıwma bilim beriw mekteplerinde ádebiyattı dáwirlestirip oqıtıw máselesin úyreniwdi maqset ettik. Bul aldımızǵa qoyǵan maqsetke erisiw ushın bir neshe wazıypalardı belgilep aldıq.

-Qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde bul máseleniń úyreniliw dárejesin anıqlaw;

-Ádebiyattı oqıtıw metodikası boyınsha islengen jumıslarǵa sholıw;

-Dáwirlestirip oqıtıw máselesin hár bir dáwir ádebiy tulǵaları dóretiwshiligi mısalında ilimiy jumıs alıp barıw;

Qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki dóretiwshiligin ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtıw usılları;

-Jiyen jıraw dóretiwshiligin ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtıw usılları;

-I.Yusupov dóretiwshiligin ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıtıw usılları.

**Izertlewdiń metodologiyası hám metodı.** Dissertaciyalıq jumısta házirgi dáwir milliy rawajlanıw ideologiyası metodologiyalıq tiykar sıpatında xızmet atqaradı. Sonday-aq Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziëevtıń bilimlendiriw máselesi, millet tariyxı onıń ótmishi, ruwxıy qádiriyatları haqqındaǵı miynetlerine de súyeniledi.

---

[1] Ахметов С., Пахратдинов А., Пирназаров А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, Қарақалпақстан 1998. Айжанов З., Аллашов П. Шығарма жумысын жазыўды үйрениў усыллары, "Билим". 1994. Пахратдинов А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, "Билим". 2004.

Izertlewdiń ilimiy teoriyalıq tayanıshı retinde N. Dawqaraev, T.Boboev, E. Xudayberdiev, S. Axmedov, Q. Járimbetov, Ó.Álewov, K.Allambergenov, A.Pazılovtıń pedagogika, ádebiyattı oqıtıw metodikası máselesine baylanıslı izertlewleri bul jumıs ushın teoriyalıq tayanısh hám metodikalıq tiykar bolıp xızmet atqaradı.

**Izertlewdiń ilimiy jańalıǵı.** Bul izertlew jumısında qaraqalpaq ádebiyatında ádebiyattı dáwirlestirip oqıtıw usılları, xalıqmızdıń neshe mıń jıllıq awızeki dóretpelerin, Jiyen jıraw dóretpelerin, I.Yusupov dóretpelerin ulıwma bilim beriw mekteplerinde ilimiy kózqarastan dáslepki ret arnawlı hám keń túrde talqılanǵan.

**Jumıstıń qurılısı.** Dissertaciya jumısı kirisiw hám juwmaqtan tısqarı úsh baptan ibarat, sońında jumıs jazıw barısında paydalanılǵan ádebiyatlardıń dizimi beriledi.

# I BAP. ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍN DÁWIRLESTIRIP OQÍTÍW MÁSELELERI

## 1.1.Qaraqalpaq ádebiyatın dáwirlestirip úyreniw máseleleri

Ádebiyat penen kórkem óner hámme waqıtta da xalıqtıń ruwxıy-mádeniy ómiriniń ajıralmas bir quram bólegi bolıp kelgenligi dáliyllewdi talap etpeytuǵın haqıyqatlıq ekenligi bárshemizge kópten málim. Kórkem ádebiyat tek búgingi ruwxıy ómirimizdiń ǵana bir bólegi bolıp qoymastan, xalqımızdıń ótmishi tariyxınıń kórkem sáwlesi de bolıp esaplanadı.

Mine, usınnan bolsa kerek, ádebiyattanıw ilimi payda bolǵan dáslepki jıllarınan berli óz izertlew obekti bolǵan kórkem ádebiyattı sol estetikalıq sistema payda bolǵan, qáliplesken, yamasa rawajlanıw jolların bastan keshirip atırǵan tariyxıy dáwir menen tıǵız baylanısta salıstırıp tipologiyalıq usılda úyrenip kelmekte. Bunı biz qaraqalpaq ádebiyattanıwı, sonıń ishinde ádebiyat tariyxı ilimindegi qaraqalpaq ádebiyatın dáwirlestirip úyreniw mashqalalarınıń ortaǵa qoyılıwı hám sheshiliwi mısallarınan da ayqın kóriwimizge boladı.

Ádebiyat tariyxın dáwirlestiriw máselecin qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde birinshi mártebe júyeli túrde ortaǵa qoyǵan hám óz izertlewlerin sol baǵdarda alıp barǵan alım Nájim Dáwqaraev boldı. Ol óziniń 40-jıllardıń aqırında jazǵan doktorlıq dissertaciyasınıń ekinshi, úshinshi bólimlerin XVIII ácirlerden XX ácirdiń 50-jıllarına deyingi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxın izertlewge baǵıshlap, onı tiykarınan tómendegidey eki úlken tariyxıy basqıshqa bólip qarastıradı:

1. Revolyuciyaǵa deyingi qaraqalpaq ádebiyatı;
2. Qaraqalpaq sovet ádebiyatı[1].

Ilimpaz revolyuciyaǵa deyingi qaraqalpaq ádebiyatın da óz ishinde dáwirlerge ajıratıp, onı:

1.XVIII ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı;

2.XIX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı;

[1]Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 3-Т.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. 14-45-бетлер.

3. XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı qaraqalpaq ádebiyatı, degen atamalar menen atap kórsetedi.

Al, XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxın bolsa sol ózi izertlegen 30 jıllıq dáwirdiń ádebiy-kórkem dóretiwshilik sheńberinen shıǵa otırıp, onı da óz ishinde tómende kórsetilgendey kishkene tariyxıy dáwirshelerge bólip bahalaydı:

1. Birinshi dáwir (1920-31-jıllar);
2. Ekinshi dáwir (1931-41-jıllar);
3. Úshinshi dáwir (1941-45-jıllar);
4. Besinshi dáwir (1945-49-jıllar)[1];

Ulıwma, N.Dáwqaraev bul miynetinde qaraqalpaqlarda XX ásirdiń 20-jıllarına, yaǵnıy Keńes húkimeti ornaǵanǵa deyin-aq jazba ádebiyat ómir súrgenligine XVIII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq ádebiyatınıń eń kórnekli wákilleri bolǵan Jiyen jıraw, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh hám basqa da shayırlar dóretiwshilikleri mısalında ilimiy-teoriyalıq tallawlar islep, dástiyarlı dálillep, ádebiyat tariyxın XVIII ásirdegi Jiyen jıraw dóretiwshiliginen baslaw kerek, degen anıq bir juwmaqqa keldi[2].

Biraq, ilimpaz bul juwmaǵınıń qatıp qalǵan qatań pikir emes ekenligin de eskertip, eger, materiallar jetkilikli bolsa, jazba ádebiyat tariyxın bunnan da ilgeri ásirlerden baslawǵa bolatuǵınlıǵın aytıp, qaraqalpaq ádebiyatınıń erte dáwiriniń baslamaları sıpatında noǵaylı dáwiri jıraw-shayırları miyrasına shama qıladı[3].

N.Dáwqaraev ilimiy-teoriyalıq jaqtan tiykarlap bergen bul dáwirlestiriw principiniń klassikalıq ádebiyat dáwiri qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde 50-jıllardıń aqırında dástúriy jolǵa aylanıp, 70-jıllarǵa shekem sol qálpinde bası buzılmay saqlanıp keldi. Dáwirlestiriwdiń N.Dáwqaraev baslap bergen «Qaraqalpaq sovet ádebiyatı» kórsetkishi bolsa 70-jıllarǵa kelip túpkilikli ózgerislerge ushırap, ol tiykarınan úlken bes tariyxıy basqıshqa bólistirilip úyrenile basladı. Bul bes basqıshlı dáwirlestiriw 80-jıllarǵa kelip «Urıstan keyingi

---

[1]Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 3-Т.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. 208-бет.
[2] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 3-Т.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. 6-бет.
[3]Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 3-Т.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979. 10-бет.

dáwirdegi qaraqalpaq sovet ádebiyatı» (1945-1956), «60-70-jıllardaǵı ádebiyat»[1], yamasa «Watandarlıq urıstan sońǵı dáwirdegi qaraqalpaq ádebiyatı», «Házirgi qaraqalpaq ádebiyatı»[2] degendey atamalarda terminlik ózgerislerge ushıraǵanı bolmasa, Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarına shekem ádebiyattı dáwirlestirip úyreniwdiń baslı kórsetkishi bolıp qaldı.

Durıs, 60-jıllardıń aqırlarına taman ádebiyattanıw iliminde ádebiyat tariyxın dáwirlestiriwdiń «Revolyuciyaǵa deyingi qaraqalpaq ádebiyatı» dáwiri kórsetkishine «Qaraqalpaq jazba ádebiyatı tariyxın qaysı dáwirlerden baslaw kerek» degendey sawallar qoyılıp, oǵan málim dárejede ózgerisler engiziwge bolǵan ilimiy umtılıslar payda bola basladı. Atap aytsaq, M.Nurmuhemedovtıń «Qaraqalpaq jazba ádebiyatınıń dórewi haqqında» («Ámiwdárya», 1968, №6), I.Saǵitovtıń «Ádebiyat tariyxın qaysı dáwirlerden baslaw kerek?» («Ámiwdárya», 1968, №11), K.Mámbetovtıń «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń ashılmay atırǵan betleri» («Ámiwdárya», 1969, №8) maqalaları usınday izleniwshilik nátiyjeleri sıpatında kelip shıqtı.

Záberdes ádebiyat tariyxshısı K.Mámbetov, mine, usı jıllardan baslap bul másele menen arnawlı túrde shuǵıllanıp 80-jıllardıń ortalarına shekem ádebiyatımızdıń erte dáwirlerdegi (XVIII ásirge deyingi) tariyxına baylanısla bir neshshe onlaǵan maqalalar, «Erte dáwirdegi qaraqalpaq ádebiyatı» (1976, 1992) sıyaqlı qatar qollanba hám monografiyalar jazdı. 1984-jılı bolsa XIV-XVIII ásirlerdegi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı máseleri boyınsha filologiya ilimleriniń doktorı ilimiy dárejesin alıw ushın dissertaciya jaqladı[3].

Mine, usı 70-jıllardan baslap N.Dáwqaraev «Revolyuciyaǵa deyingi qaraqalpaq ádebiyatı» dep ataǵan ádebiyat tariyxına «XIV-XVIII ásirlerdegi qaraqalpaq ádebiyatı» dáwirleri qosılıp, onı tutas alǵanda tómendegi tariyxıy dáwirlerge bólip úyreniw dástúrge aylanıp kiyatır:

1. Altın Orda-Noǵaylı dáwiriniń ádebiyatı (XIV-XV ásirler);

---

[1]Нурмухамедов М, Насруллаев А., Мәмбетниязов Т. ҳәм т.б. История каракалпакской советской литературы.-Ташкент: «Фан», 1981.434-бет

[2]Ахметов С., Камалов Қ., Нурымбетов Ж., Пахратдинов Ә. Қарақалпақ совет әдебияты. Университеттиң филология факультети талабалары ушын сабақлық.-Нөкис: «Қарақалпақстан»,1984.14-бет

[3]Мәмбетов К. Истоки становления и формиования каракалпакской литературы (XIV-XVIII вв). Автореферат.-Ташкент, 1984.

2. XVI-XVII ásirlerdegi qaraqalpaq ádebiyatı;
3. XVIII ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı;
4. XIX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı;
5. XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı qaraqalpaq ádebiyatı.[1]

Dáwirlestiriwdiń bunday tariyxıy-tipologiyalıq salıstırıp úyreniw usılın hám dáwirlestiriw kórsetkishi basqıshların tolıq qollap-quwatlaymız. Nege degende, búgingi Ǵárezsizlik dáwiri alǵa qoyǵan talaplar menen tariyxıy rawajlanıwdıń házirgi tiykarǵı basqıshları dı, házirgi ádebiyattanıw ilimi alǵa qoyıp otırǵan wazıypalar da usınday ózgerislerdi talap etedi.

Bunday unamlı izlenisler búgingi kúnde XX ásir qarakalpaq ádebiyatı tariyxın dáwirlestirip úyreniw máselelerinde de az da bolsa júz berip atır. Mısalı, Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarındaǵı ayırım miynetlerdi[2] aytpaǵanda, sońǵı dáwirlerde jarıq kórip atırǵan kópshilik sabaqlıqlar menen oqıw qollanbaları burınǵı dáwirlestiriw atamalarındaǵı «Qaraqalpaq sovet ádebiyatı», «Oktyabr socialistlik revolyuciyası jeńisi hám grajdanlar urısı dáwirindegi qaraqalpaq sovet ádebiyatı», «Socializmniń jeńisi dáwirindegi qaraqalpaq sovet ádebiyatı» degenge usaǵan eski ideologiyalıq-siyasiy atamalardan tazartılıp jazıldı. Usıǵan say dáwirlestiriwde de «20-40-jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatı», «60-80-jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatı», «Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatı»[3] degendey iri-iri 20-30 jıllıq dáwirlerge bólip kórsetiw kórsetkishleri orın aldı.

Degen menen, sońǵı waqıtları jarıq kórip atırǵan ayırım ádebiyat tariyxı ocherkleri menen sabaqlıq hám oqıw qollanbalarında dáwirlestiriwdiń Ǵárezsizlikke deyingi sol burınǵı halatına ele de bolsa zárúr ózgerislerdiń engizilmey atırǵanlıǵı bayqaladı. Mısalı, Ǵárezsizlik dáwiri jańadan qosılǵanı bolmasa, bul miynetlerdiń ayırımlarında[4] tutas ásirdiń bir ǵana iri tariyxıy

[1]Жапақов Н., Мәмбетов К., Султанов Қ., Кәримов А. Қарақалпақ әдебияты тарийхы. Университеттиң филология факультети талабалары ушын сабақлық. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1983339-342
[2]Ахметов С., Камалов Қ. Қарақалпақ әдебияты. XI класс оқыўшыларына арналған сабақлық.-Нөкис: «Билим»,1992. 4,7,11,14,15-бетлер.
[3] Жәримбетов Қ., Оразымбетов Ж. Қарақалпақ әдебияты. Кәсип-өнер колледжлери ушын сабақлық.-Нөкис: «Билим», 2006. 207-бет.
[4]Ахметов С., Камалов Қ х.т.б. Қарақалпақ әдебияты. Орта мектептиң XI класы ушын сабақлық.-Нөкис: «Билим»,1997. 218-бет.

waqıyası dáwirlestiriw de tiykarǵı ózek, sútin etip alınıp, ádebiy dáwirler tómendegidey bir neshshe basqıshlarǵa mázi ǵana bóline salınǵan:

1.Ullı watandarlıq urısqa shekemgi ádebiyat;

2.Ullı Watandarlıq urıs dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatı;

3.Ullı Watandarlıq urıstan keyingi qaraqalpaq ádebiyatı[1].

Al, ulıwma bilim beretuǵın orta mekteptiń 9-klass oqıwshılarına arnalǵan sabaqlıqtıń eń sońǵı basılıwında bolsa dáwirlestiriwdiń burınnan kiyatırǵan dástúriy kórsetkishine[2]«Ǵárezsizlik dáwirindegi ádebiyat» degen jańa dáwir ǵana qosılǵan.

Bunday nuqsanlardı saplastırıwda házirgi ózbek ádebiyat tanıwındaǵı ayırım ustaz alımlardıń dáwirlestiriw haqqındaǵı pikir, usınısların basshılıqqa alsa da bolar edi. Máselen, bakalavriat jónelisi talabaları ushın «XX ácir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı»n jazarda bul baǵdardaǵı sońǵı basılıp shıqqan «XX ásir ózbek ádebiyatı» sabaqlıǵındaǵı dáwirlestiriw principi nátiyjelerine súyengen edik. Bul sabaqlıqta ózbek ádebiyatı tariyxı tómendegidey ádebiy dáwirlerge ajıratılıp beriledi:

1.1900-1930-jıllardaǵı ózbek ádebiyatı;

2.40-50-jıllardaǵı ózbek ádebiyatı;

3.1960-1980-jıllardaǵı ózbek ádebiyatı;

4.90-jıllardaǵı ózbek ádebiyatı.[3]

Lekin, Ǵárezsilik dáwiriniń dáslepki on jıllıǵınıń aqırında jarıq kórgen «XX ácir ózbek ádebiyatı» tariyxında bolsa buǵan usamaǵan tómendegidey alternativ dáwirlestiriw kórsetkishiniń orın alǵanlıǵın da kóriwge boladı:

1.Ásir baslarındaǵı ózbek ádebiyatı (1905-1917);

2.20-jıllardaǵı ózbek ádebiyatı;

3.30-50-jıllardaǵı ózbek ádebiyatı

4.60-90-jıllar ózbek ádebiyatı[1].

---

[1] Ахметов С., Камалов Қ ҳ.т.б. Қарақалпақ әдебияты. Орта мектептиң XI класы ушын сабақлық.-Нөкис: «Билим»,1997

[2]Нурмухамедов М, Насруллаев А., Мәмбетниязов Т. ҳәм т.б. История каракалпакской советской литературы.-Ташкент: «Фан», 1981. 201-202-бетлер.

[3] Мирзаев С. XX аср ўзбек адабиёти.-Т: «Янги аср авлоди», 2005. 415-бет.

Bul orında ayrıqsha atap óterlik bir nárse – joqarıda kórsetilgen miynetlerdiń hesh qaysısında da dáwirlestiriw jámiyetlik-siyasiy dúzim yaki mámleketlik ideologiya atamaları menen atap kórsetilmegen, ápiwayı ǵana tariyxıy xronologiyalıq principke tiykarlanıp ádebiy dáwirler ádewir irilendirip berilgen.

Bunday unamlı ilimiy boljawlardıń sońǵı waqıtları jámiyetlik gumanitar pánler menen shuǵıllanıwshı qaraqalpaq alımları arasında da júz berip atırǵanlıǵı hesh kimge sır emes. Mısalı, bul orında ustaz alım, akademik J.Bazarbaev «XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxın úsh dáwirge bólip úyreniw lazım. Birinshi – Oktyabr tóńkerisine deyingi ádebiy miyraslar, ekinshi – Keńes húkimeti tusındaǵı ádebiyat, úshinshisi - Ǵárezsizlik dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatı»[2] degen pikirdi usınıs etedi. Biz de «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı»nıń kirispesinde XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxın shárti túrde: 1) Milliy oyanıw hám aǵartıwshılıq dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatı (1901-1916); 2) Keńes húkimeti dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatı (1917-1990); 3) Ǵárezsizliktiń dáslepki dáwirlerindegi qaraqalpaq ádebiyatı (1991-2000)[3] dep úlken úsh basqıshqa bólip dáwirlestiriwdi ortaǵa taslaǵan edik.

Lekin, bulayınsha dáwirlestiriwde de ádebiyattı siyasatlastırıw illetleriniń izleri kórinedi[4], degen oy menen biz bul úsh basqıshlıq dáwirlestiriwdi ámeliyatqa engiziwdi maqul kórmedik.

Ulıwma, dáwirlestiriw kórsetkishindegi usınday alaǵatlıqlar bul máselede ádebiyat izertlewshilerimizdiń ele de bolsa anıq bir toqtamǵa kele almay atırǵanlıǵın, sol sebepli de házirgi ádebiyattanıwda dáwirlestiriw kórsetkishi elege deyin turaqlı qubılıs bolıp qáliplespey atırǵanlıǵın kórsetedi.

Biziń oyımızsha, bul máselede ustaz alım J.Bazarbaevtıń usınısın basshılıqqa alsa bolatuǵın sıyaqlı. Usınday usınıslardı hám házirgi ómir súrip turǵan dáwirlestiriw kórsetkishleriniń unamlı tájiriybelerin esapqa alǵan halda biz

---

[1] Каримов Н., Мамажанов С., Назаров Б., Норматов У., Шарофиддинов О. XX аср ўзбек адабиёти тарихи.-Т.: «Ўқитувчи», 1999. 543-бет.
[2] Базарбаев Ж. Халықтың алтын ғәзийнеси. / «Қарақалпақ әдебияты», 2011, №11,12.
[3] Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенов М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Жоқарғы оқыў орынлары талабалары ушын сабақлық.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. 10-бет.
[4] Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенов М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Жоқарғы оқыў орынлары талабалары ушын сабақлық.-Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011. 10-бет.

de XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı tariyxın tómendegidey basqıshlarǵa bólip úyreniw maqsetke muwapıq keledi degimiz keledi:

1) Ásir basındaǵı qaraqalpaq ádebiyatı (ásir basınan 1917-jıllarǵa deyin);

2) Keńes húkimdarlıǵı dáwirindegi qaraqalpaq ádebiyatı (1917-1990-j.j.);

3) Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarındaǵı qaraqalpaq ádebiyatı (1991-2000-j.j.).

Biraq, bul dáwirlestiriwdiń «Keńes húkimdarlıǵı dáwirin» óz ishinde ayırım-ayırım dáwirlerge bólip úyreniw de oqıtıwdıń metodikalıq principlerine qayshı kelmeydi.

Bul máseleniń bir tárepi. Ekinshiden, ádebiyat tariyxınıń Ǵárezsizlik dáwiri tariyxın qaysı jıllardan, kimnen baslaw kerek, degen sawal da anıǵıraq juwaptı talap etetuǵın másele. Bul orında professor Q.Járimbetovtıń «Álbette, 1991-jıldıń 1-sentyabr kúni Ǵárezsizlik dáwiri ádebiyatınıń tuwılǵan kúni emes. Sebebi, jańa ideyalar bir kúnde tuwılıp, bir jılda qáliplesip bolmaydı, olar jıllar dawamında qáliplesedi»[1] degen pikirin inabatqa alǵan maqul.

Qarakalpaq ádebiyatınıń XX ásirge deyingi tariyxın dáwirlestiriwde de usınday oylasıp kórerlik máseleler kún tártibinde kóldeneń turǵan áhmiyetli máselelerdiń biri. Sebebi, Ǵárezsizliktiń sharapatı menen milliy tariyxımızdı tanıwǵa bolǵan kóz-qaras ta ózgerdi.

Usı kóz-qarastan biziń tariyxshılarımız xalqımız tariyxın X ásirden baslaw zárúrligi haqkındaǵı boljawların jańa XXI ásir basında-aq ilimiy haqıyqatlıqqa aylandırdı. Bul, demek, biziń ádebiyattanıw ilimimiz de bunday mashkalalardan shette tura almaydı degen sóz. Nege degende, xalıq tariyxı baslanǵan jerden onıń ádebiyat tariyxı da baslanadı. Bul, demek, ádebiyat tariyxınıń erte dáwirlerin X-XIV ásirlerden baslap dáwirlestiriw de kún tártibinde turǵan arnawlı mashqala degen sóz. Sebebi, bul ásirlerde qaraqalpaq topıraǵında ilim pán menen bir qatarda mádeniyat, jazba ádebiyat hám kórkem óner de óz rawajlanıwınıń biyik shoqqısında bolǵan.

---

[1] Жәримбетов Қ., Мәтиякупова Г. Отлы жүректен сөз . Сәўбет. («Қарақалпақ әдебияты», 2011-жыл, №11-12 (11-12).

Durıs, bul tarawlarda ájayıp qaharmanlıqlar islegen ullı allamalardı tek bir ǵana millet ádebiyatı, mádeniyatı hám iliminiń wákilleri dep menshiklew qıyın. Bul qomusiy alımlar ózleri jasap turǵan dáwirlerinde-aq bir xalıq, millet wákilleri sıpatındaǵı milliy qabıqlarınan shıǵıp, pútkil túkiy xalıqlardıń, qala berdi dúnya ruwxıy áleminiń jarıq juldızlarına aylanǵan.

Degen menen, olardıń birinshi gezekte qaraqalpaq topıraǵınıń perzentleri, biziń erte dáwirdegi jazba ádebiyatımızdıń saǵalarında turatuǵın qomusiy ullı allamalar, kórnekli kórkem sóz zergerleri dep bahalawǵa ilimiy tiykarlar tolıq jetkilikli.

Atap aytsaq, X ásirdiń ullı enciklopedist alımı, Abiw Rayxan Al-Beruniy 973-jılı Qıyat (házirgi Beruniy) qalasında tuwılsa, XI-XII ácirlerdegi túrkiy hám arab-islam dúnyasında «qudaydıń qońsısı» atalǵan ullı allama Abulqasım Maxmud az Zamaxshariy 1075-jılı házirgi Taqıyatash qalasınıń qubla aldındaǵı awıllardıń birinde tuwılıp kámalǵa kelgen. Al XII ásirdegi tasawwıp iliminiń kórnekli wákilleriniń biri Sulayman Baqırǵaniy bolsa Qońıratqa jaqın jerdegi Baqırǵan awılında tuwılǵan. Óziniń «Payǵambar qıssası» shıǵarması menen qaraqalpaq topıraǵında dáslepki avtorlıq prozaǵa tiykar salǵan Rabǵuziy de (Burqan ulı Nosiriddin de XIII ásirdiń 20-jıllarında Aqmańǵıt elatı aymaǵındaǵı Rabatoǵuz degen qalada (házirgi Tók qalada) tuwılıp, dóretiwshilik miynet etken. XIV ásir mádeniyat tariyxına keletuǵın bolsaq, usı ásirdegi belgili tariyxshı, huqıqtanıwshı hám filosof alım Maxmud bin Ali Shayiq Al Kerderiy qaraqalpaqlardıń erte dáwirlerdegi mámleket orayı esaplanǵan Kerder qalasında (házirgi Aqmańǵıt rayonı Kerder fermer xojalıǵı) aymaqlarında dúnyaǵa kelse, al belgili «Muhabbatnama» dástanınıń avtorı bolǵan Xorezmiy Qıyat (Beruniy) qalasında tuwılgan biziń ullı jerleslerimiz bolıp tabıladı.

Usınday pikirlerdi XII ásirdegi túrkiy dúnyanıń kórnekli sóz sheberleri Xoja Axmed Yassawiy, Axmed Yugnakiy haqqında da aytsa boladı. Nege degende, tasawıp aǵımındaǵı túrk ádebiyatınıń tiykarın salıwshılardıń biri, kórnekli shayır Xoja Axmed Yassawiy XI ásirde qaraqalpaqlardıń eski qalalarınıń biri Sayramda tuwılıp, 1166-jılı gúlli qaraqalpaqlardıń, ásirese Sırdárya qaraqalpaqlarınıń ata jurtı

esaplanatuǵın Túrkstanda qaytıs bolsa, túrkiy dúnyadaǵı eń kórkem filosofiyalıq-didaktikalıq dástanlardıń biri «Haqıyqatlar sıylıǵı» avtorı Axmed Yugnakiy de usı Túrkstandaǵı Yugnak degen qaraqalpaq awılında dúnyaǵa keledi.

Eń baslısı bulardıń kópshiliginiń (Suleyman Baqırǵaniy, Rabǵuziy, Yassawiy, Yugnakiy, Xorezmiylerdiń) turkiy dúnyadaǵı kórnekli kórkem sóz sheberleri ekenligine daw joq. Al, ullı qamusiy alımlar esaplanǵan Beruniy, Zamaxshariy, Kerderiylerge keletugın bolsaq, olar da kórkem sóz áleminiń belgili wákilleri bolǵan. Mısalı, Beruniy «Muxtar-ul-ashar» tańlamalı qosıqlar toplamınıń atvorı bolıw menen qatar dúnyalıq ádebiyatta kórkem sóz úlgisi esaplanatuǵın «Ótmishtegi babalardan qalǵan estelikler» miyneti menen xalıq prozasınıń jıynawshısı da, dóretiwshisi de esaplanǵan. Zamaxshariy de kóp kórkem filosofiyalıq  traktatlar, qosıqlar, dástanlar jazǵan kórkem sóz sheberi esaplanadı. «Sóz tiykarları», «Ádebiyattanıwǵa kirispe» miynetleri bolsa onı túrkiy islam dúnyasındaǵı birinshi ádebiyat-teoretigi sıpatında da dálillep turadı. Kerderiydiń 1357-jılı jazılǵan «Naxsh-al-Faradis» («Beyishtiń ashıq jolı) kitabı tek ilimiy miynet bolıp qoymastan, usı dáwirlerdegi jazba ádebiyat úlgileri de bolıp tabıladı. Bul shıǵarmada da qaraqalpaq xalqınıń mánawiyatına, ruwxıyatına jaqın keletugın bir qansha ertekler, ańızlar, ráwiyatlar orın alǵan.

Bul derekler, birinshiden, qaraqalpaq aymaǵınıń áyyemgi Xorezm civilizaciyası oshaǵınıń ajıralmas bir bólegi bolǵanlıǵın kórsetse, ekinshiden, bul mádeniyattıń rawajlanıwına qaraqalpaq xalqınıń salmaqlı úles qosqanlıǵın da dáliylleydi.

Bul tariyxıy-ilimiy, ádebiy-kórkem dereklerge tiykarlana otırıp biz de qaraqalpaq jazba ádebiyatı tariyxın X-XIV ásirlerden baslawǵa tolıq boladı, degen pikirdi usınıs etkimiz keledi. Bul bolsa óz gezeginde qaraqalpaq ádebiyatınıń erte dáwirlerine «X-XIV ásirlerdegi qaraqalpaq ádebiyatı» degen jańa betlerdi ashatuǵını sózsiz.

Ulıwma, joqarıdaǵı pikirlerimizdi juwmaqlastıra otırıp, qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń erte dáwirlerinen baslap búgingi kúnine shekem  názer awdaratuǵın

bolsaq, onı tutas alǵanda tómendegidey ádebiy dáwirlerge bólip úyreniw maqsetke muwapıq keledi:

1. X-XIV ásirlerdegi qaraqalpaq ádebiyatı;
2. XV-XVII ásirlerdegi qaraqalpaq ádebiyatı;
3. XVIII ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı;
4. XIX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı;
5. XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń basındaǵı qaraqalpaq ádebiyatı;
6. XX ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı;
7. XXI ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı.

## 1.2 Ulıwma bilim beriw mekteplerinde folkorlıq shiǵarmalardıń janrlıq túrlerin úyreniw metodikası

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasında folkorlıq dóretpelerdi úyreniw eń juwapkershilikli metodikalıq máselelerden esaplanadi. Sol siyaqlı mektep oqıwshılarınalerde folklorlıq dóretpelerdi janrlıq qásiyeti boyınsha oqıwshılarǵa úyretiw, olardıń ilimiy teoriyalıq túsiniklerin rawajlandıradı. Awizeki xalıq dóretpelerin izbe – iz úyreniwge, hár bir janrdıń mazmunın, suyjetin, ózgesheliklerin tiyanaqlı túsinip baradı. Qaraqalpaq folklorın izertlewshi alımlar N. Dáwqaraev, Q. Ayımbetov, Q.Maqsetovler tárepinen awız eki dóretpelerdi túrlerge ajıratıp ketedi. Belgili alım N. Dáwqaraev qaraqalpaq xalıq dóretpelerin eki janrǵa lirikalıq hám epikalıq janrlarǵa bóledi. Lirikalıq janrǵa qosıqlardan jaydarı qosıqlardi, aytıs hám juwaptı, diniy folklordı kirgizedi, dástúr jırlarınan háyyiw yamasa besik jırın, toy dástúrleri qosıqlarınan (sıńsıw, betashar, háwjar) kirgizedi.[1]

Mektep oqıwshılarına sabaq barısında awızeki dóretpelerin janrlarǵa bóliw máselelerin aytıp ótiw zárúrli. Jas áwladti mártlikke, batırlıqqa,

[1] Давкараев Н. Очерки по историй дореволюционной каракалпакской литературы. Ташкент. 1959. стр. 16-75.

watandi súyiw hám adamgershilik sezimlerge tárbiyalawda naqıl – maqal, jumbaq, qosıq, ertek hám dástanlardıń áhmiyeti júdá úlken. Sonlıqtan baǵdarlamadaǵı berilgen awızeki dóretpelerdi oqıtıw hám úyretiw ilimiy teoriyalalıq izertlew jumislarınıń mazmunına tiykarlanıwı lazım. Baǵdarlamada kórsetilgen «Awizeki xalıq dóretpeleri haqqında túsinik» temasın oqıwshılarǵa úyretiw ushın eń dáslep qaraqalpaq folklorınıń jıynalıwı, izertleniwi, olardi túrlerge ajıratıw máseleleri haqqında aytıp ótiw lazım. Belgili ilimpazlar N. Dáwqaraevtıń «Revolyuciyasina shekemgi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıńocherkleri» (1977), Q. Ayımbetov «Qaraqalpaq folklorı» (1977), «Xalıq danalıǵı» (1988), K. Mámbetovtiń «Folklor hám ádebiyat» (1978), Q. Maqsetov, Á. Tájimuratovlardiń «Qaraqalpaq folklori» sabaqlıǵı (1979), Á. Qojıqbaevtıń «Tariyxıy qosıqlar» (1980), Q. Mámbetnazarov «Qaraqalpaq ertekleri haqqında» (1981), T. Niyetullaevtiń «Qaraqalpaq naqıl – maqalları» (1982), I. Saǵıytovtiń «Ádebiyat hám folklor» (1983), A. Alımovtiń «Qaraqalpaq liro – epikalıq dastanları» (1983), Q. Maqsetovtiń «Qaraqalpaq jıraw – baqsılari» kitapları baspadan shıqtı. Bul ilimiy izertlew jumısları arqalı mektep oqıwshılarına folklor boyınsha kóp – ǵana ilimiy izertlew jumıslardıń bolǵanlıǵın túsindirip, sol arqalı olarǵa kóbirek ilimiy maǵlıwmatlar beriledi. Oqıwshılarǵa qaraqalpaq folkloriniń túrlerge ajıratılǵanı haqqında ilimiy maǵlıwmatlar beriw júdá paydalı. Sebebi olardıń awızeki xalıq dóretpeleriniń janrlıq jaqtan bóliniw máselelerine túsinigi tereńlesip baradi.

Qaraqalpaq folklorın túrlerge bóliwge arnalǵan maqalasında Q.Ayımbetov penen O. Kojurov janrlarǵa bólmesten burın dástanlarǵa sıpatlama berip, keyin tómendegi janrlardı atap ótedi.

1. Ertek (folklordıń ertedegi túri); Naqıl (usınıń ishinde jırawlardıń termesi de bar); 3. Jumbaq; 4. Jańıltpash; 5. Juwap; 6.ótirik óleń; 7. Bet ashar; 8. Joqlaw; 9. Tolǵaw; 10. Bádik, Gúlápsan, 11. Jaydari qosıqlar;

12.Yaramazan; 13. Dástanlar:[1]. Bunnan basqa Q. Ayımbetov «Qaraqalpaq folklorı» miynetinde: «Turmıs, salt dástúr jırları; 2. Ertekler; 3. Naqıl – maqallar; 4. Aytıslar; 5. Tariyxıy jırlar.»,- dep folklordıń usı túrlerine toqtap ótedi.[2] oqıwshılarǵa bul maǵlıwmatlar tuwralı aytıp ótiliw lazım. Olardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵı artıp baradı.

N. A. Baskakov tárepinen qaraqalpaq folklorınıń mazmunı hám janrları boyınsha aytqan pikirlerinde keltirip ótiw lazım. Oniń pikirinshe: «1.Aytımlar hám qosıqlar. 2. Xalıq dóretpeleriniń turmısqa baylanıslı janrlarına: 1. Balalar qosıqları; 2. Qız – kelinshekler qosıqları; 3. Toy qosıqları; 4.Ólimge baylanıslı qosıqlar; 5. Qosıqlar; 6. Ertekler; 7. Báyit; 8. Xalıq dóretpeleriniń mayda formaları;

II. Tariyxıy epikalıq janr. (tariyxıy qosıqlar, ańızlar, tolǵaw – tariyxıy jırlar, qaharmanlıq epos, dástan, jır) – dep bóliwdi maqul kórgen. Alımnıń bul pikirlerin Q. Maqsetovtiń folklordı janrlarǵa ajıratıw koncepciyası salıstırılıp kórsetiliw kerek. Folklordi 60 – 90 – jıllarda jankúyerlik penen izertlegen alım Q. Maqsetovtiń awızeki xalıq dóretpelerin janrlarǵa bóliw kózqarasın keltirip óteyik: Poeziya hám proza tarawların mayda janrlarǵa bóliwdi ańsatlastırıw maqsetinde olardı lirikalıq hám epikalıq janr dep ekige bólip alıp, olarǵa tán bolǵan janrlardı kirgizedi.

I. Lirikalıq janrǵa: 1)Qosıqlar; 2) Aytımlar; 3. Aytıs; 4. Naqıl hám maqallar; 5. Jumbaqlar; 6. Jańıltpashlar.

II Epikalıq janrǵa: 1. Dástanlar; 2. Ertekler; 3. Tolǵawlar; 4. Ańizlar: 5. Rawayatlar; 6. Ápsanalar; 7. Anektodlar. 8. Sheshenlik sózler; »[3] - dep bólip kórsetedi.

Mektep oqıwshıları qaraqalpaq folklorınıń janrlıq bóliniwleri tuwralı keń túsinik alǵannan keyin, hár bir janrdıń mazmunın, ózgesheliklerin sabaq barısında úyrenip baradı. Ádebiyat baǵdarlamasında xalqınıń

---

[1]Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўыз еки дөретпелери. Нөкис.1996. 64-бет. (Қ. Айымбетов,О. Кожуров. «Қарақалпақ әдебиятының түрлери» мақаласы туўралы мағлыўмат усы китаптан алынды. )
[2]Айымбетов Қ. Қарақалпақ фолклоры. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1977.
[3]Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1996. 70-бет.

qaraqalpaq xalıq qosıqların úyreniw ushın eki saat ajıratılǵan. Oqıwshılarǵa qosıqlardıń mazmunı, tematikası hám janrları keńnen úyretilip barıladı. Bunda salt-dástúr jırları, tariyxıy qosıqlardı folkloristika ilimi tiykarında oqıtıw hám úyreniw olarda úlken qızıǵıwshılıq payda etedi. Óytkeni salt-dásturleri qaraqalpaq xalqınıń mıń-mıń ásirleri boyinsha úrip – ádetine, salt – sanasına, turmıstaǵı quwanısh hám qayǵısına xızmet etken. Xalıq óziniń saltına hám dástúrlerine baylanıslı bárhá qosıq dóretip otırǵan. Onı hár qanday dáwir de jır etip aytılǵan, óz dástúrleri boyınsha tálim tárbiyasın, úrip – ádetin saqlaǵan. Sol arqalı ruwxıy jaqtan lázzet – ádetin saqlaǵan. Salt – dástúr jırları qısqa qosıqlardan ibarat bolıp keledi. Bunda syujetli waqıyalar sóz etiledi. Ol arnawlı anaw ya mınaw salt penen dástúrdiń shártin orınlaw ushın aytıladı. Salt jırları barlıq xalıqlarda da bar. Ol hár bir jeke adamnıń ómir tirishliginde, turmısında tutas xalıqtıń qarım – qatnasında xızmet atqaradı. Oqıwshılarǵa salt dástúr jırlarınıń tómendegi sorawlar hám tapsırmalardı beriw arqalı olardıń bilim kónikpeleri tereńlestirilip barıladı:

- Salt dástúrdiń izertleniwi haqqında maǵlıwmat beriń.
- Salt dástúr jırlarınıń bóliniw usılların túsindiriń.
- Toy baslaw haqqında túsinik beriń.
- Háwjar, sıńsıw, bet ashar, besik jırlarınıń ózgesheliklerin túsindiriń.

Oqıwshılarǵa tariyxıy qosıqlardı úyretiw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Bul máseleni oqıwshılarǵa túsindiriw barısında, gúrińlesiw, soraw – juwap metodlarınan paydalanıp tariyxıy qosıqlardıń mazmunı hám áhmiyeti aytip ótiledi. Tariyxıy qosıqlardıń mazmunında xalıqtıń basınan ótkergen belgili tariyxıy waqıyaları, tariyxıy adamlar, batırlar, tariyxıy orınlar, qalalar haqqında sóz etiledi. Qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy qosıqları tematikası boyınsha qaraqalpaq xalqınıń rawajlanıw basqıshlarınıń derlik kópshilik dáwirlerin tutas óz ishine aladı. Atap aytqanda buǵan xalqımızdıń noǵaylar dáwirindegi watanınan kóshiw, posıw haqqındaǵı «Ormanbet biy ólgende» tolǵaw – tariyxıy jırın,

xalqımızdıń bunnan sońǵı táǵdiri, ómirinde bolıp ótken waqıyalar súwretlenetuǵın *«Qaraqalpaq», «Baysınǵa», «Jeti úyge bir beldar», «Qońırat legendası», «Marqabay batır»,* sıyaqlı tariyxıy qosıqlardı hám jırlardı mektep oqıwshılarına monografiyalıq lekciya usılında túsindiriledi. Baǵdarlamada aytımlardi úyreniw ushın 1 saat ajıratılǵan. Muǵallim bul temanı túsindiriw ushın aqılıy hújim, gúrińlesiw, klaster metodlarınan paydalanıwı múmkin. Oqıwshılarǵa aytımnıń teoriyalıq qaǵıydaları, basqa janrdan ózgesheligi, mazmunı, qollanılıw órisi, payda bolıw tariyxı, zárúrli mısallar menen birge túsindiriledi.

Oqıwshılar aldına bir neshe sorawlar beriliwi múmkin.

a) Aytım degen ne? Mısallar keltiriń.

b) Aytımnıń dástanlardan ózgesheligi nede?

v) Aytımnıń qanday túrleri bar?

d) Aytım haqqında izertlew jumısları bar ma? Usıǵan sorawlar ortaǵa taslanadi. Baǵdarlamada naqıl – maqallardı úyreniw ushın 1 saat ajıratılǵan. oqıwshılarǵa dáslep naqıl – maqaldıń jumbaqlardan, jańıltpashlardan ayırmashlıǵı keńnen túsindiriledi. Bul tema Q. Ayımbetov[1], Q. Maqsetov[2], T. Niyetullaev[3]lardıń ilimiy miynetlerinen tıykarlanıp monografiyalıq lekciya usılında ótiledi. T. Niyetullaevtıń «Qaraqalpaq naqılları» monografiyasında naqıl – maqallarǵa keń tallaw jasalǵan. Qaraqalpaq naqıl – maqallarınıń kórkemlik ózgesheligi, olardıń qurılısı, uyqaslıqları, kórkem súwretlew quralları, tili haqqında bahalı pikirler bildirilgen. Naqıl – maqallar awızeki xalıq dóretpeleriniń bir túri. ol óziniń basınan uzaq tariyxiy dáwirlerdi ótkerip, atadan balaǵa, awızdan awızǵa ótip, xalıqtıń milliy baylıǵı bolıp, saqlanıp kelingenligi aytıladı. «Ekende joq, tikkende joq qırmanda tayar» degen naqıldıń qay dáwirde, kimler tárepinen dóretilgeni bilinip tur. Oqıwshılarǵa sol dáwirdiń tariyxı haqqında qısqasha túsinik berilse de boladı. Sonıń menen birge naqıllardıń doslıq,

[1] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.
[2] Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўыз еки дөретпелери. Нөкис, 1996.
[3] Нийетуллаев Т. Қарақалпақ нақыл- мақаллары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1982.

birlik, watan haqqında, miynet yetiw, ádillik hám haqıyqatlıq, xalıqtıń sóz baylıǵı, tazalıq - den – sawlıq, tábiyat qubılısları, jıl máwsimleri, diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq, ańshılıq, xanlar, dinge baylanıslı, oqıw – ilimge baylanıslı túrleri bar ekenligi aytıladı, bul túrlerge mısallar keltirip ótiledi. Oqıwshılardıń túsinigin bekemlew maqsetinde bir neshe sorawlar berilse maqsetke muwapıq.

1. Naqıl – maqallardıń jumbaqlardan, jańıltpashlardan ózgesheligi qanday?

2. Naqıl – maqallardıń izertleniw tariyxı tuwralı aytıp beriń.

3. Naqıllar tematikalıq jaqtan qanday túrlerge bólinedi?

Berilgen sorawlar boyınsha oqıwshılardan juwap alınadi.

Mektep oqıwshılarınadiń ádebiyat baǵdarlamasında jumbaqlardi hám jańiltpashlardi úyreniw ushın 1 saat ajıratılǵan. Oqıwshılarǵa jumbaq hám baspadan basıp shıǵarıw máseleleri boyınsha ilimiy teoriyalıq miynetlerge tiykarlanıp maǵlıwmat beriledi. Jumbaqlar jas áwladqa bilim hám tárbiya beriwde áhmiyetli orın iyeleydi. Jumbaqlardı oqıtıwda tómendegidey jumıs túrleri isletiliwi tiyis.

1. Jumbaqlardıń tematikası, jıynalıwı tuwralı keń túsinik berıw.

2. Jumbaqlardıń tematikası, tárbiyalıq áhmiyeti tuwralı aytıp ótiw lazım.

3. Jumbaqlardı bekkemlew sabaǵında jumbaqtıń sheshiliw múmkinshiligi bolǵansha oqıwshılardıń ózleri tabıwı ushın jaǵday jasaw kerek.

4. Jumbaqlardı oqıtıwda súwretlerden paydalanıw jaqsı nátiyje beredi.

5. Jumbaqtaǵı kórkem sózlerdi oqıtıp úyretiw arqalı olarǵa estetikalıq tárbiya beriw kerek.

Ayrıqsha aytıp ketetuǵin másele jumbaqlardıń kimler tárepinen dóretiletuǵini, olardıń qalay saqlanıp kelgenligi aytıladi. Muǵallim tárepinen bir neshe jumbaqlar oqılıp yamasa yadtan aytılıp, olardıń sheshliwin oqıwshılardıń qatnası menen birlikte orınlaw paydalı. Ayırım

oqıwshılar juwabın durıs sheshe almaw, basqa bir uqsas sheshimin tabıwı múmkin. Ol oqıwshıǵa uqsaslıq tárepinen sóyletip, onnan keyin dál keletuǵın sheshimin taptırıw kerek. Jańıltpashlardı oqıtıwda onıń izertlew tariyxın, tárbiyalıq áhmiyetin, jazba túrde beriletuǵın jańıltpashlardıń ayırmashılıqların úyretiw lazım.

Erteklerdi oqıtıw baslawısh klasslardan baslanadı. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde erteklerdi aralas, birlesken, konferenciya sabaqları menen oqıtıwǵa boladı. Mektep oqıwshıları da ertekler monografiyalıq lekciya usılında oqıtıladı. Sonlıqtan erteklerdiń izertleniwi, jıynalıwı, basıp shıǵarılıwı sıyaqlı máseleler keńirek aytıladı. Mektep oqıwshılarına erteklerdiń izertleniwi tuwralı keń túsinik berilip, Q. Ayımbetov, Q.Mámbetnazarov, Q. Maqsetov sıyaqlı alımlardıń miynetleri paydalanıp, ondaǵı teoriyalıq pikirler basshılıqqa alınadı. Jaslar tárbiyasınıń hár tárepleme jetilisiwinde xalıq óziniń tálim – tárbiyalıq oyları menen árman hám tilekleriniń awız ádebiyatınıń ertek janrı arqalı da júzege asırıp otırǵan. Ertek jas áwladtı tárbiyalawda áhmiyetli pedagogikalıq qural bolıp esaplanadı. Erteklerde jaslardıń dúnyaǵa kózqarasları, isenimleri, qıyalları menen oyları qullası insan ómirinde ushırasatuǵın hádiyseler sáwlelenip otıradı. Oqıwshılarǵa xalıq erteklerinde sol dáwirde jasaǵan ulıwma xalıqtıń ózin qorshaǵan tábiyat qubılısların tanıwı menen birge, ómirdegi qıyınshılıq penen gúreslerdi sáwlendire bilgenligi túsindirip ótiledi. Sonday – aq erteklerde xalıqtıń qorqınıshlı dushpanları kim hám onnan ózlerin qorǵaw tilekleri súwretlenedi. Onda tolıp atırǵan miynetkesh adamlardıń tirishilik ushın gúresleri, aqıllı menen aqılsızlıq, bay menen jarlı arasındaǵı qarama – qarsılar sóz etiledi. Bulardan basqa erteklerdiń tematikası hám mazmunın keńligi, jaslarǵa tálim – tárbiya beriw imkaniyatları jaǵinan oǵada bay ekenligi aytıladi. Onda hár qanday xalıqtıń qıyalınan tuwǵan jaqsı arzıw – ármanlar, kórkem quralları, obrazlı súwretlewler ornı alǵanligı, olardıń ishinde áyyemgi waqıyalardan tap házirgi kúnge shekem kelip jetken ótken hádiyselerdi súwretleytuǵın dóretpeler ushırasatuǵınlıgı, bunday ertekler

ózleriniń dóregen dáwirindegi suyjetlik mazmunı az da bolsa saqlap, awızdan – awızǵa kóship xalıq tárepinen jetilistirlip bara beretuǵinliǵı tuwralı keń túsinikler beriledi. Sonıń menen birge erteklerden bir zamanlardaǵı xalqımızdıń siyasiy ekonomikalıq turmısına, psixologiyasına duniya tanıw kózqaraslarına baylanıslı maǵlıwmat alıwǵa boladı.

Mektep oqıwshılarına erteklerdiń janrlıq jaqtan bóliniw túrleri tuwralı da tusinik beredi. Máselen, jaslardıń qızıǵıp tıńlawına miyasar waqıyanı shiylenistirip, qızıqlı etip aytılatuǵın erteklerdiń bir túri qıyalıy ertekler. Bul erteklerdiń mazmunında áyyemgi zamanlardaǵı xalıqtıń perzentli bolıwı, quwanıwı, dástúrlerin eske túsirip, olardıń tálim – tárbiyasın sóz etedi. Sonlıqtan adamlar tábiyattiń jasırın sırlarına tolıq túsinbegen. Tábiyat qúdiretinen qorqıp jasaǵan. Olar haywanat dúniyasında yamasa tábiyattaǵı qubılıslarda qandayda bir «karamatlı kúsh bar» degen túsinikte bolıp, hár qıylı isenimler payda bolǵan. Biraq adamlar dunyaǵa hám tábiyatqa óz kózqarasların, óz boljawların toqtatpaǵan. Adamlar taw, toǵay, suw, teńiz okeyanlar, olardıń ishinde ne bar? Arjaǵında qanday xalıq jasaydı. Sol jaqqa barsam edi, solar haqqında bilsem edi, degen arzıw – ármanda jasaǵan. Kem – kem adamzat ármanı qiyalıy erteklerde tolıq sáwlelenip, qıyaldıń haqıyqatlıqqa aylanıwına járdemlesken jas áwladqa qıyalshıl, ármanshıl bolıwdı úyretken. Qıyalıy erteklerde adamlar jaqsılıq, baxıtlı ómirdi árman etiw menen jasaydı. Onda jámiyetlik tártip durıs bolsa eken, bárhá molshılıq, abadanshılıq, paraxatshılıq bolsa eken dep tileydi.

Oqıwshılarǵa bul maǵlıwmatlardı aytıp ótiw lazım. Yerteklerden bir neshe mısallar keltirip, olardıń mazmunın túsindirip beriwde paydalı metodikalıq máselelerden esaplanadı.

«Qıran» erteginiń mazmunı, suyjeti, obrazların túsindirip ótiw paydalı. Dáslep oqıwshılarǵa ertektiń suyjeti sóylep beriledi. Qıran – márt, bahadır jigit. Ol adamzattıń mápi ushın, qayǵıdan qutqarıw ushın, joǵın tawıp berip, jılaǵandı jubatıw ushın jan tánin ayamay góresedi. Jerdiń astı, ústi, suwdıń ishi, aspan oǵan báribir. Adamzat mápin orınlaw ushın

aspan álemine qanat baylap ushadı. Kerek waqtında jerdiń astına túsip ketedi. Qullası ol adamzat qıranı. Bir kúni jálladlar patshanıń buyrıǵı boyınsha Qırandı tutıp aladı. Patsha onı ólim jazasına buyıradı. Onıń sebebi, patshanı ol tıńlamaǵan. Jálladlarǵa ol ilaj ete almay ayaq qolın baylap, óltiriliwge alıp baratırǵan Qırandı patshanıń balası kórip qalıp, oǵan rehimi keldi. Qırandı ol ólimnen aralasıp aman alıp qaladı. Sonıń ushın oǵan Qıran dos boladı. óziniń úsh shashın julıp alıp beredi. «Ózińe qanday bir qáwip tuwsa, shashtıń ushın otqa kúydir, men saǵan hámme waqıt járdemge tayın bolaman» dep kózden ǵayıp boladı. Patshanıń balası adamlardıń dushpanı dáwler menen urısta aspanǵa ushıp, jerge túsip, Qırannıń járdemi arqalı jeńiske erisedi. Óziniń súygenine de kóp mashaqatlar menen Qırannıń járdeminde qosıladı, sonday – aq mástan kempirdiń hiyleleriniń de Qırannıń doslıq járdem sebepli qutıladı. «Qıran» ertegindegi Qıran obrazı xalıqtıń tilegi. Sonday jawızlıqlardan qara niyetli kúshlerden jámiyetshilikti qutqaratuǵın Qıran sıyaqlı bahadır adamlar bolsa eken, degen arzıw-árman, qıyaldan dóregen xalıq ideyalı. Bunı túsindiriw sabaq barısında jaslardı ǵárezsizlik ruwxında tárbiyalaw ushın úlken áhmiyetke iye.

Tolǵawlardı túsindiriw ushın tema haqqında, janr tuwralı, onıń atqarılıwı jóninde keń itibar beriledi. «Ormanbet biy», «Posqan el» tolǵawları tuwralı túsinik beriledi. Jaslardı tárbiyalawda anektodlar tuwralı, onıń mazmunı, tárbiyalıq áhmiyeti jóninde sabaq barısında aytıp ótiw lazım.

Qaraqalpaq folklorınıń mazmunın túsindiriw barısında oqıwshılar sanasina adamgershilik, watanǵa súyiwshilik, hadallıq doslıq, batırlıq, jaqsılıq siyaqlı sezimlerdi tereńnen qáliplestirip barıw lazım.

## 1.3. Qaraqalpaq folklorın oqıtıwda sabaq túrlerinen paydalanıw usılları

Qaraqalpaq ádebiyatında oqıtıw metodikasında sabaq túrlerinen paydalanıw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Belgili metodistlerdiń biri Á. Paxratdinov «Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası» miynetinde sabaq túrleri boyınsha belgili bir pikirler bildirgen[1]. Bul miynetlerde ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde ádebiyat páni boyınsha sabaqtıń túrleri aytılıp ótlilgen.

Mektep oqıwshılarına folklorlıq dóretpelerde oqıtılatuǵın sabaqlardıń aldına tómendegi metodikalıq talaplardı qoyǵan maqul:

-Sabaq túrleri qollanǵanda onıń aldına oqıwshılardı sabaqqa qızıqtırıw, olardıń tilin ósiriw, bilim tárbiya beriw, sanasın rawajlandırıw, tálim tárbiya beriw, sanasın rawajlandırıw, bilim menen kónligiwin qáliplestiriw siyaqlı wazıypalar qoyıladı.

-Folklorlıq dóretpelerdi oqıtıwda sabaqtı durıs shólkemlestiriw lazım. Shólkemlestiriwge qoyılatuǵın talaplardıń biri hár bir ótiletuǵın aytıslar, ertekler, naqıl – maqallar, jumbaqlar, jańıltpashlar, dástanlar sıyaqlı temalar boyınsha ilimiy maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan bolıwı hám oqıwshılardıń imkaniyatin esapqa alǵan halda temanıń kólemin belgilew, onıń quramalıǵın anıqlaw, ótilgen temanı baylanıstırıw, oqıwshılarǵa beriletuǵın tapsırma menen óz betinshe jumıslardıń izbe – izligin anıqlaw, sabaqta kerek bolatuǵın zatlardı belgilew hám qosımsha kórgizbeli qurallar menen bayıtıw, jáne de xabar texnologiyalarınan paydalanǵan halda sabaqta mashqalalı sharayat jaratıw bolıp tabıladı.

- Zamanagóy oqıtıw metodikasınan durıs paydalanıp, «Bilimlendiriw haqqında» ǵı nızam hám kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlasın basshılıqqa alıp sabaqtı shólkemlestiriw lazım. Házirgi zaman sabaqlarında oqıwshı menen muǵallim arasında isenim, óz – ara qatnas, erkinlik ortalıǵı, dóretiwshilik

---

[1]Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис «Билим», 1992; Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 2004.

bağdarda birgelesip islew mashqalaları ayrıqsha áhmiyetke iye. Mektep oqıwshılarına ótiletuğın sabaq barısında zaman talabına ilayıq jámiyet tárepinen aldına qoyğan wazıypanı orınlawda sheshiwshi orında iyeleydi. Sabaqta oqıw barısında qanshelli dárejede qolaylı jağday jaratılsa, muğallimniń oqıw – tárbiya alsa sonshelli nátiyjeli islewshi múmkinshilik te jaratılğan boladı. Sonıń menen birge muğallim menen oqıwshınıń birgelesip islewi, bir – birine isenimniń artıwı da jetekshi orın iyeleydi. Barlıq orında muğallimdi oqıwshılar jaqsı sıylasa, sol jerde oqıw - tárbiya isi nátiyjeli alıp barıladı.

Muğallim hár bir sabağın dóretiwshilik penen ótip, pedagogikalıq, didaktikalıq hám metodikalıq ilimge iye bolıwı lazım. Mektep oqıwshılarına folklorlıq shığarmalardı oqıtıw barısında sabaqtı hár tárepleme jetilistirip barıwı kerek. Sabaq barısında oqıwshılardıń folklordı úyreniwdegi maqsetke bağdarlarğan iskerligin kúsheytiw, qızığıwshılığın arttırıw bolıp esaplanadı. Ádebiyatshı muğallimniń eń baslı wazıypalarınıń biri –oqıwshılardı berilgen tapsırmanı orınlawğa umtıldırıw, sabaq barısında qoyılğan maqsetke erisiw. Folklorlıq dóretpeler boyınsha ótiletuğın hár bir sabaqtı metodikalıq jaqtan durıs jobalastırıw hám shólkemlestiriw zárúr. Hár bir sabaqtıń dáslepten baslap aqırına shekem shólkemlestiriwshilikti ámelge asırıw kerek. Sabaqtıń shólkemlestiriwshilik tárepi, onıń maqset, mazmunın, ózgesheligi hám oqıtıw metodikasın sáykes bolıwı lazım. Sabaqlar óziniń qáliplesken qurılısına, ishki logikalıq, didaktikalıq maqsetine, mazmunına, qurallarına, metodikaları menen usıllarına iye bolıwı shárt. Oqıwshılardıń óz betinshe pikirlew qábiletin rawajlandırıp barıw kerek.

## Tema: Qaraqalpaq folklorı haqqında túsinik

**Sabaq túri**: oqıwshılardı jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq túri.

**Sabaqtıń metodı**: Mashqalalı oqıtıw, lekciya

**Sabaqtıń maqseti**:

1. **Bilim beriwshilik:** oqıwshılarǵa qaraqalpaq folklorı boyınsha ilimiy teoriyalıq maǵlıwmatlardı beriw;

2. **Tárbiyalıq áhmiyeti**: Qaraqalpaq folklorın oqıwshılarǵa úyretiw arqalı olardıń sanasında adamgershilik, watanǵa súyiwshilik, hadallıq, doslıq, opadarlıq sezimlerdi qáliplestiriw;

3. **Rawajlandırıw**:oqıwshılardıń til baylıǵın, oy –órisin, pikirlew qábiletin rawajlandırıw.

**KútiletuǵIn nátiyje**: Qaraqalpaq folklorı boyınsha túsinik bilim kónikpelerge iye boladı.

**Kórgizbeli quralllar**: sabaqlıq, súwretler, kespe qaǵazlar, texnikalıq qurallar.

**Sabaq barısı**:

Shólkemlestiriw. oqıwshılardıń sabaqqa qatnası, tártibi, klass tazalıǵı tekseriledi. Taxtaǵa dóńgelek etip kúnniń súwreti sızıladı. Kún shıqqan soń jerge nur shashatuǵının aytıp, muǵallim oqıwshılarǵa soraw taslaydı.

- Qaraqalpaq folklorı degen ne?
- Awız yeki xalıq dóretpelerin qaysı túrlerin bilesiz?
- Yertek, naqıl – maqallar, jańıltpashlar, dástanlar tuwralı túsinik beriń.

Muǵallim kúnnen nur shıǵarıp, oǵan folklordıń túrlerin jazıp barıwdı tapsıradı.




oqıwshılarǵa qaraqalpaq folklorı boyınsha taza tema keń túrde túsindiriledi. Folklordıń janrlıq jaqtan bóliniwleri, izertleniwleri, jıynalıwı hám basıp shiǵarlıwı tuwralı keń túsinik beriledi. Muǵallim oqıwshılardı

bes toparǵa bóledi hám «alma pisti» oyının shólkemlestiredi. Bul shınıǵıwǵa 25 minut waqıt ajıratıladı. Toparlarǵa oyınnıń wazıypaları túsindiriledi. Bul oyındı qattı qaǵazǵa islegen almanıń artqı teregi qızıl reńge boyaladı. Al bergi tárepin de sorawlar jazılǵan boladı. Topar aǵzaları sorawlarǵa izbe – izlik penen juwap bere baslaydı. Durıs juwap berilse almanıń qızıl tárepi tóńkerlip, awdarıp qoyıladı. Yeger juwap bere almay qalsa sol turısında alma pispey qaladı.

**Sorawlar:**

1. Qaraqalpaq folkorınıń áyyemgi derekleri tuwralı túsinik beriń.

Qaraqalpaq folkloristika iliminiń payda bolıwı hám rawajlanıwı jóninde maǵlıwmat beriń.

Qaraqalpaq folklorınıń túrleri haqqında aytıp beriń.

**1. Juwap**: «Tumaris», «Shıraq», «Zariyna hám Striangiya» siyaqlı epikalıq shıǵarmaları qaraqalpaq folklorınıń áyyemgi derekleri yesaplanadi. Bul derekler jaslardı watanǵa súyiwshilikke tárbiyalaydı. Shıraq, Tumaris obrazları qaharmanlıqtıń tımsalı. Shıraq – bul shopan bolsa da hiylekerlik jol menen bir neshe mıń dushpan áskerlerin bir ózi qırıp jiberedi. Al Tumaris massagetlerden shıqqan patsha. ol xalıqtı adil hám toqsh’lıqta basqaradı. onıń siyasatı xalıqqa maqul boladı. Sırtqı dushpanlar menen urısadı, ádil siyasatı arqalı kóp jeńislerge yerisedi.

**2. Juwap**: Qaraqalpaq folklorı XX ásirge shekemgi dáwirde jıynaldı hám izertlendi.orıs izertlewshileri Muravin hám Gladishevler 1740 – 1741 – jılları orckiden Xiywaǵa shekem baratuǵın jol boyı qaraqalpaqlar arasında etnografiyalıq jazıwlar júrgizedi. Qaraqalpaqlarǵa tiyisli maǵlıwmatlardı T. Pichkovta jazıp aldı. 1857 – 1858 – jılları qazaqtıń belgili ilimpazı Sh. Yaliyxanov qaraqalpaq arasında bolıp, bir neshe folkorlıq shıǵarmalar jazıp alıw menen qaraqalpaqalardıń qosıqshılıq kórkem óneri joqarı bahalaydı.

**3. Juwap**: Qaraqalpaq folkorınıń túrleri boyınsha Q. Ayımbetov, o. Qojurov, N.A. Baskakov, A. Dáwqaraev, Q. Maqsetovlar pikir bildiredi.

Solardıń ishinde prof. Q. Maqsetovtiń pikirleri búgingi úyrenip atırǵan máselelerge júdá jaqınlaydı.

**Sabaqtı bekkemlew** 20 – 30 minutqa soziadi oqıwshı «Gúl teriw» oyının shólkemlestiredi. Bunda úsh topardıń hár birine bir qosıqtan tallaw beriledi.

**1 – toparǵa balalar qosıǵı.**

**2 – toparǵa aytımlar.**

**3 – toparǵa** xalıq qosıqlarınan úzindi keltiriń, ózlerinshe fololgiyalıq tallaw isleydi.

Topar oqıwshıları oylasadı hám pikirin qaǵazǵa jazadı. Sońınan hár topardan bir oqıwshı shıǵıp, awız yekı juwap beredi. Durıs juwap bergen oqıwshıǵa domalaq túrde soǵılǵan gúl beriledi. Eger juwap bere almasa gúl berilmeydi. Usı gúller tiykarında ball qoyıladı. Mısalı: 1 – topardan bir oqıwshı shıǵıp «Shaq, shaq – shaǵala» qosıǵınan úzindi keltiriledi.

**Shaq, shaǵala, shaǵala,**
**Kóldiń boyi[n jaǵala,**
**Uzi[n suwda bali[q bar,**
**Alalmaysań shaǵala** – dep balalar xorı qosılıp, qol shapatlap qaǵısıp ayta baslaydi. ortaǵa bala «shaǵala» oyının dawam yetedi. ortaǵa qol sharshı taslanadı. onı oyınshı bala suwdan balıq alǵanday yetip, tisi menen tislep alıwı kerek. Bul oyın balanı shaqqanlıqqa úyretedi. Jáne de onı sap deneli, shınıqqan bolıp ósiwine kómeklesedi dep topar basshı túsindirip beredi. Bunnan keyin yekinshi topardan bir aǵza shıǵıp, aytım haqqında túsinik beredi.

**Aytım** – úyleniw toyına baylanıslı dóregen salt – dástúr jirınıń bir túri. ol kelinshek uzatılıp awıl shetine yamasa úy qasına kelgende aytıladı.

**Astına mingen qaraker,**
**Qarakerden aǵar ter.**

**Toy tarqatar xizmetker,**

**Sıyla – sıylama óziń** bil. – dep aytım aytıwshı ózin tanıstırıp, kelinshektiń kelgen qádemine baxıt tileydi hám yel dástúrin túsindire baslaydı.

**Há kelinshek, kelinshek,**
**Túske deyin uyqılap,**
**Bola górme yerinshek…**

Úshinshi topardıń bashısı shıǵIp sóylep, xalıq haqqında aytıp ótedi. Tariyxıy qosıqtan mınalalar keltirip, oǵan tallaw isleydi.

Kóship barǵan jeri Qırımnıń tawı,
Jayıqtıń jaǵsı oral otawı,
Won mıń uyli noǵay, Toxtamıs xan,
Bunıń qarawına kirdi qaraqalpaq. – bul qosıq qatarındaǵı Yedil, Jayıq, Qırım tawı, Noǵaydıń xanı Toxtamıs xan hám taǵı basqa tariyxıy orınlar, atamalar tariyxıy adamlar haqıyqat bolǵan dereklerge tuwrı keledi. Hár qıylı búlginshilikler sebep bolıp, qaraqalpaqlar Jiydeli – Baysınǵa XIII ásirdiń birinshi yarimında kelip bolsa, Edil – Jayıqqa (Bolga hám Ural) XIX ásirdiń baslarında kóship kelgen tariyxıy qosıqta Edil – Jayıqqa qaraqalpaqlar 130 jılday mákanladı dep kórsetiledi.

Oqıwshılardı bahalaw 3 minut ishinde bolıp ótiledi. Muǵallim oqıwshılardıń toparda birge islew, bir – birin húrmet etiw barısın baqlaydı. Berilgen sorawlarǵa juwap beriw nátiyjeside qarap bahalanadı.

Úyge tapsırma 2 minut ishinde beriledi.

Qaraqalpaq folkorı haqqında túsinik.

**Tema:** Aytımlar

**Sabaqtıń túri**: Birlesken sabaq.

**Sabaqtıń metodi**: Izleniw, tapqırlıq.

**Sabaqtıń maqseti**: **bilim beriwshilik**: a)Aytımlar b) Oqıwshılar sanasına xalıq úrip ádetlerin sindiriw; v)oqıwshılardıń til ádetlerin rawajlandırıw;

**Kirtiletuǵin nátiyje**: Aytımlardıń mazmunı hám túrleri boyınsha tereń túsinik beriw;

**kórgizbeli qurallar**: sabaqlıq. Qaraqalpaq folkorı.

**Sabaqtiń barısı**.

Shólkemlestiriw. (5 minut)

Taza tema: (25 minut). Muǵallim kórsetpe qural sıpatında magnitofon flenkasında aytımlarǵa baylanıslı qosıqlardı esittiredi. Bunnan keyin úlken etip plakatqa terektiń súwretin salıp, taxtaǵa ildirip qoyıladı. Terekke «Aytım» dep, al japıraqlarına qosıqlardan uzindiler jazıladı.

Muǵallim taza temanı ótken «qaraqalpaq folkorı haqqında túsinik» degen tema menen baylanıstırıp, aytımlardıń túrlerin, mazmunın anıq hám qızıqlı etip túsindiredi. Muǵallim uslayınsha aytımǵa baylanıslı qosıqlardı tallap ótedi. Sol tiykarda óz betinshe jumıs alıp baradı. «Jamǵır jawdı» oyının shólkemlestiredi. Muǵallim oqıwshılardı toparǵa bóledi hám sabaqqa ilingen, domalaq etip qıyılǵan qattı qaǵazǵa aldı betine sanlar, keyingi betine háripler jazıladı. Birinshi 7 sanda betashar, ekinshi 5 sanda aytım dep jazılǵan boladı.

| | |
|---|---|
| 1 2 3 4 5 6 7 | 1 2 3 4 5 |
| B E T A SH A R | A Y T I M |

Muǵallim hár bir toparǵa da 7 sorawdan beredi. Topar oqıwshıları durıs juwap berse, izbe – izlik penen sanlar tóńkerilip qoyıladı. Nátiyjede joqarıdaǵı sózler kelip shıǵadı. Solay etip «Jamǵir jawdı» oyın shıǵıwı muǵallimniń pedagogikalıq sheberligi menen shólkemleskenlik túrde baslanadı. Toparlarǵa tómendegi sorawlar beriledi:

1. Aytım haqqında túsinik beriń.
2. Aytım tuwralı ilimpazlardiń pikirleri.
3. Aytımnıń mazmunı hám túrleri.
4. Gúlapsan haqqında
5. Bádik penen gúlapsanniń ayırmashlıǵı
6. Yaramazan hám onıń tárbiyası

7. Aytımlardıń janrlıq ózgesheligi

Hár bir topar sorawdıń mánisin túsindiredi hám oǵan mısallar keltiredi.

Óz betinshe jumıs 15 minut boladı. Bunda «Ájayıp atlar maydanshası» oyını shólkemlestiriledi. Muǵallim domalaq etip qıyılǵan qattı qaǵazǵa aytımnıń túrlerin jazadı. Qoyılǵan belgi qaysı qosıqtıń atına durıs kelse, topar oqıwshıları sol qosıqtan úzindi aytıp beredi. Sol aytımnıń túri boyınsha mazmunın sóylep beriwi tiyis.

Mısalı: Yaramazan pátiyasi; Gúlapsan; Bádik; Aytım; Yaramazan; Ǵarǵıs;

Júziń jarqın bolsın,
Tiliń uzın bolsın,
Júrgende jolıń bolsın,
Mártebeń bálent bolsın,
Ot bálesinen,
Suw bálesinen,
Jala, dóhmet bálesınen
Aman bolǵaysań.
Ósip ónip maqset – muratıńa jetkeyseń.
Bul jerde pátiyanıń bir túri berilgen.

Ata – ana balası menen qızına baxıtlı bolıwı ushın jaqsı tilekler aytadı, pátiya beredi. Qarıyalar jaslardıń húrmetin kórip, olardıń baxıtlı bolıwı ushın pátiya qıladı. Pátiya beriw, alǵıs aytıw kóp ǵana jaqsılıq nárselelerdıń hámmesine qollanılatuǵını anıq. Biraq kishkene ǵana jaqsılıq islese de oǵan «bereket tap», «baxıtlı bol» - sıyaqlı alǵıs aytıladı. Aq pátiya, alǵıs alıw xalıqtıń minez qulıq normasına sińip ketken úrip – ádet. Usı úlgide topar oqıwshıları juwap beredi. Juwaplarına qaray ball qoyıladı.

Úyge tapsırma etip “Aytımlar” teması beriledi.

Aytısı, jumbaqlardı «Oqıwshılardı jańa bilimler menen tanıstırıw» sabaǵı menen ótiwi múmkin. Bunda shólkemlestiriw boladı. Úyge tapsırma soralmaydı. Jańa temaǵa ótip ketedi. Sabaqtı shólkemlestiriw basqıshında “Shınjır islew” oyını paydalanıladı. Oqıtıwshı bul usıldı

qollanılıw arqalı oqıwshılardıń ótken temanı qanshelli dárejede ózlestirgenin anıqlaydı.

Muǵallim aytıs hám jumbaqlardı lekciya usılında túsindiriledi. Awızeki xalıq dóretpeleriniń bul túrlerin ayırmashlıǵı, ózgeshelikleri, qollanılıw barısı haqqında keń túrde túsindirilip, bir neshe mısallar keltiriledi. Sońınan shayırlar aytısı haqqında, onıń shıǵarmaları tuwralı oqıwshılardıń iyelegen bilimlerin bekkemlew maqsetinde óz betinshe jumıs test sorawları beriledi. Misalı test tómendegi tártipte beriliwi múmkin:

1. Aytıs janırın kimler izertlegen?

A)Q. Allambergenov; B) I. Saǵiytov; S) B. Ismayılov; D) M. Nurmuxamedov

2. 1963 – jili kimlerdińtayarlawında jumbaqlar toplamı basılıp shıqtı?

A)Q.Maqsetov, I. Saǵiytov; B)Á. Alimov C) S. Abbazov hám Á. Alimov

D) Q. Ayimbetov, Á. Tájimuratov;

3. Áyden, áwlenniń ústi duwden,

Dúwdenniń usti shıraq, A) Awız;

Shıraqtıń ústinde qiyaq, B) Murın, kóz;

Qiyaqtıń ústinde maydan, C) Qas, shash;

Maydanniń ústinde qonaq. D) Barlıq juwap durıs

4. Berilgen jumbaqtıń juwabın tabıń.

Birge jatıp, birge turıp,

Ozıwǵa birden umtılıp,

Ekewi mángi jarısıp,

Kórmegen ele qalısıp.

A) Barmaq, B) Tırnaq, S) Ayaqlar D) Barlıq juwap durıs.

5.1968 – jılı basılıp shıqqan «xalıq danalıǵı» kitabında «Aytıslar» atlı bólim berip, juwap aytısına, shayırlar aytısına toqtadı. Bul qaysı ilimpazlardıń miyneti?

A) Q. Ayimbetov B) N. Dawqaraev S) A. Paxratdinov D) I. Yoldoshev

Test sorawları alınıp bolınǵannan soń «xatlarǵa juwap» oyını shólkemlestiriledi. Bunda konvert ishinde sorawlar jazıladı. Konvertegi sorawlarǵa oqıwshılar juwap beredi. Sorawlar qızıl, kók, jasıl reńdegi domalaq etip qıyılǵan reńli qaǵazdı kóp jıynaǵan bolsa 5 ball, kók reń 3 ball, jasıl reń 4 ball dep qoyıladı. Bul sabaq barısında birneshe usıllardı paydalanıp kórdik. Oqıwshılardı toparlarǵa bóliw júdá qızıqlı pedagogikalıq iskerlikti alıp keledi.

**Tema:** Naqıl – maqallar.

**Sabaq túri:** Mashqalalı oqıtıw sabaǵı

**Sabaqtıń maqseti**: a)oqıwshılarǵa naqıl – maqallar boyınsha bilim beriw; v)oqıwshılar sanasına ádep – ikramlıq, jaslıq, adamgershilik sezimlerin sińdirip barıw; b)oqıwshılardıń til baylıǵın rawajlandırıw.

**Kútiletuǵın nátiyje**: Naqıl – maqallardıń tematikası, tárbiyalıq áhmiyetin túsindiriw.

**Kórsetpeli qurallar**: Naqıl – maqallar, súwretler.

**Sabaq barısı:**

**Shólkemlestiriw**: bunda qaraqalpaq folkorı boyınsha “Solqım oyını” shólkemlestiriledi.

**Mısalı**:




Usılayınsha hár bir topar júzim danaların kóp biriktirse, sol topar kóp ball toplawǵan boladı. Bul usıldı ótkeriw ushın muǵallim aldın – ala úyde júzım danaların reńli qaǵazlarda qıyıp tayarlap keliwi kerek. Eger hár toparǵa hár túrli júzimlerden islese júdá qızıqlı boladı. Muǵallim oqıwshılardıń qaraqalpaq folklorı boyınsha túsinigin bilip alǵannan keyin, temanı taxtaǵa júzim tayarlap kórgizbe quralların ildiredi.

Taza tema muǵallimniń sheberligine baylanıslı ótiledi. Oqıwshılarǵa naqıl – maqallar boyınsha monografiyalıq lekciyada keń túsinik beriledi. Naqıl – maqallardıń jiynalıwı, basıp shıǵarılıwı boyınsha kóbirek shuǵıllanǵan alımlar Q. Ayımbetov, T. Niyetullaevlar boldı. Arnawlı izetlewshi T. Niyetullaevtıń monografiyasında qaraqalpaq naqıl – maqallardıń mánisi, mazmunı, kórkemlik ózgeshelikleri ulıwma tábiyatı menen tanıstıradı. Mektep oqıwshılarına oqıwshıları ushın bahalı túsinikler beredi. Naqıl – maqallar diyqanshılıq, balıqshılıq, adamgershilik, miynet, ádillik, haqıyqatlıq h.t.b tuwralı payda bolǵan.

Qaraqalpaq naqıl – maqalları da basqa xalıqlardıń naqıl – maqalları sıyaqlı júdá qısqa, az sózli, tujırımlı, qonımlı bolıp keledi. Solardıń ishinde xalıq arasında eń keń taralǵanları miynet súygishlik haqqındaǵı naqıl – maqallar. Miynet temasına arnalǵan naqıl – maqallarda hár bir adamnıń abıray miynet etip, xalıqqa xızmet kórsetiw ideyası birinshi orınǵa qoyıladi. Miynet penen tabılǵan nan mazalı hám juǵımllı boladi dep nasiyatlanadı. Mısalı: «Adam miyneti menen bahalanadı», «Háreketke bereket», «Miynet- túbi ráhát» sıyaqlı naqıllardıń úlken tárbiyalıq áhmiyeti bar. Solay etip naqıl – maqallardı oqıtıw barısında lekciya metodı klaster, múyeshler metodlarınan paydalanıw sabaqtıń tásirsheńligi, nátiyjeligi artıp baradı. oqıwshılardıń sabaqqa bolǵan qızıǵıwshılıq, birge islew, óz – ara izzet húrmet, erkin pikirlew usaǵan qábiletlerin qáliplestirip, teoriyalıq materiallardı jeńil hám anıq ózlestire aladı.

# II BAP. JÍRAW-ShAYÍRLAR DÁWIRI HÁM MIYRASLARÍN OQÍTÍW METODIKASÍ

*(Jiyen jıraw Amanlıq ulınıń ómiri hám dóretpeleri mısalında)*

## *2.1. Jiyen jıraw Amanlıq ulınıń ómiri hám dóretpeleri tuwralı ulıwma maǵlıwmat beriw (Jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq tipinde oqıtıw).*

Mektepte oqıtılatuǵın pánlerdiń ishinde kórkem ádebiyat ayrıqsha háreket etiwshi siyasiy qural bolıp, onı oqıtıwshılar mektep ómirinde mádeniy tarawdı basqarıwshı adamlar boladı. Sonıń ushın mektep reformasınıń jańa talabı boyınsha qaraqalpaq ádebiyatı páninen oqıwshılarǵa ádebiy bilim hám tárbiya beriwdiń jańasha, nátiyjeli jolların qarastırıwǵa tuwra keledi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw, ulıwma kórkem ádebiyattı oqıtıw - dóretiwshilik jumıs. Sol sebepli ádebiyat muǵallimi klassta ótetuǵın ádebiyat sabaǵın nátiyjeli ótkeriwdiń jolların qarastırıwı kerek. Muǵallim ádebiyat sabaǵın oqıw-tárbiya jumıslarınıń talabına ılayıq alıp barıwı ushın qolında bar oqıw baǵdarlaması menen sabaqlıqlarǵa súyenedi. Sabaqlıqta bar materiallardı oqıwshılardıń túsinigine, kúndelikli ómir keshiriw ámeliyatına, tiline ılayıqlastırıp metodikalıq sheberlikler menen bere alıwı shárt. Bul ushın bir saatlıq sabaqtıń nátiyjeli, sapalı ótiliw jolların aldın-ala izlestiriwi kerek. Hár bir sabaq ushın izleniw ádebiyat muǵallimin jaqsı nátiyjelerge alıp keledi.

Oqıw baǵdarlamasında Jiyen jıraw Amanlıq ulınıń ómiri hám dóretpelerin úyreniwge 6 saat ajıratılǵan. Onı tómendegidey etip jobalastırıwǵa boladı.

| Q/s | Temalardıń ataması | saatı |
|---|---|---|
| 1. | Jiyen jırawdıń ómiri hám dóretiwshiligi | 1 saat |
| 2. | “Ílaǵım” qosıǵı | 1 saat |
| 3. | “Xosh bolıń doslar” qosıǵı | 1 saat |
| 4. | “Áy jigitler, jigitler” qosıǵı | 1 saat |
| 5. | “Posqan el” poeması | 1 saat |

| | | |
|---|---|---|
| 6. | “Ullı taw” poeması | 1 saat |

Sabaqtı tolıq maqsetine jetkeriw ushın muǵallim izleniwi kerek. Sebebi, muǵallimge qaraqalpaq ádebiyatınan jańa sabaq ushın izleniw, tayarlıq kóriw, sabaqtı nátiyjeli ótkeriwdiń jolların qarastırıw wazıypaları júklenedi.

Búgingi ótetuǵın “Jiyen jırawdıń ómiri hám dóretiwshiligi” degen temadaǵı materialımızdıń sıpatına qaray otırıp jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq túrin tańlawdı maqul kórdik. Jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq úlgisi mektep ómirinde jiyi qollanılatuǵın sabaq túrleriniń biri bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń bul sabaq túrin tańlawı kóbinese klassta oqıwshılarǵa ótiletuǵın jańa temanıń mazmunı hám sıpatına baylanıslı qurıladı.[1]

Máselen, ótken sabaqta 7-klassta “XVI-XVII ásir qaraqalpaq ádebiyatı” degen temanı ótip boldıq, bul boyınsha tákirarlaw da jasadıq. Endi búgingi sabaqta oqıwshılar menen Jiyen jırawdıń dóretpelerin ótiwimiz kerek.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń talabı boyınsha klass oqıwshılarına ádebiyattıń hár bir dáwirine, hár bir jazıwshı, shayır dóretpelerine olarda qızıǵıwshılıq usılların izlestiriw talap etiledi. Bul ushın biz Jiyen jırawdıń dóretiwshiligi boyınsha oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın oyatıp, jańa bilimler menen qurallandırıwdıń ózgesheliklerin qarastıramız.

Joqarı klasslarda jazıwshılardıń ómirbayanı olardıń dóretiwshilik jolı menen baylanıslı halda úyreniledi. Bunda oqıwshılardıń dıqqat-itibarı jazıwshınıń ádebiyattı rawajlandırıwdaǵı úlesine, jámiyetlik-siyasiy turmısta tutqan ornına qaratıladı. Bul máseleler boyınsha maǵlıwmattı tiykarınan sabaqta jazıwshınıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında ótiletuǵın materialdan aladı. Ayırım shıǵarmalardı oqıw hám úyreniw arqalı ol haqqında keń túsinikke iye boladı.[2]

Haqıyqatında da hár bir shayırdıń dóretiwshiliginiń ózgesheligi hám óz jolı bar. Hár bir dóretpe (tvorchestvo) óziniń ayrıqshalıq sıpatına iye bolıp, stillik

---

[1]Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың актуаль мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 58-бет.

[2]Зуннунов А., Ҳотамов Н., Эсонов Ж., Иброҳимов А. Адабиёт ўқитиш методикаси. –Тошкент: Ўқитувчи, 1992, 202-бет.

ózgesheliklerinde kórinedi. Ol ózinshe bólek jatqan ilim. Sol ushın búgingi sabaqtıń jobasın dúziwden aldın jańa ádebiy dóretpeniń mazmunın tolıq óz ishine jámlegen sabaqtı qurallandırıwdıń múmkinshiliklerin islep shıǵamız.

Dáslep jańa bilimler menen tanıstırıw sabaǵınıń (bunı muǵallimler kirisiw sabaq tipi dep te júritedi) jeke jobasın dúzip alamız.

I. Sabaqtıń tipi: Jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq tipi

Sabaqtıń teması: Jiyen jırawdıń ómiri hám dóretiwshiligi

II. Sabaqtıń maqseti: a) Oqıwshılarǵa Jiyen jırawdıń ómiri hám dóretpeleri boyınsha jańa bilimler beriw; b) Oqıwshılardı Jiyenniń shıǵarmaları arqalı adamgershilikke, watan súyiwshilikke tárbiyalaw; v) Oqıwshılardıń til baylıǵın, oy-órisin rawajlandırıw.

III. Sabaqtı qurallandırıw:

1.Milliy istiqlol ǵoyasi: Asosiy tushincha va tamoyillar. (Izoxli kwrgazmali vositalar). Toshkent, “Yangi asr avlodi”, 2001.

2.K.Mambetov, Z.Ayjanova “Qaraqalpaq ádebiyatı” 7-klass. Nókis, 2005.

3.A.Karimov. Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı. Nókis, 1963.

4.A.Pirnazarov. Jiyen hám Omar shayırlardıń dóretiwshilik sheberlikleri. Nókis, 1993.

5.Á.Paxratdinov. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis, 2004.

6.Jiyen jıraw. Posqan el. Nókis, 1981.

7.Kórsetpeli qurallar. Albomlar, súwretler.

IV. Sabaqtıń barısı:

1. Shólkemlestiriw.
2. Jańa tema
3. Sabaqtı bekkemlew.
4. Úyge tapsırma.

Bul sabaq tipinde úy tapsırması soralmaydı.[1] Sonlıqtan, oqıwshılardıń barlıq oy-dıqqatın Jiyen jıraw dóretiwshiliginiń ózine tán ózgesheliklerine awdaramız.

Dáslep klassta sabaqtıń shólkemlestiriw basqıshında oqıwshılardı “Jiyen jırawdıń ómiri hám dóretiwshiligi ” degen temamızdıń ataması menen tanıstıramız (tema taxtaǵa jazıladı, yaki tayarlanǵan kórsetpeli qural ildiriledi). Sońınan búgin ótetuǵın temamızdıń jobası usınıladı. Bunı belgili kólemdegi qaǵazǵa jazıp kelip taxtaǵa qıstırıp qoysaq ta boladı.

Sabaqtıń jobası:

1. Jiyen jıraw jasaǵan dáwirge siyasiy, ádebiy-tariyxıy sıpatlama.
2. Jiyen jırawdıń ómiri tuwralı maǵlıwmat
3. Shayırdıń lirikalıq shıǵarmaları
4. Shayırdıń epikalıq shıǵarmaları
5. Shayır dóretpeleriniń izertleniw jaǵdayları
6. Jiyen jırawdıń qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı.

Bunnan soń Jiyen jırawdıń ómiri hám dóretpeleri haqqında lekciya usılınan paydalanamız (oqıwshılardıń bilim dárejesi esapqa alınǵan mektep lekciyasınan).

Muǵallim XVIII ásir qaraqalpaq ádebiyatın oqıwshılarǵa jeterli túsindiriw ushın eń aldı menen sol dáwirge ádebiy sıpatlama berip aladı. Óytkeni sol dáwirdiń ádebiyatında sáwlelenetuǵın tariyxıy dáwir, siyasat, jámiyetlik-sociallıq jaǵday, tábiyat ózgeshelikleri, mádeniy jaǵdaylar hám taǵı basqalar temanı ótiw dáwirlerinde túsinikli bolıw ushın kerek boladı. Ol ushın muǵallim XVIII ásir tuwralı tariyxshılardıń pikirlerin esapqa aladı. Xalıqtıń tiykarǵı jasaǵan mákanları Túrkstan, Sırdáryanıń tómengi boyları, Jańadárya, Quwandárya jaǵaları ekenligi, bul jerlerdegi xalıqtıń xojalıq awhalları, olardıń Qazaq hám Buxara xanlarınan ǵárezli bolıp turıwları, qaraqalpaqlardıń XVIII ásirdegi Rossiya qol astına ótiwge umtılıwları, jawgershilikler, xalıqtıń Xorezmge qaray kóshiw sebepleri, usı dáwirdegi ádebiyat, mádeniyattıń xarakterleri túsindiriledi.[2]

[1]Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың актуаль мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 143-бет.

[2]Ахметов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1988, 130-бет.

***a) Jiyen jıraw jasaǵan dáwirge siyasiy, ádebiy-tariyxıy sıpatlama.*** Jiyen jıraw ómir súrgen XVIII ásirde qaraqalpaq xalqı óz basınan hár qıylı tariyxıy waqıyalardı ótkerdi. Shayır miynetkesh xalıqtıń basındaǵı teńsizlikti, awırmanlıqtı xalıq qatarı ózi de keshirdi. Sonlıqtan da onıń shıǵarmaları ózi jasap turǵan zamannıń sáwlesi bolıp, sol dáwirdiń shınlıq kartinaların biziń kóz aldımızǵa elesletedi. Ádebiyat penen tariyx bir-birine kútá baylanıslı. Hár bir ádebiy shıǵarmanı túsiniw ushın sol shıǵarmanıń payda bolıwındaǵı tariyxıy jaǵdaylardı túsinip alıwımız kerek. Sonlıqtan, Jiyen jırawdıń ómirin hám dóretiwshiligin durıs túsiniwimiz ushın onıń jasaǵan dáwirindegi tariyxıy jaǵdaylarǵa qısqa bolsa da toqtawımız zárúr.

Qaraqalpaq xalqınıń tariyxı boyınsha jazılǵan miynetlerdiń kórsetiwine qaraǵanda qaraqalpaqlar Xorezm oypatına, házirgi waqıttaǵı territoriyasına kóship qonıslanbastan burın hár qıylı tariyxıy jaǵdaylardı basınan keshirgen.

XVI ásirdiń aqırınan XVIII ásirdiń ortasına shekem qaraqalpaqlardıń tiykarǵı xalqı Sırdáryanıń orta hám tómengi jaǵına jaqın territoriyalarda jasap turǵan. Sırdárya karaqalpaqlarınıń kópshilik bólimi XVI ásirdiń dawamında hám XVIII ásirdiń ortasına shekem qazaqlardıń arasında jasaǵan hám olar qazaq xanlarına siyasiy ekonomikalıq jaqtan ǵárezli bolǵan.

Qaraqalpaqlar ata jurtı Túrkstanda otırǵan jılları sırtqı basıp alıwshılar menen talawshılardıń sebebinen bir neshe márte jawgershilikke ushıraydı. Bul jaǵdaylar qaraqalpaq xalqınıń ján-jaqqa posıp ketiwine sebepshi bolǵan.

Qaraqalpaq xalqınıń tariyxında eń awır hám bir orında uzaq jıllar tınısh jasay almay, qayta-qayta jawgershilikke ushıraǵan dáwiri XVIII ásir bolıp esaplanadı. 1723-jılı qazaq xanlıǵı junǵar áskerleri tárepinen topılısqa ushıraydı. Junǵarlarǵa qarsı turıwǵa kúshi jetpegennen keyin qazaqlar búlingen awıllarınan úsh tárepke qashadı. Kishi júz – batısqa, Xiywa hám arqaǵa, Jayıq hám Emba boylarına qaray ketedi. Orta júz – Orta Aziyanıń oraylıq oblastları Samarqand hám Buxara tárepine ketedi, al ullı júz junǵarlardan ǵárezli bolıp qaladı. Junǵarlardıń bul topılısı tek ǵana qazaq xalqına zıyanın tiygizip qoymastan, olar menen kóp jıllardan berli birge, sıbaylas otırǵan qaraqalpaqlarǵa da úlken tınıshsızlıq ákeledi.

Qaraqalpaqlar da qazaqlarday búlginshilikke ushıraydı hám bir bólegi Sırdáryanıń joqarısına Tashkent hám onıń qubla-batıs tárepine qaray ketiwge májbúr boladı da, bir bólshekleri Aral teńiziniń qubla-batıs jaǵalarına ótedi. Sırdáryanıń tómenine kóshken qaraqalpaqlar usı dáryanıń Aral teńizine quyatuǵın jerine jaqın ornalasadı. Olardıń bir qatarı tariyxıy dereklerge qaraǵanda sol dáwirlerdiń ózinde-aq Xorezmge qonıslanadı. Biraq bular qaraqalpaqlardıń kútá az bólegin quraǵan.

Qaraqalpaq xalqınıń tiykarǵı kópshilik bólegin Sırdáryanıń tómengi jaǵındaǵı qaraqalpaqlar quraytuǵın edi. Olar 1743-jılǵa shekem, bir qanshaları 1762-jılǵa deyin qazaqlardıń kishi júziniń qarawında qaladı. Qaraqalpaqlar "tómengi" hám "joqarǵı" bolıp ekige bólinbesten burın-aq olar Xiywa xanlıǵı menen qatnasta bolǵan. Az sandaǵı qaraqalpaq urıwları Xorezmge kóship kelip-ketip júrgen. Biraq olar XVIII ácirdiń aqırı XIX ásirdiń basına deyin, yaǵnıy Xiywa xanlarına pútkilley ǵárezli jaǵdayǵa túsip qalǵanǵa sheyin bul jerlerde otırıqshı xalıq bolıp jasamaǵan. Bul tuwralı tariyxshılardıń kórsetiwinshe, XVIII ácirge deyin Arqa Xorezmge kóship kelgen qaraqalpaqlar az sanda hám waqıtsha xarakterde bolǵan. XVIII ásirdiń dawamında hám XIX ásirdiń basında qaraqalpaqlar endi úlken gruppalar bolıp, Sırdárya basseyninen Xorezm shegarasına kóship kelip, Ámiwdárya boyındaǵı rayonlardı iyelep, kem-kem olardıń házirgi etnikalıq territoriyası dúzilgen.

Xorezmge kóship kelgen qaraqalpaqlar Ámiwdáryanıń teńizge quyatuǵın bir tarmaǵı Kók ózek boyındaǵı "Aq jaǵıs" dep atalatuǵın jerlerdi iyelegen hám olar usı jerde sawda jumısların alıp barǵan.

XVIII ásirde qaraqalpaq xalqınıń taǵı bir umıtılmas búlginshilikke ushırawı hám olardıń Aral teńiziniń Ámiwdárya basseynine, Jańadárya boylarına qaray kóshiwi 1743-jıldaǵı qazaq feodallarınıń qaraqalpaqlarǵa tikkeley jasaǵan topılısınıń nátiyjesinde kelip shıǵadı. Usı topılısqa deyin Sırdáryanıń tómeninde qazaqlar menen sıbaylas otırǵan qaraqalpaqlar qazaq xanlarınan ǵárezsiz jasaw maqsetinde Rossiya patshalıǵınıń qarawına ótiwdi árman etedi (qaraqalpaqlardıń bul ármanı burınnan-aq bar edi, biraq jungarlardıń topılısı waqtında iske aspay

qalǵan edi). Qaraqalpaqlardıń Rossiyaǵa jaqınlasıw talabı burınǵıdan beter kúsheyedi.

XVIII ásirdiń 40-jıllarında qaraqalpaq xalqı ózlerin qazaq feodallarınıń qısqısınan saqlaw ushın Rossiyadan járdem alıw maqsetinde eki ret háreket etti. 1742-jılı Orenburgke, 1743-jılı Peterburgke qaraqalpaq wákillerin jiberedi. Sol waqıttaǵı Rossiyanıń patshası Elizaveta Petrovnanıń húkimeti qaraqalpaqlardıń Rossiyadan uzaqta turıwın túsinse de, bári bir qaraqalpaqlardıń Rossiyaǵa qosılatuǵınlıǵın saltanatlı túrde daǵazalaydı. Usınday hádiyseler bolıp atırǵan waqıtta, 1743-jılı Abulxayır xannıń qaraqalpaqlarǵa shabıwılı awır boldı. Abulxayır xannıń qaraqalpaqlarǵa topılǵanınıń sebebi, ol qaraqalpaqlardıń Rossiya puxarashılıǵına tikkeley ótip, qazaq feodallarına salıq tólemey orıs mámleketine salıq tólegenin jaqtırmaydı, qaraqalpaqlar Rossiya menen awqamlasıp, ózine qarsı kúshli mámleketke aynalıp kete me dep qáwiplenedi.

Abulxayırdıń shabıwılı nátiyjesinde qaraqalpaqlar Jańadárya boyına, Xorezmge, joqarǵı qaraqalpaqlarǵa bólinip kóshedi. Azǵana bólimi burınǵı ornında qalǵan. Burınǵı ornında qalǵan qaraqalpaqlar, 1762-jılǵa deyin Jańadáryadaǵı hám Xorezmdegi qaraqalpaqlar menen tıǵız baylanısta bola otırıp, qazaq xanlarına hám sultanlarına qarsı qattı gúres júrgizip otıradı. Quwandárya menen Jańadárya boylarına kóship kelgen qaraqalpaqlar bul jerlerde burınnan otırǵan qaraqalpaqlar menen birlikte qazaq xanlarınan da Xiywa xanlarınan da ǵárezsiz jasaydı.

Sırdáryanıń boyında qalıp qoyǵan az sandaǵı qaraqalpaqlar menen Quwandárya boylarında jaylasqan qaraqalpaqlar bul orında uzaq waqıtlar jasay almaydı. Bir tárepten xalıqtıń turmısınıń tómenligi, ekinshi tárepten, qazaq feodallarınıń topılısı, sonday-aq óz ishindegi feodallardıń jarlı xalıqtı talawı – qaraqalpaqlardıń bul orındı da taslap Ámiwdáryanıń ayaǵına hám ayırımları Jańadáryanıń boyına qaray kóshiwine alıp keledi. Tariyxshılardıń kórsetiwinshe, buǵan tiykarǵı sebepshi bolǵan jaǵdaylardıń baslısı 1760-1762-jıllardaǵı Eralı sultannıń qaraqalpaq awılların shawıp páteńge keltiriwi bolǵan. Eralı xan qaraqalpaqlarǵa bárhama shabıwıl jasap otıradı. Bunday shabıwıllar Sırdárya

boyındağı qaraqalpaqlar menen Quwandárya hám Jańadárya boylarında otırǵan qaraqalpaqlardı awır ahwalǵa túsiredi. Xalıq jawgershilikke ushıraydı, búlginshilikke taǵı da giriptar boladı. Nátiyjede olar 1760-1762-jıllar dawamında jerlerin, mákanların qaldırıp, Ámiwdárya boyına, onıń tarmaqlarına, teńiz boylarına posıp kóshiwge májbúr boladı. Bul waqıyalardan keyin Sırdárya boyındağı qaraqalpaqlar Jańadárya boyına, Xorezmge kóshedi. Al Jańadárya boyındağı otırǵan qaraqalpaqlardıń da kópshilik urıwları Xorezmge posıp keledi. Jiyen jıraw usı waqıya waqtında Jańadárya boyınan Ámiwdáryanıń tarmaǵı Kók ózek boyına kóship kelgen hám óziniń “Posqan el” tolǵawın da usı sońǵı waqıyaǵa baylanıslı dóretedi.

Sóz etip otırǵan dáwirimizde qaraqalpaqlardıń mádeniy turmısında, sonıń ishinde ádebiyatında da úlken jańalıqlar boldı. Bul dáwirdegi hár qıylı jawgershilikler menen xalıqtıń awır turmısları qaraqalpaq awız ádebiyatında, Jiyen jırawdıń tvorchestvosında ayqın sáwlelendi. Qaraqalpaq xalqınıń basına túsken barlıq awır waqıyalarǵa zamanlas hám barlıǵınıń da ishinde bolǵan shayır Jiyen jıraw óz tvorchestvosın usı tariyxıy jaǵdaylar tiykarında dóretedi.

***b) Jiyen jırawdıń ómiri haqqında maǵlıwmatlar.*** Oqıwshılardıń qızıǵıwshılıǵın arttırıw maqsetinde Jiyen jırawdıń ata-babası hám úrim-putaqları boyınsha islengen kesteni taxtaǵa ildirip qoyǵan durıs boladı.



# Ótesh

Ata-babanıń tariyxın biliw qaraqalpaq xalqı ushın eń jaqsı dástúrlerdiń biri. Jaslarǵa jeti babasın biliw dástúrin úyretiw zárúrli máselelerdiń biri.

Jiyen jıraw XVIII ásirdiń orta dáwirinde ómir súrgen qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı. Álbette, bul dáwirlerde Jiyen jırawdan basqa da kóp ǵana shayırlar jasaǵan bolıwı múmkin. Biraq olardıń shıǵarmaları Jiyen jırawdıń dóretpelerindey bolıp xalıq arasında saqlanıp qalmaǵan. Jiyen jırawdıń dóretiwshiligin arnawlı túrde izertlegen ilimpaz Artıq Karimovtıń anıqlawına qaraǵanda shayır 1730-jıllar shamasında tuwılıp, 1784-jılı qaytıs bolǵan.[1]

Izertlewshiniń bul anıqlaǵan sánesi jámiyetshiligimiz tárepinen maqullanıldı hám házirgi waqıtları ádebiyattanıw iliminde birden-bir durıs sáne tiykarında qabıl etilip júr.

Jiyen jırawdıń ómirine baylanıslı materiallardıń eń birinshisi onıń tvorchestvosı arqalı belgili boladı. Onıń "Posqan el", "Ullı taw" poemaları hám "Xosh bolıń doslar", "Áy jigitler, jigitler", "Ha xanımız, xanımız" shıǵarmalarında Jiyen jırawdıń Túrkstanda tuwılǵan shayır ekenligi anıqlanadı. Tariyxshı hám ádebiyatshı ilimpazlar Jiyen jıraw qaraqalpaqlardıń Túrkstannan posıp kóshken dáwirinde 30-55 jaslarında bolǵan bolıwı kerek dep boljaydı.

Shıǵarmalarınıń mazmunına qaraǵanda Jiyen jıraw oǵada jarlı shańaraqtan shıqqan. Jas waqıtlarında kisi esiginde júrip xızmet islegen, qoy-eshki baqqan.

Jiyen jıraw qaraqalpaq xalqınıń turmısındaǵı hádiyseler menen tikkeley baylanıslı ómir súredi, turmıstaǵı bolıp atırǵan waqıyalardıń sociallıq, siyasiy mazmunın miynetkesh xalıqqa túsindiriwshi, óziniń jasaǵan dáwiriniń eń aldıńǵı qatar adamı boldı.

Jiyen xalqımızdıń eń súyikli shayırı bolıwı menen birge, ol belgili jıraw bolıp tabıladı. Jırawshılıq xalqımızdıń áyyemgi saz hám sóz óneriniń biri.

[1]Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. –Нөкис: Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1962, 52-бет.

Qaraqalpaq shayırlarınıń bir ózgesheligi bar, bul qaysı shayırdı alıp qarasańızda ya baqsı, ya jıraw boladı. Bul jaǵday iskusstvo menen ádebiyattıń birlikte, aralasıp rawajlanıp kiyatırǵanın kórsetedi. Jırawdıń bul tarawdaǵı xızmeti ayrıqsha ullı. Ádebiyatshı N.Dáwqaraev aytqanınday, Jiyen jırawlıqta qaraqalpaq iskusstvosı tarawında úlken bir mektepti baslawshılardıń biri boldı. Sebebi, ásirler boyı xalıq arasınan orın alıp kelgen “Qırıq qız”, ”Alpamıs”, ”Er Ziywar” t.b. dástanlardı Jiyen jırawdıń yosh penen atqarǵanlıǵın dálilleytuǵın maǵlıwmatlar bar. Sonlıqtan “Qırıq qız” dástanı jóninde jıraw Qurbanbay Tájibaev bılay deydi:

Jiyen degen jırawdan,
Nusqa bolıp doslarım,
Qaldı búgin bul dástan,
Xalıqtıń kewlin qılıp shad,
Jiyen jırawdıń shákirti,
Jıraw da bolǵan Xalmurat,
Alpıs jıl aytqan bul sózdi.[1]

Jiyen mazmunlı, tereń mánili shıǵarmaları menen óz zamanında hám sońǵı dáwirlerde de xalqına keń tanıldı, úlken húrmet-izzetke miyasar boldı. Biziń bul pikirimizdiń durıslıǵı qaraqalpaq ádebiyatınıń taǵı bir ullı shayırı Ótesh Alshınbay ulınıń:

Atım Ótesh, babam atı Jiyendi,
Xalıqqa sózi úlgi bolǵan emes pe?![2]

dep Berdaq penen xat arqalı aytısında jazǵan sózleri menen de dálillenedi. Jiyen tek shayır ǵana emes, duwtardı da, qobızdı da teńdey jaqsı shertken ataqlı sazende, qaharmanlıq, ashıqlıq, turmıslıq xalıq dástanların jırlaǵan jıraw hám baqsı bolǵan adam. Ol kópshiliktiń názerin ózine erksiz qarata alatuǵın dilwar sheshen boldı. Sózi menen de, isi menen de xalqına harıp-sharshamay ólgeninshe hadal, paydalı xızmet etiwdi azamatlıq wazıypam dep túsingen hám usı pikirinen eń sońǵı

---

[1]Қарақалпақ фольклоры. VI том. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1980, 460-бет.
[2]Өтеш Алшынбай улы. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1962, 127-бет.

demine shekem taymaǵan. Bul aytılǵanlardıń dáliyli etip aqlıǵı Óteshtiń mına qosıq qatarların keltirsek boladı:

Qobız benen hám duwtardı ol shertken,
Sózi menen dushpanlardı qul etken,
Aytqan sózi adamzattı eritken,
Qaraqalpaqta Jiyen ótti dúnyadan.
Sózge kelse joq jerinen tawdırıp,
Kópti ózine alar edi awdarıp…
Tilge kelse Jiyrensheden ótirdi,
Dushpan emes dostıń kewlin pitirdi,
Aqıl-huwshın xalayıqqa jetirdi,
Árman menen Jiyen ótti dúnyadan.
Patshanı jamanlap qolınan qashıp,
Sózi menen zalımlarǵa uw shashıp,
Qońırat-múytenge qushaǵın ashıp,
Árman menen Jiyen ótti dúnyadan.
Jiyen edi tilge sheshen, sózge bay…
Qobız uslaǵannıń, duwtar alǵannıń,
Merekede qaraqalpaqta bolǵannıń,
At dizginniń basın jolǵa salǵannıń,
Aldı bolıp Jiyen ótti dúnyadan. [1]

Mine, bul Jiyenniń eliw tórt jıllıq ómirinde xalqınıń jaqsı turmısta, erkinlikte, awızbirshilikte jasawı ushın qolınan kelgeninshe islegen hár tárepleme xızmetine Óteshtiń bergen ádil bahasınan bir úzindi.

Jiyen jıraw biraz dástanlardı xalıq aldında jırlap tıńlawshılardıń qulaǵınıń qurıshın qandırǵan. Bunı biz Ótesh shayırdıń:

Alpamıstı altı jıllar oylanıp,
Burınǵıdan júdá shıqtı saylanıp…

[1]Өтеш Алшынбай улы. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1962, 130-132-бетлер.

Alpamıs jigittiń sultanı boldı,

Gúlparshın qızlardıń gáwharı boldı

Kórgenniń kóziniń báhári boldı,

Tárip etip Jiyen ótti dúnyadan.

…”Edige”ni aytsa kúnler jawdırıp,

Qaraqalpaqta Jiyen ótti dúnyadan.

”Edige”ni bárjay etti qolǵa alıp,

Jolda ayttı, eli bolıp shayqalıp,

Sózine nur berdi ıqlasın salıp,

“Qoblan”dı qupıya ayttı dúnyada.[1]

degen sózlerinen anıq bilemiz. Jiyen kópshilik shıǵarmaların jazıp shıǵarǵan. Buǵan Óteshtiń Jiyen tuwralı aytqan mına sózlerin dáliyl etip kórsetsek boladı:

Ormanbet biy násiyhatın shıǵarıp jazǵan,

Tuwrı aytıp babam ótti dúnyadan.[2]

Jiyenniń dóretpeleri óz zamanında da, kelesi zamanlarda da xalqımız ushın sarqılmas altın ǵáziyne boldı. Máselen, Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq, Ótesh, Omar hám basqa da ótken ásirlerdegi bir qatar shayırlarımız Jiyen jıraw shıǵarmaların oqıp úyrenip, onnan ruxıy lázzet alıp tásirlengen. Sonlıqtan da olar Jiyendi ózlerine ustaz sanaǵan. Mısalı, “Ótti dúnyadan” qosıǵında Ótesh shayır Berdaq tuwralı: “Úlgi aldı Jiyen jıraw sózinen”[3] dep keltirgen. Al Óteshtiń ózi de Jiyen dóretpelerinen tásirlenip shıǵarmalar jazǵan.

Klassik shayırlarımızdıń Jiyendi ruwxıy ustaz dep tanıwı, onıń shıǵarmalarınan tásirleniwi, paydalanıwı – bul Jiyenniń ólmes shıǵarmalar dóretken ullı shayır ekenliginen, dóretpelerinde miynetkesh xalıqtıń muńın muńlap, jırın jırlap, xalqına hadal xızmet etkenliginen dárek beredi. “Ótti dúnyadan” shıǵarmasında Ótesh shayırdıń:

Jiyen, Berdaq, Kúnxoja hám Ájiniyaz,

---

[1]Сонда, 130-132-бетлер.
[2]Сонда, 130-бет.
[3]Сонда,  38-бет.

Solardıń táriypin Ótesh sen bir jaz,

Dúnyada ómirdi bular súrdi az,

Árman menen men de ótermen dúnyadan.[1]

dep xalıq ushın jan táni menen hadal xızmet etken, xalıq mápin qorǵawǵa miynetin sińirgen babası Jiyen, zamanlasları Berdaq, Kúnxoja, Ájiniyaz tuwralı keyingi urpaq ushın qosıq penen maǵlıwmat jazıp qaldırıwdı azamatlıq wazıypam dep túsiniwi teginnen emes edi. Bul Berdaq, Kúnxoja, Ájiniyaz benen bir qatarda Jiyendi ullı shayır sanap onıń ruwxına bas iyiw degen sóz. Usınday ullılıǵınıń nátiyjesinde Jiyenniń shıǵarmaları xalqımız arasına awızsha da, qoljazba túrinde de keńnen tarap, áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa ótip biziń zamanımızǵa jetip otır.

***v) Jiyen dóretiwshiliginiń izertleniwi.*** 1930-jıllardan baslap Jiyen jıraw shıǵarmaların jıynaw hám baspada járiyalaw isi baslandı. 1940-jılı Jiyen jıraw haqqında qısqasha alǵı sóz benen onıń “Posqan el” poeması ”Qaraqalpaq xalıq tvorchestvosı” degen toplamda basılıp shıqtı. Sol jıllardan baslap Jiyen jırawdıń shıǵarmaların jıynaw hám baspada járiyalaw isleri ayrıqsha qolǵa alındı. Mektep baǵdarlamalarına kiritildi, joqar oqıw orınlarında oqıtıla basladı, ol jóninde ilimiy izertlew jumısları alıp barıldı. Jiyen jırawdıń xalıq arasınan jazıp alınǵan ayırım qosıqları Respublikalıq gazetalarda, “Ámiwdárya” jurnalında járiyalana basladı.

1959 hám 1981-jılları shayırdıń qosıqlar toplamı “Posqan el” degen at penen baspada járiyalandı.

Jiyen jırawdıń shıǵarmaları boyınsha dáslepki izertlewshiler Q.Ayımbetov, O.Kojurov hám N.Dáwqaraevlar boldı. Olar qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı boyınsha eń dáslepki jumıslardı baslaǵan ilimpazlar edi.

N.Dáwqaraevtıń “Oktyabr revolyuciyasına shekemgi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń ocherkleri” (Nókis, 1959) degen miynetinde Jiyen jıraw shıǵarmalarınıń ózine tán belgileri kórsetilip berilgen. Bunnan keyingi dáwirlerde Jiyen jıraw dóretiwshiligi boyınsha arnawlı shuǵıllanıp, kandidatlıq dissertaciya jumısın jaqlaǵan ilimpaz A.Karimovtıń “Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı” (Nókis, 1963) degen miyneti, A.Pirnazarovtıń “Qaraqalpaq ádebiyatı boyınsha geypara

---

[1]Сонда, 144-бет.

oylar” (Nókis, 1991), “Jiyen hám Omar shayırlardıń dóretiwshilik sheberlikleri” (Nókis, 1993) degen miynetleri hám t.b. bir qansha maqalalar baspadan shıqtı. (Bul miynetlerdi oqıwshılarǵa kórsetip tanıstıramız).

Shayırdıń shıǵarmaları tek ádebiyatshılardıń izertlew obekti bolıp qalmastan, al kórnekli tariyxshılardıń da miynetlerinde durıs bahalar berilmekte. Mısalı, S.P.Tolstov, T.A.Jdankolar Jiyenniń shıǵarmalarına joqarı bahalar bergen. Tariyxshı akademik S.Kamalov ta Jiyen jırawdıń shıǵarmalarınan xalqımızdıń tariyxındaǵı XVIII ásirge tiyisli tariyxıy materiallardı anıqlaw ushın paydalanadı.

Jiyen jırawdıń shıǵarmaları hám óziniń jámiyetlik siyasiy turmıstan alǵan ornı haqqında kórnekli ádebiyatshı hám tariyxshılar óz bahaların bergen. N.Dáwqarev: “Ol shayır bolıw menen birge, kórnekli jıraw da bolǵan, onıń atı menen házirge shekem kóp ǵana qaraqalpaq qaharmanlıq eposları saqlanıp kelgen” dese, akademik S.Kamalov:”Qaraqalpaqlardıń belgili wákili, ataqlı shayır-jıraw Jiyen bolıp tabıladı”,-dep bahalaydı.[1]

Al, ádebiyatshı Q.Ayımbetov 1940-jılı shıqqan “Qaraqalpaq xalıq tvorchestvosı” degen kitaptıń sóz basında: ”Bul kitapta qaraqalpaq xalqınıń súyikli ullarınıń, xalıqtı basqarǵan basshılarınıń, sóz sóylegen sheshenlerdiń sóz marjanları bar. Xalıq posqan zarlı zamanda xalıqtıń zarına qobızın qushaqlap, xalıq shekken azaptı birge shegip, ármanın, azabın kórkem sóz benen tariyxta qaldırǵan Jiyen jırawday xalıqtıń súyikli ulınıń hasıl sózi bar”,[2] -dep bahalaydı.

Ádebiyatshı A.Karimov: “Kútá awır turmıstı basınan keshirgen, hárqıylı jawgershilikti, ústem klasslardıń eziwin kórgen, quwdalawlarǵa ushıraǵan. Sonda da ústem klasslardan tilin tartpaǵan shayır. Jiyen jıraw jarlı xalıq massasınıń shayırı hám jırshısı boldı”,[3]-dep baha beredi. (Ilimpazlardıń Jiyen jıraw haqqındaǵı bahalı pikirleri menen oqıp tanıstıramız).

Jiyen jıraw shıǵarmaların kólemi, mazmunı, súwretlew usıllarına tiykarlanıp eki túrge bólip qarawımızǵa boladı.

---

[1]Жапақов Н., Мәмбетов К., Султанов Қ., Каримов А. Қарақалпақ әдебияты тарийхы. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1983, 74-бет.
[2]Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. –Нөкис: Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1963, 15-бет.
[3]Сонда, 32-бет.

Birinshisi, terme-tolǵawları: "Áy jigitler, jigitler", "Ber túyemdi", "Ha xanımız, xanımız", "Xosh bolıń doslar" hám t.b.

Ekinshisi, epikalıq shıǵarmaları: "Posqan el", "Ullı taw" poemaları.

Endi biz oqıwshılardıń dıqqatın Jiyen jırawdıń baspadan shıqqan toplamlarına awdaramız. Oqıwshılarǵa shayırdıń "Posqan el" (Nókis, 1981) toplamın kórsetemiz. Ayırım shıǵarmalarınan úzindilerdi kórkemlep oqıp beremiz. Jáne de oqıwshılardıń kewlin Jiyen dóretiwshiligine awdarıw ushın onıń ádebiy miyrası boyınsha islengen izertlew jumısların, ilimiy maqalalardı kórsetemiz.

Klassta oqıwshılar menen Jiyen jırawdıń dóretiwshiligine bolǵan xalıqlıq kózqaraslardı bayanlap atırıp, onı házirgi zaman menen baylanıstırıwdı da umıtpaw kerek. Mısalı, onıń qosıq jazıw dástúrleriniń búgingi qaraqalpaq shayırları ushın úlgi bolatuǵınlıǵın, shayırdı húrmetlep, onıń atına mektepler, kósheler qoyılǵanlıǵın aytıp ótiw kerek. Eger oqıwshılar ózleri qálese, muǵallimniń lekciyasın jazıp otırıwǵa olarǵa ruxsat etiw kerek.

Lekciyadan keyin oqıwshılar menen Jiyen jıraw shıǵarmaları boyınsha gúrriń ótkergen jón boladı. Mısalı:

1. Burın Jiyen jırawdıń atın esitkenlerińiz bar ma?
2. Jiyen jırawdıń qosıqların oqıǵanlarıńız bar ma?
3. Jiyen jırawdıń qosıqların yadtan biletuǵınlarıńız bar ma?
4. Kimniń úyinde Jiyen jırawdıń qosıqlar toplamı bar? h.t.b. dep oqıwshılarǵa sawal taslap, juwap alıw jolları menen gúrriń ótkeriwge boladı. Bunnan keyin oqıwshılardıń sorawlarına tolıq juwap beriwimiz kerek.

Búgingi lekciyamızdıń barlıq baǵıtın Jiyen jırawdıń ádebiyatımız tariyxında ullı adam bolǵanlıǵın kórsetiw arqalı Jiyen jıraw dóretiwshiligine oqıwshılardıń ıqlas hám qızıǵıwshılıǵın jámlewden ibarat bolǵanday etip qurıwımız kerek.

Biziń oqıwshılardı jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq túrindegi búgingi lekciyamız 20-30 minutlarǵa sozılıwı múmkin.

Sabaqtı qurallandırıwda 7-klass ushın ádebiyat sabaqlıǵınan, Jiyen jırawdıń "Posqan el" (Nókis, 1981) qosıqlar toplamınan, A.Karimovtıń "Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı" (Nókis, 1963), A.Pirnazarovtıń "Jiyen hám Omar

shayırlardıń dóretiwshilik sheberlikleri” (Nókis, 1993) miynetlerinen hám bulardan tısqarı 3-4 gazeta, jurnallıq maqalalardan paydalanamız. Úy tapsırmasın eki túrli baǵdarda beriwimiz múmkin.

Birinshisi, ulıwma búgingi klassta ótilgenler haqqında oqıwshılardıń tayarlanıp keliwlerin tapsırma etip beremiz.

Ekinshisi, úy tapsırması ushın aldın-ala birneshe sorawlar dúzip kelemiz. Máselen, tómendegi baǵdarda sorawlar dúzip kelsek boladı:

1. Jiyen jıraw neshinshi jılları hám qay jerlerde ómir súrgen?
2. Jiyen jıraw jasaǵan dáwirde qanday tariyxıy waqıyalar boldı?
3. Shayırdıń ómirbayanına tiyisli maǵlıwmatlardı qayaqtan alamız?
4. Jiyen dóretpelerin qanday janrlarǵa bólip úyrenemiz?
5. Jiyenniń qanday terme-tolǵawları bar?
6. Shayırdıń epikalıq shıǵarmaların kórsetiń.
7. Jiyen jıraw dóretiwshiligi boyınsha arnawlı shuǵıllanǵan ilimpazlardı kórsetiń. h.t.b.

Bul sorawlardı oqıwshılarǵa jazdırıp, erteń olardan tolıq juwabın talap etetuǵınımızdı eskertemiz.

## *2.2. Jiyen jırawdıń lirikalıq shıǵarmaların oqıtıw metodikası (Aralas sabaq túrinde oqıtıw)*

Qaraqalpaq mekteplериniń V-VIII klasslarınıń hámmesinde de oqıwdı aralas sabaq túrinde ótkere beriw múmkin.

Aralas sabaq túri muǵallim ushın ańsat bolǵanlıǵı sebepli emes, al ótiwge tiyisli bolǵan materialdıń talap etiw zańlılıǵınan kelip shıǵadı.

Aralas sabaq túriniń sıpatlı belgisi, ol sabaqtıń hár bir etabı ushın qatań waqıttı talap etedi. Sol sebepli ádebiyat muǵallimi óziniń erteńgi 45 minutın etaplarǵa bólistiredi. Jáne de sol jobada sabaqtı oqıwshılar menen tabıslı alıp baradı.[1]

Bul sabaq túri mektep turmısında háreketsheń qollanıladı. Sonlıqtan muǵallim jeke sabaq jobasın tómendngishe dúzse boladı:

I. Sabaqtıń teması hám tipi

1) Sabaqtıń tipi: Aralas sabaq túri

2) Sabaqtıń teması: Jiyen jırawdıń lirikalıq shıǵarmaları

II.Sabaqtıń maqseti:

a) Oqıwshılarǵa Jiyen jırawdıń ómiri hám dóretpeleri boyınsha jańa bilimler beriw;

b) Oqıwshılardı Jiyenniń shıǵarmaları arqalı adamgershilikke, watan súyiwshilikke tárbiyalaw;

v) Oqıwshılardıń til baylıǵın, oy-órisin rawajlandırıw.

III. Sabaqtı qurallandırıw:

1. Milliy istiqlol ǵoyasi: Asosiy tushincha va tamoyillar. (Izoxli kwrgazmali vositalar). Toshkent, “Yangi asr avlodi”, 2001.

2. K.Mambetov, Z.Ayjanova “Qaraqalpaq adebiyatı” 7-klass. Nókis, 2005.

---

[1]Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың актуаль мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 47-бет.

3. A.Karimov. Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı. Nókis, 1963.

4. A.Pirnazarov. Jiyen hám Omar shayırlardıń dóretiwshilik sheberlikleri. Nókis, 1993.

5. Á.Paxratdinov. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis, 2004.

6. Jiyen jıraw. Posqan el. Nókis, 1981.

7. Kórsetpeli qurallar. Albomlar, súwretler.

IV. Sabaqtıń barısı:

1. Shólkemlestiriw.

2. Úyge tapsırmanı soraw:

a) Jiyen jırawdıń ómirine baylanıslı maǵlıwmatlardı beriń;

b) Jiyen jırawdıń dóretpeleri boyınsha túsinik beriń;

v) Shayır qosıqlarınan tásirli etip oqıp beriń.

3. Jańa tema: Jiyen jırawdıń lirikalıq shıǵarmaları

Jiyenniń lirikalıq qosıqların mazmunına hám tárbiyalıq áhmiyetine qarap oqıwshılarǵa úyretiw durıs másele. Jańa temanı taxtaǵa anıq etip jazıp, onıń jobası menen oqıwshılardı tanıstıramız: “Ílaǵım”, ”Áy jigitler, jigitler”, ”Xosh bolıń doslar”, ”Kórgende bolar kewlim xosh”, “Júregimde kóp daǵım” shıǵarmaları haqqında.

Jańa temanı monografiyalıq gúrriń usılı menen tolıq, jeńil, túsinikli til menen bayanlawǵa boladı. Kerekli jerlerin jazıp otırıwǵa oqıwshılarǵa ruxsat etiledi.

Jiyen jırawdıń dóretiwshiliginde kórip ótkenimizdey, onıń dáslepki dáwirde jazǵan shıǵarmalarınıń qatarına “Ílaǵım”, ”Áy jigitler, jigitler”, ”Xosh bolıń doslar” hám taǵı basqa dóretpeleri jatadı. Bul dáwirdegi shıǵarmalarında shayırdıń kótergen eń baslı teması qaraqalpaq miynetkeshleriniń basınan ótip atırǵan awırmanlıq turmısı, zaman shınlıǵı, xalıqtıń búlginshilik turmıslardı baslarınan keshiriwi sıyaqlı máseleler boldı.

Shayırdıń bul qosıqlarında sociallıq teńsizlik ótkir túrde sóz etilip, óz basındağı awırmanlıqtı kórsetiw arqalı miynetkesh xalıqtıń awır turmısı ashıp beriledi.

Jiyenniń Jańadárya dáwirinde jazǵan shıǵarmalarınan biri “Ílaǵım” qosıǵı ómirbayanlıq xarakterge iye. Qosıq Jiyenniń óz atınan bayanlanadı. Qosıqtıń syujetlik mazmunı tómendegishe:

Qosıqtı bayanlawshı shayır jas oyın balası waqtında mal-dáwletli, zalım baylardıń ılaqların baǵadı. Talay azaplardı kóredi. Bir kúni ılaqların qula dúzde baǵıp júrip, ózindey ılaq baǵıp júrgen balalarǵa bas qosıp kóshpek oyının oynap qaladı. Oyındı baslaǵan da usı qosıqtıń avtorı Jiyen boladı. Balalar oyınǵa anıq kirisken waqtında, dalada jayılıp júrgen ılaqlarǵa qasqır shabadı. Ílaqlardı dúrkiretip quwıp, dus kelgenin jeydi. Bir waqta balalar oyındı qoyıp, ján-jaǵına qarasa jayılıp júrgen ılaqlar joq bolıp shıǵadı. Bunnan keyin Jiyen óziniń baǵıp júrgen ılaqların dala qoymay, toǵay qoymay qaraydı. Qasında erip júrgen kópek iytiniń de buǵan hesh qanday járdemi bolmaydı.

Bir waqları qasqır ılaqlardı oyǵa qamap, olardı shetinen bawızlap jep atırǵanın kóredi. Jas bala qolına tayaǵın alıp, qasqırdan eliw toǵız ılaǵın zordan ayırıp aladı, on ılaǵın qasqır bawızlap ketken boladı. Bunı kórgen jas oyın balası bayǵa ne juwap aytaman dep qattı qapa boladı. Bayǵa ne juwap aytarın bilmey, sarsańǵa túsken bala:

On ılaqtı qasqırǵa,
Jegizgen soń bir kúnde,
Qıyın boldı oylasam,
Bul dúnyada jasarım…
Ashılmaǵan mańlayım,
Ústem bolıp mınaw is,
Ketti ábden qolayım,
Áwere ushın jaratqan,

Ázelde bizdi qudayım…[1] deydi.

Usı joqarıdaǵı qosıq qatarların oqıwshılarǵa kórkemlep oqıp beremiz.

Bul ”Ílaǵım” qosıǵı shayırdıń óz ómirinen bir ǵana epizodın bayanlap kórsetkendey bolıp kózge túsken menen de, shayır bunda tek ǵana óz qara basınıń qıyınshılıqqa túskeni tuwralı emes, al jasınan azap-aqıretke, awır miynetke hám de ruxıy jaqtan hár qıylı qıyınshılıqlarǵa duwshaker bolıp júrgen ulıwma jarlı xalıqtıń balalarınıń turmısın súwretlep beredi.

Qosıqqa anıqlap ser salıp oqıp qaraǵanda, ondaǵı aytılǵan sózler tek ǵana oyın balasınıń aytqanı emes, al ómirdiń hár qıylı qıyınshılıǵın basınan keshirgen úlken adamnıń sózi sıyaqlı bolıp kórinedi. Shayır bul jerde jarlı balalarınıń jastan-aq úlken adamlarday bolıp, ómirdiń ne túrli záhárin tatıp, bala waqtınan-aq olardıń azap-aqıretke giriptar bolatuǵının atap kórsetken. Shayır bul qosıǵında ózi jasap turǵan dáwirdegi zaman shınlıǵın, baylardıń miyrimsiz ekenligi, olar ushın jalǵız mal da adam balasınan qádirli ekenligiin, olardıń ádilsizligin, xalıqtı ayawsız ezetuǵının ayqın súwretleydi. Shayır usı qosıǵında kúndelikli xalıq turmısınıń bir epizodın kórsetiw menen birge bul dáwirdegi sociallıq teńsizliktiń de shegarasın ashadı.

Jiyenniń ”Áy jigitler, jigitler” qosıǵında eziwshilik, ádilsizlik, xalıq basına túsken awırmanlıq jırlanadı. Qosıq shayır tárepinen xalıqqa násiyat aytıw xarakterinde bolıp keledi:

---

[1]Жийен жыраў. Посқан ел. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1981, 9-10-бетлер. (Келеси мысалларды да усы топламнан алып, бетлерин қапталына көрсетемиз).

Áy jigitler, jigitler,
Zamanımız tar eken,
Kómekeyde turǵandı,
Aytalmastay kún eken…
Aytajaǵım ballarım,
Diyxan bolsań jer ekken,
Kón sharıǵıń keń bolsın,
Bay ulınan bir-eki,
Aytar sóziń kem bolsın,
Óytpese jigitler,
Aytajaqtı ayttırmay,
Bas quwsırılıp jaq bolar.(22)

-deydi de, zaman qısıwmetinen sóylewge múmkinlik joq degen juwmaq jasaydı. Qosıq qatarlarınan bay menen jarlı arasında belgili dárejede shegara bar ekenligi sezilip tur. Shayır ózi jasap turǵan zamannıń ádilsizligin, egerde jarlılar baylarǵa qattı sóz aytsa yamasa olardıń aytqanınan shıqsa, kóretugını xorlıq, azap ekenligin ashıq túrde bayanlaydı. "Qapılǵan zamanda kómekeyde turǵandı da ayta almaytuǵının" bildiredi. Miynetkesh xalıqtıń ján-jaqlama aqıret kóriwi, olardıń tamaǵınıń ash, turmıstan qısılıwınıń sebebi, zamannıń jarlı xalıq ushın kútá tar ekenliginen dep kórsetedi. Qosıqtıń sońǵı qatarları tómendegishe:

Bir násiyat ullarım,
Kóz kórgenin aytayın,
Saratanda suwıqtan,
Sarı ala sıyırdıń,
Múyizi qaq jarıldı,
Sarıtal bolǵan biydaydıń,
Dáni astına tógildi,
Qara suwıq qattı urdı,
Bunı ullarım biz kórdik. (22-bet)

Shayırdıń usı qosıq qatarlarına qaraǵanda jay túrdegi tábiyattıń kúshi súwretlenip turǵanday bolıp kózge túsedi. Biraq ta shayır bul jerde tábiyat qubılısların qosıqta qollanıw arqalı jarlı xalıqtıń jaz kúnleriniń ózi de qıstıń eń qaqaman boranlı kúnlerinen jaman ekenligin, olardıń bárqulla ezilip otırǵanın, zamannıń teńsizligin astarlı mániste bayanlap bergen.

Shayırdıń "Áy jigitler, jigitler" qosıǵı óziniń kólemi jaǵınan qısqa bolǵanı menen de, onda tereń sociallıq ideya, sol dáwirdegi shınlıq turmıs kartinaları ayqın súwretlengen.

Jiyenniń "Xosh bolıń doslar", "Kórgende bolar kewlim xosh", Júregimde kóp daǵım" qosıqlarında da qaraqalpaq jarlılarınıń awır turmısları bayanlanadı. Sonday-aq shayırdıń óziniń tuwıp ósken jerin, xalqın shın júreginen súyiw

sezimleri bul qosıqlarda kúshli sáwlelengen. Bunıń mısalın onıń “Xosh bolıń doslar” qosıǵınan tolıq ushıratamız. Bul qosıq:

Qolımdaǵı qobızım,
Shalsam nama saladı,
Qayǵılı sesi shıqqanda,
Qol-ayaǵım taladı.
Kúnnen-kúnge kewlimde,
Nege dártler toladı? (13-bet)

dep baslanadı. Qosıqtıń salǵan jerden bulayınsha baslanıwı, yaǵnıy shayırdıń kútá qayǵılı awhalda turıwı, kewline hár qıylı dártlerdiń tolıwı, qayǵılı sezimler – barlıǵı da óz elinen, tuwıp-ósken jerinen ayra túsip, basqa jaqqa ilajsızdan ketip baratırǵan, xalqın shın júreginen súyetuǵın naǵız insannıń sezimi.

Biraz miynetler etip, óziniń kamalǵa keltirgen jerlerinen, eliniń sulıw kórinislerinen ilajsız ayrılǵan shayırǵa bul jerlerdi taslap ketiw ańsatqa túspeydi. Qosıqtıń baslanıwında-aq shayır bul tuwralı óziniń lirikalıq sezimin kórsetken.

Qosıqtıń bunnan sońǵı qatarlarında shayırdıń óz elin, tuwǵan jerin, miynetkesh xalıqtı jan-táni menn súyetuǵınlıǵı bayanlanadı. Shayırdıń bul sezimleri bılay súwretlenedi:

Tarıqqanda hal bergen,
Ańlı sulıw quwlarım.
Oynap-ósken mákanım,
Búgingi kún sen qaldıń.
Jaynap ósken jerlerim,
Mańlaydan aqqan terlerim,
Biyorın jerde sen qaldıń…
…Asqar biyik tawlarım,
Kólge salǵan awlarım.
Kóldegi ushqan quwlarım,
Tasıp aqqan suwlarım,
Qurır ma dep tamırı,
Dushpanǵa sepken uwlarım.
Qayǵıda júrip qarayıp,
Kóp oylaǵan oylarım,
Aq tayaq alıp qolıma,
Jasımnan baqqan qoylarım.
Kelispey hesh bir talabım,
Qayǵıdan boldı toylarım,
Bul jerlerden ketken soń,
Qalay bolar hallarım?… (13-14-betler)

Bul qosıq qatarlarında shayır óziniń tuwıp ósken eriniń qádirin, onıń tarıqqanda adamǵa hal-dárman beretuǵın suwları menen hasıl jerlerin hám usınday tuwǵan jerden ilajsız ketip baratırǵan sezimin kórsetedi. Aqırında, shayır tuwıp ósken jeri menen, elinde qalǵan xalqı menen xoshlasadı.

Shayır óz elinen, tuwǵan jerinen ayırılıwǵa kimlerdiń sebepker bolǵanın kútá jaqsı túsinedi.

Búlbil ushtı gúlimnen,
Ǵazlar ushtı kólimnen,
Qutı qashtı jerimniń,
Qaysı birin aytayın,
Kúyik bolıp bul qaldı, (14-bet) –deydi.

Bunda shayır tuwıp-ósken jerinen ayrılǵanın, bul nárse shayırǵa úlken dárt salǵanın, bunıń barlıǵı da hár qıylı jawgershilik penen óz ishindegi baylardıń qısqısınan ekenin bayanlaydı. Sonlıqtan da:

Árman menen qısılıp,
Keter boldım elimnen… (14-bet)

dep baylardıń sebebinen usı awhalǵa túskenligin kórsetedi.

Tuwıp ósken jerinen, elinen ayırılıw shayırdıń tek óz basındaǵı awhal emes, bul da sol dáwirdegi ulıwma qaraqalpaq miynetkeshleriniń basınan keship otırǵan jaǵday edi. Xalıq bir orında tura almay, óziniń jańa kamalǵa keltirgen jerlerinen, mal-dúnyasınan ayrılıp, basqa jerlerge posıp júrdi. Miynetkesh xalıq jaylaǵan jerlerin kózleri qıymay, biyilaj bolǵan soń ǵana ketiwge májbúr edi. Xalıqtıń usı sezimin shayır óziniń basındaǵı jaǵdaylar menen ushlastıradı. Bunı onıń “Kórgende bolar kewlim xosh” qosıǵınan ayqın kóriwimizge boladı:

Kindik qanım tamǵan jer,
Ármanda sennen ayrıldım…
Miywası pisken ayma-ay,
Tereń jılǵa, tereń say,
Dáryam sennen ayrıldım…
Xosh bol tuwıp ósken jer,
Bir-birewden ayrıldıq. (29-bet)

Shayırdıń bul qosıǵı joqarıdaǵı “Xosh bolıń doslar” qosıǵında kórsetken óziniń ishki sezimin tastıyıqlaydı.

Jiyen óz qosıqlarında eli-xalqınan, tuwıp ósken jerinen ayrılǵan adamlarǵa násiyat berip, olardı mártlikke ruxlandırıp otıradı. Bul jaǵday shayırdıń "Júregimde kóp daǵım" dep baslanatuǵın qosıǵında sáwlelenedi. Qosıqta elinen, jerinen, mal dúnyasınan ayrılıp, qayjerge bararın bilmey bas aldı ketip baratırǵan xalıqqa shayırdıń janı ashıp, olardı ayap, óziniń aqıl-násiyatın beredi. Xalıq usınday azaplardı kórse de, olardıń muńaymawın, hár bir iske márt bolıwın násiyatlaydı.

Ólgen óldi, qalǵan qaldı,
Hesh nárseni oylama,
Ózegińe ot salıp,
Shıbın janıń qıynama,
Ólgenlerdi yadqa alıp,
Zıǵırdanım qaynama.
Jas janlarım márt bolıń,
Márt bolıńlar ata-ana,
Jas botam dep zarlama. (28-bet)

Bunda shayır elinen ayra túsip, ilajsız posıp baratırǵan xalıqqa ushırasqan qıyınshılıqlar aldında bas iymewdi, dushpannan tartınbawın násiyat etedi. Bul qosıq shayırdıń "Posqan el" poemasında ushırasatuǵın geypara orınlar menen de únles kelip otıradı.

Sabaqtı ótip bolıp, eger ótilgen materiallar boyınsha oqıwshılarǵa túsiniksiz sózler bolsa, olardıń túsiniklerin sózlik dápterlerine jazdıramız, túsinikler beremiz.

4. Sabaqtı bekkemlew.

Bekkemlew etabında oqıwshılardıń jańa tema boyınsha bilimlerin bekkemlew ushın tómendegishe sorawlar beremiz:

1) Jiyen jırawdıń qanday lirikalıq shıǵarmaların bilesiz?
2) Jiyenniń qaysı qosıǵı ómirbayanlıq xarakterge iye?
3) Shayırdıń "Ílaǵım" qosıǵında qanday waqıya sóz etilgen?
4) Tuwılıp ósken jerdiń qádiri, watanǵa degen muhabbat sezimleri qaysı qosıqlarında ayqın súwretlengen?

Joqarıdaǵı sorawlarǵa juwap alıp, oqıwshılardıń taza tema haqqındaǵı túsiniklerin bekkemleymiz. Qosıq qatarlarınan oqıwshılarǵa kórkemlep oqıtamız.

5. Úyge tapsırma.

Úyge tapsırmaǵa Jiyenniń lirikalıq qosıqlarınan bántler yadlap keliwge tapsıramız.

### *2.3. Jiyen jırawdıń epikalıq shıǵarmaların oqıtıw metodikası (Birlesken sabaq tipinde oqıtıw)*

VII klassta kórkem shıǵarmanı úyreniwde qollanılatuǵın metodikalıq usıllar V-VI klasslarǵa qaraǵanda qospalıraq túrde alıp barıladı. VII klassta Jiyen jıraw shıǵarmaların úyreniw ústinde islew oqıwshılardıń kórkem estetikalıq hám ilimiy-siyasiy kózqaraslarын qáliplestiriwge, awızsha hám jazba sóz baylıǵın tereń rawajlandırıwǵa jaqınnan járdem beredi. Bul klassta Jiyen jıraw dóretpelerin úyreniwde muǵallimniń kiris sózi, shıǵarmanıń mazmunlı túsindiriliwi úlken áhmiyetke iye.

Shıǵarmanıń mazmunın túsindiriw barısındaǵı bul usılda muǵallim oqıwshılarǵa Jiyen dóretpeleri boyınsha burın ótilgen ayırım materiallardı eske túsiredi hám onı hár tárepleme tolıqtıradı. Solay etip, muǵallim oqıwshınıń sol material boyınsha tolıq túsinik alıwına erisedi.

Joqarı klasslarda sabaq túrlerinen birlesken sabaq túri kóp qollanıladı. Bul sabaq túri aralas sabaq túri menen salıstırǵanda kóp ózgesheliklerge iye.

Birlesken sabaq túriniń qurılısı - shólkemlestiriw, jańa tema, úyge tapsırmanı soraw hám jańa temanı bekkemlew, úyge tapsırma beriw etaplarınan turadı. Dáslep birlesken sabaq túriniń jeke jobasın dúzip alamız.

I. Cabaqtıń teması hám tipi:

a) Sabaqtıń teması: Jiyen jırawdıń epikalıq shıǵarmaları

b) Sabaqtıń tipi: Birlesken sabaq tipi

II. Sabaqtıń maqseti:

a) Oqıwshılarǵa Jiyen jırawdıń epikalıq shıǵarmaları haqqında bilim beriw; b) Oqıwshılardı Jiyenniń shıǵarmaları arqalı adamgershilikke, watan súyiwshilikke tárbiyalaw; v) Oqıwshılardıń til baylıǵın, oy-órisin rawajlandırıw.

III. Sabaqtı qurallandırıw:

1. Milliy istiqlol ǵoyasi: Asosiy tushincha va tamoyillar. (Izoxli kwrgazmali vositalar). Toshkent, "Yangi asr avlodi", 2001.

2. K.Mambetov, Z.Ayjanova "Qaraqalpaq ádebiyatı" 7-klass. Nókis, 2005.

3. A.Karimov. Jiyen jırawdıń ómiri hám tvorchestvosı. Nókis, 1963.

4. A.Pirnazarov. Jiyen hám Omar shayırlardıń dóretiwshilik sheberlikleri. Nókis, 1993.

5. Á.Paxratdinov. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Nókis, 2004.

6. Jiyen jıraw. Posqan el. Nókis, 1981.

7. Kórsetpeli qurallar. Albomlar, súwretler.

IV. Sabaqtıń barısı:

1. Shólkemlestiriw

2. Jańa tema

3. Úy tapsırmasın soraw hám bekkemlew

4. Oqıwshılardı bahalaw

5. Úyge tapsırma beriw

Ádebiyat sabaǵında úyrenilip atırǵan hár bir kórkem shıǵarma ádebiy-teoriyalıq maǵlıwmatlar menen tıǵız baylanıslı alıp barıladı hám azlı-kópli túsinik beriledi. Máselen, úyrenilip atırǵan materialda shıǵarmanıń lirikanıń qaysı túrine kiretuǵınlıǵı (siyasiy lirika ma yaki miynet haqqındaǵı lirika ma t.b.) faktler negizinde dálillep kórsetiledi. Lirikalıq qaharman, qaharmannıń ózine tán jeke kelbeti hám lirikada milliy kolorit haqqında da ádebiy-teoriyalıq túsinik berilgeni durıs. Muǵallim ádebiy-teoriyalıq maǵlıwmattı úyrenip atırǵan shıǵarmaǵa baylanıstırıp ótiwi oqıwshınıń jańa material boyınsha izbe-iz tıyanaqlı bilim alıwın támiyinlep ǵana qoymastan, bul shıǵarmanı esinde uzaq waqıt saqlawına hám teoriyalıq maǵlıwmattı turmıstan mısallar keltiriw arqalı túsindirip beriwine de erisedi.

Jiyen jıraw dóretpelerin úyreniwge arnalǵan búgingi bul sabaqta shayır shıǵarmaları haqqında, onıń ózine tán súwretlew usılı, jámiyetlik turmısqa

kózqarası jóninde keń pikir júrgizemiz. Ol ushın aldın-ala belgilep alınǵan joba tiykarında tómendegi úlgide izbe-iz ótemiz.

Shıǵarmadan tańlap alınǵan úzindini tásirli oqıw hám oqıwshılarǵa oqıtıwdan, sonday-aq shıǵarmaǵa sáykes geypara súwretli kórinislerdi túsindiriwden baslaymız. Jańa material bayanlaw usılı menen túsindiriledi. Bul usıl oqıwshılardıń jańa materialdı izbe-iz ózlestiriwine járdem etedi. Sonday-aq bayanattıń ayırım kerekli dep tabılǵan jerlerin oqıwshılardıń dápterlerine jazıp otırıwına da múmkinshilik beremiz. Sebebi, biz bayanatımızda tek sabaqlıqtaǵı materiallardı aytıw menen sheklenbesten, Jiyen dóretpeleri haqqında jazılǵan geypara ilimiy miynetlerdegi materiallardan da (álbette, bunda baǵdarlamanıń talabı basshılıqqa alınadı) paydalanamız. Bul usıl oqıwshılardıń Jiyen dóretpeleri boyınsha keń ilimiy túsinik alıwın támiyinleydi.

Muǵallimniń jańa material boyınsha bunday bayanatı oqıwshılarǵa qızıqlı hám túsinikli bolıp qoymastan diydilegen óz maqsetine de erisedi.

VII klassta oqıwshılardıń Jiyen dóretpeleri ústinde óz betinshe oqıwın shólkemlestiriw de joqarı nátiyje beredi. Máselen:

1. Jiyen jırawdıń shıǵarmaların qanday janrlarǵa bólemiz?

2. Jiyen jırawdıń lirikalıq qosıqlarınan bilesizler me, onı yadtan aytıp beriń? t.b. sorawlar beriw oqıwshılardıń óz ústinde oylanıwın hám tereń mánide juwap qaytarıwına járdem beredi.

Is jobada baǵdarlamaǵa sáykes Jiyen jırawdıń epikalıq shıǵarmalarına eki saat waqıt berilgen. Bir qıylı sabaq tipinde sabaq óte beriw oqıwshılardı jalıqtırıp jiberedi. Sonlıqtan biz jańa temanı birlesken sabaq túrinde alıp baramız.

Sabaqqa qoyılatuǵın talaplardan biri – oqıwshılarǵa waqıttı kóp alatuǵın úlken materiallardı ótiwge tiyisli bolıp qalǵan jaǵdaylarda birlesken sabaq tipinen paydalanıw durıs boladı.[1]

Taza temanı tómendegi joba tiykarında gúrriń usılında sóylep beremiz.

1) Jiyen jıraw jasaǵan dáwirdegi siyasiy-jámiyetlik turmıs;

---

[1]Пахратдиновтың Ә. Мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың актуаль мәселелери. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 56-бет.

2) “Posqan el” poemasınıń jazılıw tariyxı;
3) Poemanıń reallıǵı
4) Poemanıń kórkemlik ózgeshelikleri

***“Posqan el” poeması.*** Hár bir ádebiy shıǵarma xalıqtıń haqıyqat basınan keshirgen ómir tariyxınıń shınlıq sáwlesi boladı. Ózin xalıq penen birge sanaǵan hám miynetkesh xalıqtıń jırın jırlaǵan shayır real turmıstı súwretlemey qala almaydı. Óytkeni, haqıyqat shayır bolıp atırǵan waqıyaǵa, shınlıq turmısqa biytárep bolıp qala almaydı. Jiyen jıraw óz waqtınıń aldıńǵı qatardaǵı adamı bolıwı menen, sol waqıttıń eń áhmiyetli sociallıq máselelerin jırladı. Shayırdıń “Posqan el” poeması jawgershiliktiń saldarınan ata-mákanın taslap kóshken qaraqalpaq xalqınıń tragediyalıq jaǵdayın sáwlelendiriwge arnalǵan bolıp, ol qaraqalpaq xalqınıń Túrkistannan kóship, Xorezmge kelip jayǵasıwı menen pitedi.

“Posqan el” shıǵarmasınıń ideyalıq mazmunında bir neshe máseleler: tuwıp ósken jerge súyiwshilik penen bir qatarda búlginshilikti keltirip shıǵarıwshılarǵa qarsı gúres, el birligin saqlaw, urıwlar arasındaǵı ala-awızlıqlardı saplastırıw, bir shórekti bólip jewge shekemgi gumanistlik qatnaslar súwretlenedi.

Poemanı oqıǵannan-aq kózge túsetuǵın eń birinshi ayırmashılıq, shayırdıń shınlıq turmıstı burmalamastan, realistlik penen ashıp beriwi, yaǵnıy shıǵarmadaǵı shınlıq. Bul kútá áhmiyetli nárse. Óytkeni hár bir jazıwshınıń dóretiwshilik salmaǵı onıń óz dáwirindegi shınlıq kartinanı qalayınsha ashıp bergenligi menen belgilenedi. Biz usıǵan qarap jazıwshı dóretpesiniń sıpatın anıqlaymız. Óz dóretpesinde puxara xalıq turmısın bas tema etip, sóz etip otırǵan Jiyen jırawdıń “Posqan el” poemasında shınlıqtı súwretlew menen xalıqqa bolǵan tilekleslik tıǵız ushlasıp keledi.

“…Jiyen bul poemada qaraqalpaq xalqınıń Jańadárya boyınan Xorezmge kóshiwin sóz etedi,”[1] –dep jazadı, ádebiyatshı A.Karimov.

[1]Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. –Нөкис: Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1963, 75-бет.

Poema qaraqalpaq xalqınıń ata jurtı Túrkistanda turaǵı bolmay, taǵı da jawgershilik hám ústem toparlardıń zorlıǵına ushırap shól, dala arqalı Xorezmniń jerine qaray kóshiwinen baslanadı.

Ata jurtı Túrkistan,
Ómirlik jaylaw bolmadı.
Kúni-túni jıynalıp,
On eki ayda tapqanı,
Qıs azıqqa jetpedi.
Tamtarıs boldı suwları,
Ekse egin pitpedi.
Jawgershilik kóp boldı,
Sansız adam qırılıp,
Ǵarǵa jegen ólikke,
Jılǵa-saylar top boldı. (39-bet)

Jolda ashlıqtan hám jol azabınan kóp adam qırıladı. Búlginshilikke ushırap posqan xalıq bir-biriniń halın sorawǵa da shaması kelmeydi. Jol boyı ólip atırǵan balaların ata-analar kózi qıymay ilajsız qaldırıp baratırǵanı birme-bir sóz etiledi.

Ataǵa bala qaramay,
Balaǵa ata qaramay,
Kiyerine kiyim joq,
Isherine tamaq joq.
Jol júriwge jaramay,
Jası qaytqan ǵarrılar,
Búgilgen beli analar,
Jolda qaldı kómiwsiz,
Kóshken kóshke ere almay.
Dalada qaldı kómiwsiz,
Qızıl qumdı asa almay,
Dármanı ketti ashlıqtan,
Ayaǵın qıya basa almay.

Shayır usılayınsha, jol boyındaǵı ólgen hám azap kórgen adamlardı súwretleydi, qansha adam ólgenligin kórsetedi. Sol qayǵıǵa baylanıslı bılay dep tolǵaydı:

Bulardı kórip men sorlı,
Kúymeyin neǵıp otlarǵa?
Ádira qalǵır tuwǵan jer,
Bolmaǵan soń abadan,
Oynap-kúlip jatarǵa. (45-bet)

Bul qatarlardaǵı ózgeshelik mınada: shayır ózin puxara xalıqqa jaqın seziwi onıń muńın muńlap, jırın jırlawı, ózin sol kópshiliktiń biri dep túsiniwshi shayır sol xalıq basındaǵı awır azaptı, muńdı tásirli poetikalıq qatarlarda psixologiyalıq

tolğanıslar menen hesh burmalamastan ashıp beredi, xalıqtıń qayğısın óz basınıń qayğısı dep túsinedi. Bul shığarmanıń kompoziciyalıq qurılısınıń ózgesheligi posıp kiyatırğan xalıqtıń basındağı tragediyalıq awhaldı birme-bir kórsetiwden ibarat. Mısalı:

Bazıbirewdiń qolında,
Qundaqlawlı balası,
Anasınan sút shıqpay,
Tamshılaydı kóz jası,
Onı kórip óksiydi,
Neğılsın ğárip anası.
Oğan berer nárse joq,
Tek “shırağım” panası. (40-bet)

degen sıyaqlı qatarlar konkret waqıya, shayırdıń kórgen waqıyaları tiykarında dóregen. Shayır onı júdá tapqırlıq penen súwretlep beredi.

Óz xalqın shın júrekten súygen shayır xalıqtıń awır jağdayın aytıp qayğıradı. Biraq bunda pessimizmniń kórinisi joq. Ol úmitsizlikke túspeydi. Shayırdıń poemasındağı muńlı qatarlar miynetkesh xalıqtıń basındağı awır tragediyanı kórsetedi. Eger de biz shayırdıń poemasın tereńirek talqılasaq bunıń sebebin anıq túsinemiz:

Nege qapa bolmayın,
Qobızımdı ne ushın,
Qayğılı etip shalmayın?
Mına ólgen jas janlar,
Mına ólgen atalar,
Mına ólgen analar,
Kózlerin ğarğa shuqıydı,
Tappağan soń panalar.
Íńıranbayın men nege?
Mınaw xalıq shubırğan,
Bararına jeri joq,
Batarına kóli joq,
Ataqlı etip bararğa,
Mákanı, jayı, jeri joq.
Sonı kórip men sorlı,
Quwrağan quw qobızdıń,
Qulaqların burayman,
Kewlim dártke tolğan soń,
Qayğılardı jırlayman. (45-bet)

“Posqan el” poemasında jetim qız Minayım obrazı berilgen. Hayal-qızlarğa feodallıq katnas ústem bolıp turğan sol máhálde shayır jetim qızdıń obrazın jasaw arqalı ulıwma eziliwdegi qaraqalpaq qızlarına óziniń ğamxorlığın kórsetedi. Xalıq shubırıp kóshkende Minayımnıń ata-anası jolda ólip, jetim qaladı. Qızdıń qayırxomı bolmağanlıqtan Jiyen onı óziniń izine ertip, oğan bar kómegin kórsetedi.

Ata-menen anası,
Ólip edi bir kúnde…
Qalıp edi paqırlar,
Qızıl qumnıń oyında.

Sonnan berli bul qızdı,
Qasıma ertip álpeshlep,
Ishpesem de óz basım,
Tapqanımdı berip em. (48-bet)

Bunda da shayırdıń jarlı xalıq wákiline kózqarası, mehribanlıǵı, úlken adamgershiligi ayqın seziledi. Sonday qıyınshılıqta ózi jemey, jetim qızǵa pana bolıwı Jiyenniń bizge joqarı adamgershiligin tanıtadı. Poemadaǵı bunnan keyingi waqıyalar bılayınsha dawam etedi:

Jiyen qızdı izine ertip jolın dawam etip baratırǵanda bir baydıń kóshiniń ústinen shıǵadı. Olar tamaq berer degen úmit penen baydıń úyine baradı. Baydıń topas, zulım balası Jiyenniń qasındaǵı on úsh jasar Minayımdı kórip, onı tartıp almaqshı boladı. Biraq Jiyen oǵan qayılshılıq bermeydi. Sonda Ereke bay hám onıń balası Jiyendi sabap, esinen tandırıp taslaydı da qızdı alıp ketedi. Biraz waqıtlar ótken soń Jiyen esin jıynap, kózin ashıp qarasa, bay Minayımdı alıp kóship ketipti. Bas ushında izinen kelgen eki inisi otır eken. Bular tirteklesip jolǵa shıǵadı, tań atar waqtında eki inisi júre almay jıǵıladı. Keyninen kelgen adamlar olarǵa qatıp qalǵan nanınan berip, taǵı alǵa qarap júrip ketedi. Aradan úsh kún ótkende posqınshılardıń azıqları tawsıladı. Jewge heshnárse tabılmaydı, shóp-shardı jeydi. Ol da jartıwlı tamaq bolmaǵannan keyin, hámmesiniń ortasındaǵı kórpe-tósek artıp kiyatırǵan jalǵız eshekti soyıp jewge májbúr boladı hám joldı dawam ettiredi. Aradan on úsh kún ótkende Aral teńiziniń jaǵasındaǵı Muńaytpas, Terbenbes degen atawlarǵa kelip jetedi. Úsh júz adam on-onnan qos bolıp, usı jerge qonıs basadı. Balıq awlap, kún keshiredi. Biraq bul kópke barmaydı. Qıs kelip, kólge muz qatadı. Ash-jalańash xalıqtıń tósenerge tósegi qamıs boladı. Jalań ayaq, jalań bas adamlar qısta balıq awlay almaydı. Atshoqay menen qarabaraqtıń dánin jep kún kóredi. Ashlıqtan úsh júz adamnıń da jarıdan kóbi óledi. Báhár keledi, qaza saladı, qazaǵa balıq mol túsedi. Kópshilik toyınıp qaladı.

Jiyen bir dostı menen Minayımdı izlep jolǵa shıǵadı. Qızıl qumnıń ishi menen tórt kún jol júrip, Qara tawdıń qasındaǵı Xoja kólge kelip, suw iship toyınıp, Qara tawǵa órmeleydi. Jolda bulardı ash qasqırlar qamaydı. Qasqırlardıń

birazın tas penen urıp óltiredi, tağı jol júredi. Qara tawdan túsken jerde bir shopannan Minayımdı zorlıq penen alıp ketken Ereke baydı soraydı hám onnan qızdıń xabarın esitip, Ereke baydıń awılına baradı. Awılǵa jaqınlap bular dem alıp otırǵanda, bir qızdıń ata-anasınan, Jiyennen ayrılǵanın aytıp, zarlaǵan dawısın esitedi. Bular qızdıń Minayım ekenin bilip onıń qasına baradı. Jiyen ózin tanıstıradı. Jiyendi tanıǵan qız quwanǵanınan esinen tanıp qaladı. Jiyen qızǵa bolǵan awhaldı kaldırmay aytıp beredi.

Minayım bulardı sol jerde qaldırıp, ózi túnde úsh at hám qarıw-jaraq alıp keledi. Úshewi atlanıp, dushpannan ósh alıp, eline qaytadı.

Poemanıń qısqasha syujeti usılardan ibarat. Usı tiykarǵı syujetke qosımsha epizodlar retinde baydıń shopanı tuwralı da aytıladı.

Jiyen jıraw jarlılardıń awır turmısın kórip, onı súwretlep beriw menen ǵana sheklenbeydi. Usı awır jaǵdaydı jeńilletiwdiń, onnan qutılıwdıń jolların izleydi. El ishindegi márt jigitlerge qarata olardıń xalıq basındaǵı awır jaǵdaydı oylaw kerekligin aytıp wazıypalar júkleydi:

Ah, doslarım, doslarım!
Qaysı birin aytayın,
Joldaǵı kórgen xorlıqtıń,
Qaysı birin aytayın,
Ondaǵı kórgen zorlıqtıń?…

Qayǵı jamap qayǵıǵa,
Kewil toldı dártlerge,
Awır salmaq túsip tur,
Biletuǵın mártlerge.
(44-45-betler)

Bulayınsha shaqırıq islew arqalı xalıq ǵamın oylawǵa shaqırıw poemadan kóplep tabıladı:

Táwekel etip hár iske,
Márt bolıńlar qaytpastay,
Qarsı kelgen jawlardan,
Attıń basın tartpastay. (52-bet)

Bul jaǵdaylar Jiyen jırawdıń jarlı xalıqtıń ruwxlandırıwshısı, dushpanlardan ósh alıwǵa shaqırıwshı shayır bolǵanlıǵın bildiredi.

***Poemada ádalatsızlıqtı áshkaralaw.*** Jiyen jıraw miynetkesh xalıqtıń turmısın jaqsı biliw menen qatar, ol jámiyettegi teńsizlikti de kóre bildi. Ústem

klasstıń xalıq massasına kórsetip atırǵan awır azabın, hádden tıs zorlıǵın, hiylekerligin áshkara etti. Ezilgen miynetkesh xalıqtıń ayanıshlı turmısın kórsetiw menen birge, ol eziwshilikke, zulımlıqqa qarsı shıqtı. Ol gumanist shayır sıpatında óz qáleminiń ótkir ushın qaraqalpaq baylarınıń zulımlıq hám adamgershilikke jatpaytuǵın topas háreketlerine qarattı.

Shayırdıń realistlik penen súwretlewinshe xalıq óziniń ata-mákanın taslap kóshkende baylar, molla-iyshanlar jarlılar sıyaqlı jol azabına kóp duwshar bolmadı, azaptıń bári jarlı xalıqtıń moynında boldı. Baylardıń kóshiw sebebin de durıs túsingen shayır anıq faktler tiykarında olardıń jarlılardan burın kóshiwin, burın qozǵalǵanlıǵın aytadı. Olardıń burın kóshiw sebebi, shayırdıń aytıwınsha, bul jaqqa ketken ashlarǵa pay bermew, ónimli hám qolaylı jerlerdi kóp iyelew ekenligin, sóytip burınǵısha jarlı xalıqtı awır azapqa, qullıqqa salıw ekenligin ashıp taslaydı:

Baylardıń posıp kóshkeni,
Jeri jetpey kóshken joq,
Buyaqqa ketken ashlarǵa,
Jer bermestiń hiylesi,
Toltırıp kózdi jaslarǵa,
Onnan da etpek ólesi,
Sonıń ushın bul baylar,
Erte kóshti bulardan,
Xorezmniń jerine,
Olardıń nesi ketedi?
Sawarına sawın bar,
Isherine tamaq bar,
Kiyerine kiyim bar,
Jamılarǵa kórpe bar.
Usıları tap-tayın,
Olardıń kimnen zarı bar? (44)

Óz dáwiriniń jámiyetlik teńsizligin ayqın kóre bilgen shayır eziwshilerdiń xalıq basına túsirip otırǵan zulımlıǵın da ayqın kóre bildi. Xalıqqa basshı bolıp, onı talaǵan, basshılıq ornına basqınshılıq etken jawızlardı bet-júzine qaramastan, erjúreklilik penen áshkara ete bildi.

Aldı menen basshısı,
Eki iynin jalmadı,
Buzıq boldı iyshanı,
Ádilsiz boldı qazısı,
Gúnasızdan birazdı,
Gúnalı dep qıynadı,
Eki jaqlap, úsh jaqlap,
Kúnniń kózin kórsetpey,
Kewilge qayǵı jamadı. (40-bet)

Bul qatarlarda shayır teńsizlikti ayawsız áshkaralawshı, ústem toparlardıń jaman ádetlerin tartınbastan shermende etiwshi sıpatında tanıladı.

Egerde jarlı xalıq massası jol boyınsha gúnasız ólgen janlarǵa ayanısh penen qarasa, olarǵa sheksiz súyiwshilik sezimin bildirse, eziwshi klass wákilleri awır azapta ólgenlerge itibarsızlıq penen qaraydı, olardı pisent etpeydi. Sonlıqtan da shayır olardı adamgershilikten, namıstan juda bolǵanlar dep aytıwǵa haqılı edi:

Kólikli kólik bermedi,
Suwlı suwın bermedi,
Jılasaq ta udayı,
Kózdiń jasın kórmedi.
Malı bar malın bermedi,
Qırılsaq ta top bolıp,
Nege óldi demedi…
Adam emes adamlar,
Ǵáripke hesh bir qaramas,
Óz malına masayrap,
Ash dep halın soramas.
Dalada birew ólse de,
Óligine qaramas,
Miyrimsiz zalım zamanda…
Way doslarım, doslarım,
Bayǵa bir pul ólgeniń,
Qarawıtıp qan jutıp,
Kózdiń jasın ishkeniń,
Doslarım, bir pul olarǵa,
Ottay sónip óshkeniń. (40-bet)

Shayırdıń “doslarım” dep otırǵanı jol azabın, ashlıq, jalańashlıq azabın tartqan jarlı xalıq wákilleri.

Usılayınsha, ústem toparlardıń adamgershilikke jat qásiyetleri, qara basınıń ǵamın ǵana oylawshılıǵı poemanıń kóp jerlerinde ayawsız áshkaralanadı. Shayır óz malına masayraǵan baylardı “miyrimsizler” dep ataydı, olardıń uwayımsız, qayǵısız turmısına jek kóriwshilik penen qaraydı.

Poemada Jiyen jetim qız Minayım menen asqar qumlardı asıp, kóshin túsirip atırǵan bir baydıń ústinen shıǵadı. Ash adamlar baydan nan soraydı, ózleriniń qıyın awhalların bildiredi. Biraq, zalımlar bularǵa nan beriwdiń ornına awır azap beredi. Jas qız Minayımdı tartıp alıwǵa háreket jasaydı.

Bıdım-bıdım bet awzı,
Bir balası bar eken,
Otır eken tórinde,
Tamaq iship tamsanıp…
Qasımdaǵı jetimge,
Qarada da jutındı.
Maǵan ayttı jekirip,
Toyǵannan soń tamaqqa,
Qayta-qayta kekirip:
…Maǵan ber mına qızıńdı,
Hayallıqqa alaman,
Jaman bolsa negizi,
Qoy keynine salaman,
Aytqanımdı qılmasa,
Qarqıratıp shalaman. (50)

Solay etip, sol esersoq bay balası kóplep-kómeklep jas qızdı tartıp aladı, qarsılıq bildirgen Jiyendi tayaqqa jıǵadı. Shayır súwretlegen bul orınlardan kóp maǵlıwmatlar alıwǵa boladı. Jaslayınan-aq zulımlıqqa úyrenip, tırnaqlı hám azıwlı bolıp ósken bay balasınıń adamgershilikke jatpaytuǵın minezi, onıń adırlıǵı hám pásligi, topaslıǵı, turpayılıǵı berilgen. Onıń adamnıń qádirine jete bilmewshiligi, hújdansızlıǵı hám kórgensizligi ashıp taslanǵan. Onıń ata-anası balasınıń bul háreketin maqullap, jas qızdı tartıp alıwǵa basshılıq etedi, basqaları da járdemlesedi. Bul arqalı shayır buzıqlıq tek bir bay balasına ǵana emes, al sol toparlardıń bárine tán ekenligin ashıp beredi. Eń sıpatlı nárse, shayır sol dáwir ushın tán bolǵan baylardıń ústemligi waqtında hayal-qızlarǵa degen feodalistlik kózqarastı qattı sınaydı. Óytkeni, Jiyen jıraw dáwirinde hayal-qızlardı adam esabına almaw, mal ornına satıw, hátteki, óltirip taslaw feodallar ushın ádetke aylanǵan nárse edi. Mine, usı jaǵdaydı, sol dáwirdegi shınlıqtı shayır ózine tán bolǵan sheberlik penen kórsete bilgen.

Shıǵarmada kórsetilgen waqıyalar hám obrazlar izbe-izligi menen, anıqlılıq hám shınlıq penen ayrılıp turadı. Bul jaǵdaylar shayır súwretlegen hádiyseni ján-jaqlı ashıp beriwge járdemlesedi.

***Poemanıń kórkemlik ózgeshelikleri.*** Biz Jiyen jırawdıń "Posqan el" shıǵarmasın tolǵaw dep te, poema dep te júrgizemiz. Ol ekewi de tuwrı. Óytkeni, Jiyen jıraw qaraqalpaq awızeki dóretpesinde úlken bir dástúr bolıp kiyatırǵan tolǵaw dástúrin paydalana otırıp, joqarıda sóz etilgen qaraqalpaq xalqınıń tariyxında awır bir waqıya bolıp qalǵan Túrkistannan Xorezmge posıp kóshiw waqıyasın bayan etedi. Solay etip, shıǵarmanıń tiykarında belgili bir anıq tariyxıy waqıya jatır hám ol ótkendegi qaraqalpaq xalıq awızeki ádebiyatında bekisip ketken tolǵaw dástúri menen bayan etiledi.

Qaraqalpaq folklorındaǵı tolǵawlar dep atalǵan shıǵarmalar, tiykarınan alǵanda basqa da xalıqlardıń folklorındaǵı tariyxıy jırlarǵa tuwra keledi. Folklordaǵı bul tariyxıy jırlarda qosıq penen belgili tariyxıy waqıyalar hám olardıń qatnasıwshıları tuwralı gúrriń etiledi. Qaraqalpaq xalqındaǵı tolǵawlar da basqa xalıqlar folklorındaǵı (mısalı, orıs, qazaq, qırǵız h.t.b. xalıqlar) tariyxıy jırlar sıyaqlı qurılısı boyınsha qaharmanlıq eposlarǵa jaqın hám olardan sońıraq payda bolǵan.

Qaraqalpaq tolǵawları atqarılıwı boyınsha da qaharmanlıq eposlarǵa jaqın, olardı jırawlar qobız benen aytqan. "Posqan el"de qaraqalpaq folklorındaǵı usı tolǵaw dástúri úlken orın alǵan, sebebi, shıǵarma belgili tariyxıy waqıyaǵa arnalıp, qurılısı jaǵınan qádimgi tolǵawlar sıyaqlı qaharmanlıq eposlarǵa uqsas hám jırawdıń atqarıwına baǵdarlanǵan.

Shıǵarma poemanıń talaplarına da juwap beredi hám óziniń mazmunı, qaharmanlarǵa sıpatlama beriw ózgeshelikleri boyınsha kóbirek poemaǵa usaydı. Ádebiyat teoriyasınıń anıqlaması boyınsha "poema syujetti qosıq penen gúrriń etiw, qosıq penen jazılǵan povest yaki gúrriń. Poemada shayır óz qaharmanlarınıń minez-qulqı, ishki keshirmeleri, ol qaharmanlar qatnasqan waqıyalar haqqında sóz etedi. Sonıń menen birge lirikalıq shıǵarmalardaǵı sıyaqlı, poemada súwretlengen turmıslıq waqıyaǵa baylanıslı payda bolǵan óziniń ishki keshirmelerin de bayan

etedi. Poemada ondaǵı waqıyalarǵa qatnasıwshılar menen birge, poemanıń lirikalıq qaharmanı da boladı". Ádebiyat teoriyasında qáliplesken usı talap boyınsha tallaw jasaǵanda "Posqan el" shıǵarmasında belgili bir syujetlik baǵıttı da, minez-qulqı, ishki keshirmeleri menen berilgen qaharmanlar – waqıya qatnasıwshıların da, shıǵarmanıń lirikalıq qaharmanın da kóremiz.

Poema tutas alǵanda eki túrli uyqas penen jazılǵan. Biri – erkin uyqas, biri – shubırtpalı uyqas. Geyde olar aralasıp ta keledi.

Poemada keń qollanılǵan bir kórkemlew usılı lirikalıq sheginis. Shayır xalıq basındaǵı qayǵını, awır azaptı, adamnıń janına batqan jaǵdaylardı súwretley otırıp, óziniń kewil-kúyin, oy-ármanın, súysiniwin hám jerkenishin de jırlaydı. Jiyen jıraw shıǵarmaları súwretlew qurallarına kútá bay. Onda biz epitet, teńew, troplardıń kóplegen túrin tabamız. (Bularǵa shıǵarmadan mısallar keltiremiz).

Juwmaqlap aytqanda, Jiyen jıraw óz dóretpelerinde shın xalıqlıq ideyanı kótergen xalıqshıl shayır bolıp tabıladı. Ol shıǵarmalarında el hám xalıqtı oraylıq tema etip aldı hám onı durıs súwretley bildi. Jiyenniń shıǵarmalarındaǵı xalıqlıq ideyalar házirgi künde de úlken áhmiyetke iye.

# III BAP. ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE XX ÁSIR QARAQALPAQ ÁDEBIYaTÍN OQÍTÍW USÍLLARÍ

**(***I.Yusupov dóretiwshiligi mısalında)*

## 3.1. Shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw usılları

Ulıwma bilim beriw mekteptiń 11-klasında Ibrayım Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligin úyrengende oqıwshılarǵa tek orta mektep ushın dúzilgen ádebiyat sabaqlıǵında berilgen materiallardı aytıw menen sheklenip qalmay shayırdıń ómirine, dóretiwshiligine baylanıslı jazılǵan monografiyalar hám ayrım ilimiy maqalalardan da paydalanıw zárúr. Sebebi, bunday qosımsha materiallardı paydalanıw nátiyjesinde oqıwshıda I. Yusupov dóretiwshiligin tereń ózlestirip alıwına hám shıǵarmalardaǵı súwretlenip atırǵan waqıyanı hár tárepleme, puxta túsinip alıwına tiykar jaratıladı. Jáne de oqıwshılardıń estetikalıq talǵamınıń da rawajlanıwına salmaqlı úles qosadı. Biraq, sabaqlıq kóleminen shıǵıp ketpey turıp, oqıwshılardıń jas ózgesheligin, bilim kólemin de esapqa alıw kerek. Sonda ǵana sabaq materialı mazmunlı hám tásirli boladı.

I. Yusupov - qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili wákili. Ol talantlı shayır. Sonday-aq proza, dramaturgiya tarawında da belgili dárejede qálem terbetken jazıwshı hám dramaturg. Sonıń menen birge orıs hám basqa da tuwısqan xalıqlar ádebiyatı shayırlarınıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan dilmash. Máselen, ol Pushkin, Lermontov, Gete hám Shekspirdiń bir qansha shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarıp, qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwı ushın salmaqlı úles qostı. Bul shayırdı hámme húrmet penen tilge aladı, shıǵarmaların qádirlep oqıydı.

Mektepte oqıwshılar eń dáslep baǵdarlama talabına qaray shayırdıń dóretpesin (lirikalıq shıǵarmaları, poemaları, prozalıq hám dramalıq shıǵarmaların) dáwirlerge bólip dóretpesiniń tiykarǵı belgileri menen tanısadı. Bunda, ásirese shayır dóretpesiniń hár bir janrdıń talabına juwap beriwin, dóretiwshilik rawajlanıwına, kórkemlik sheberlikti iyelep barıwına hám shayır shıǵarmalarınıń janr ózgesheligi boyınsha bilim aladı. Sonday-aq I. Yusupovtıń ómiri hám dóretpesin úyreniwde kórsetpeli hám texnikalıq qurallardan puxta hám sheber

paydalanıw kerek. Bunda oqıwshılardıń ózlerin qatnastırıw arqalı hár qıylı kórsetpeli qurallar dúziledi.

Shayır shıǵarmaları tiykarında klasstan tıs jumıslar (kitapxanalar konferenciyası ilimiy ádebiy keshe, shayır menen ushırasıw hám t.b.) ótkeriw nátiyjesinde oqıwshılar baǵdarlama materialların tereń ózlestiredi hám shayırdıń qaysı bir shıǵarması bolmasın qálegen birewi boyınsha (baǵdarlamada berilgen) óz betinshe erkin pikir júritiwge úyrenedi. Solay etip, oqıwshılar shayırdı óziniń eń jaqın dostı, keńesshisi sıpatında tanıy baslaydı. Nátiyjede shayır shıǵarmalarına úlken húrmet, úlken qızıǵıwshılıq penen qaraydı. Muǵallim onı ámelge asırıw ushın dáslep óz betinshe joba dúzip alıwı kerek boladı. Muǵallimniń aldın-ala puxta tayarlıqlar kóriwi nátiyjesinde ótkerilgen sabaq oqıwshılardıń jańa material bolǵan shayırdıń ómiri hám dóretpesin sanalı ózlestirip alıwı ushın járdem beredi.

11- klassta I. Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshilik jolın úyreniwde tómendegi ádebiyatlar dizimi beriledi.

1. Qaraqalpaq ádebiyatı 11-klass ushın sabaqlıq.
2. Qaraqalpaq ádebiyatı Orta mektep ushın xrestomatiya.
3. I. Yusupov shıǵarmaları I/II tom. 1977. 1979j
4. I. Yusupov «Hár kimniń óz zamanı bar».
5. I. Yusupov «Ómir saǵan ashıqpan» toplamı.
6. G.Esemuratov I. Yusupovtıń poeziyası 1976.
7. J. Esenov. «Poeziya juldızı» N. «Bilim» 2003 j. h.t.b

Sabaqlıq barısınıń nátiyjeli hám sapalı bolıwında kórsetpeli qurallardan paydalanıw úlken juwapkershilikti payda etedi.

Mısalı, I. Yusupovtıń ómiri hám dóretpelerinen oqıwshılarǵa teoriyalıq bilim beriwde tómendegi kórsetpeli qurallardan paydalanıw múmkin

1. Shayırdıń súwreti.
2. Shayırdıń ómiri hám dóretpeleri jazılǵan xronologiyalıq tablica.
3. I. Yusupovtıń dóretpeleri haqqında jazılǵan ádebiy teoriyalıq materiallar hám t.b.

Joqarıda aytıp ótkenimizdey -aq I. Yusupovtıń ómiri hám dóretpelerine baylanıslı islengen hár bir kórsetpeli qurallarda oqıwshılardıń belgili dárejede úlesi bolıwı zárúr. Muǵallim oqıwshılarǵa kórsetpeli qurallardıń qalay isleniwin túsindiredi. Bul kórsetpeli qurallardı islew barısında oqıwshılar shayırdıń shıǵarmalarınıń atların, baspadan shıqqan jılların biledi, az da bolsa mazmunı haqqında maǵlıwmatqa iye boladı.

Shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligine arnalǵan tablica tómendegishe isleniwi múmkin.

| Jıll ar. | Shayırdıń turmısı | Shayırdıń dóretiwshiligi |
|---|---|---|
| 5.v. 1929 | Shımbay rayonınıń Azat awılında tuwıldı. | |
| 1940j. | | Respublikalıq gazeta, ádebiy jurnallarda dáslepki qosıqları basılıp shıǵa basladı |
| 1941-45j | Usı jılları ol kolxozda tabelshik, skladshı, kolxoz basqarmasınıń sekretarı bolıp jumıs isledi | |
| 1946j. | Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutına oqıwǵa kirdi. | «Watan», «Ele esimde sol balalıq qıyal» qosıqları gazetada basılıp shıqtı. |
| 1947j | Qaraqalpaqstanda temir jol qurılısı qolǵa alındı | Usıǵan baylanıslı «Eki qosıq» qosıǵı dóretildi. |
| 1949j | Qaraqalpaq mámleketlik pedistitutın tabıslı pitkerdi hám istitutta qaraqalpaq ádebiyatınan muǵallim bolıp isledi. | «Joldas muǵallim» poeması ádebiy almanaxta basılıp shıqtı |
| 1952j | | «Akaciya gúllegen jerde» poeması jazıldı. |

| | | |
|---|---|---|
| 1955j | | «Baxıt lirikası « toplamı basılıp shıqtı. |
| 1956j | Jazıwshılar awqamı aǵzalıǵına qabıl etildi. | «Seydan ǵarrınıń gewishi» gúrrińi jazıldı. |
| 1957j | | «Kúnshıǵıs jolawshısına» toplamı basılıp shıqtı. |
| 1960j | | «Oylar» qaraqalpaq tilinde, «Pesnya gornogo ruchya» orıs tilinde toplamı basılıp shıqtı. «Bulaqlar qaynaydı» Ózbek tilinde toplamları basılıp shıqtı.<br>M. Yu. Lermontovtıń «Mcırı» poemasın qaraqalpaq tiline awdardı. |
| 1961 j | «Ámiwdarya» jurnalınıń bas redaktorı xızmetinde isledi» | «Jeti asırım» toplamı basılıp shıqtı. |
| 1962j | Ózbekstan ilim izertlew institutınıń Qaraqalpaqstan fillalında ilimiy xızmetker bolıp isledi. | «Oltin qirǵoq» toplamı basılıp shıqtı. (ózbek tilinde). |
| 1963 j | | «Ǵarrı tuttaǵı gúz» ocherkler hám gúrińler toplamı basılıp shıqtı. |
| 1966 j | | «Dala ármanları» qosıqlar hám poemalar toplamı basılıp shıqtı. «Meridianı serdca» toplamı orıs tilinde basılıp shıqtı. |
| 1968 j | | «Zaman aǵımı» toplamı basılıp shıqtı |

| | | |
|---|---|---|
| 1969 j | | «Tala qıyaldarı» toplamı basılıp shıqtı qırǵız tilinde |
| 1971 j | «Aktrisanıń ıǵbalı» «Dala ármanları», «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq» poemaları ushın respublikalıq Berdaq atındaǵı sıylıq berildi. | «Ómirbek laqqı» pesası jazıldı hám teatrda qoyıldı. |
| 1972 j. | | «Chwl twrǵoyı» toplamı ózbek tilinde basılıp shıqtı V.V. Mayakovskiydiń pesasın qaraqalpaq tiline awdardı hám basılıp shıqtı. |
| 1973 j. | | «Glaza yashericı « toplamı orıs tilinde basılıp shıqtı. |
| 1974 j | «Qaraqalpaqstan xalıq shayırı» ataǵı berildi. | «Tumaris hám basqa poemaları» toplamı basslıp shıqtı. |
| 1977 j. | | «Yosh» toplamı basıldı. «Shıǵarmalar jıynaǵı» I-II tom basslıp shıqtı. |
| 1980 j | «Sovet Qaraqalpaqstanı» gazetasınıń redaktorı. | |
| 1985 j | «Máńgi bulaqlar» ataması menen (jer júzlik poeziya klassikleriniń qosıqları hám poemaları) toplamı awdarma baspadan baslıp shıqtı. | |
| 1987 j | H. Olimjan atındaǵı sıylıqı berildi. | «Alasatlı dúnya bul « toplamı basslıp shıqtı. |
| 1988 j | Paraxatshılıq fondınıń baslıǵı. | «Duzlı samallar» toplamı |

| | | |
|---|---|---|
| | | basslıp shıqtı. |
| 1989 j | Pavl Uspenov «Veter zemnıx dorog» I. Yusupovtıń dóretpeleri boyınsha jazılǵan ádebiy portret | «Kewildegi keń dúnya» toplamı basılıp shıqtı. |
| 1992 j | «Ózbekstan xalıq shayırı» ataǵı berildi | Tańlamalı qosıqlar toplamınıń I hám II tomı basılıp shıqtı. «Úmit jaǵısı» toplamı basılıp shıqtı. |
| 1997 j. | | «Búlbil uyası» kitabı boyınsha |

Úlken qattı qaǵazǵa tayarlanǵan bul montaj xanalarǵa qatar tártibi menen tómendegi súwret portret, cıtata hám izbe-iz jazılǵan tablicalar jaylastırılıp qoyıladı. Muǵallim bul tayarlayjaq bolǵan kórsetpeli quralına «I. Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligi» temasın qoyıwı múmkin.

1 I. Yusupovtıń súwreti

2. I. Yusupov haqqında cıtatalar

«Men I. Yusupovtı qaraqalpaq ádebiyatınıń oǵada kórnekli wákilleriniń biri dep esaplayman. Sóz sheberliginde onıń házirgi zaman qaraqalpaq poeziyasındaǵı áhmiyeti ayırıqsha joqarı orındı iyeleydi» (S. Kamalov)

2. «Ibrayım tınımsız izlenetuǵın shayır. Sonlıqtan onıń qosıqlarınan dáwirdiń súreni, hawazı estilip turadı». (S. Eraliev)

3. I. Yusupov shıǵarmaları basqa xalıqlar tilinde (awdarmalarınıń atları.)

1. «Pesnya gornogo ruchya» M. 1960 rus

2. «Buloqlar qaynaydi» T- 1960 ózb.

3. «Oltin qirǵoq» T- 1962 (ózb).

4. «Sahro orzulari» T-1965(ózb.)

5 «Meridianı serdca» M- 1966j

6. «Talaa qıyaldarı» Frunze 1969 (qırǵız)

7. «Chul turǵoyı» T- 1972 (ózb)

8. «Glaza yashericı» M. - 1973

4. I. Yusupov jazıwshılar arasında (súwret).

5. I. Yusupov óziniń shıǵarmasın oqıp berip atır (súwret ) h.t.b. Shayır I. Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligin úyreniw boyınsha tiykarǵı hám keńirek material orta mekteplerdiń 11-klassı ushın arnalǵan sabaqlıqta berilgen. Is jobada da bul temaǵa yaǵnıy I. Yusupovtıń ómiri hám dóretpelerine 6 saat kóleminde beriledi.

Muǵallim 11-klassta oqıwshılarǵa I. Yusupovtıń ómiri hám dóretpesinen maǵlıwmatlar beriwde onı kóbirek lekciya metodı menen alıp baradı.

Bul lekciyanıń joba úlgisin tómendegi tártipte beriwge boladı.

Mısalı:

1) I. Yusupovtıń qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı haqqında qısqasha maǵlıwmat

2) Shayırdıń jaslıq jılları

3) Ádebiyatqa qızıǵıwshılıǵınıń baslanıwı.

4) Shayırdıń ótken turmıs waqıyalarına arnalǵan shıǵarmaları («Seydan ǵarrınıń gewishi»)

5) I. Yusupov dóretpesiniń ósip-rawajlanıwı .

Bul dúzgen joba lekciyanıń izbe-iz baslanıwına hám shayır haqqında oqıwshılarǵa tereń túsinik beriwine óz járdemin tiygizedi.

Lekciya tekstin muǵallim oqıwshılar ushın túsinikli ádebiy tilde tańlawı kerek. Mısalı tómendegishe qısqa hám anıq berilgen tekst, oqıwshılrdıń I. Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligi boyınsha jeterli dárejede bilimge iye bolıwın támiyinleydi:

I. Yusupov qaraqalpaq ádebiyatınıń hár tárepleme rawajlanıwında úlken xızmet etken belgili shayırlardıń biri bolıp esaplanadı. Ol qaraqalpaq ádebiyatında ózleriniń ájayıp shıǵarmaları menen belgili bolǵan T. Qayıpbergenov, B. Ismaylov, T. Jumamuratov, Ǵ. Seytnazarov hám taǵı basqalar menen birgelikte ádebiyatımızǵa kelip qosıldı.

Shayır ádebiyat maydanına kirip kelgen dáslepki jıllardan baslap-aq, qaraqalpaq ádebiyatınıń tazalıǵı, kórkemligi, onıń hár tárepleme rawajlanıwı ushın

miynet etti. Tınbay izleniwi hám óz ústinde qunt penen islewi nátiyjesinde onıń dóretpesiniń kúnnen-kúnge gúllep rawajlanıwın aytıw menen birge usı jerde I. Yusupov haqqında belgili insanlardıń pikirlerin baylanıstırıp ótken orınlı. Teoriyalıq bilimin asırıp barıwı, xalıq awızeki materialları menen qaraqalpaq, ózbek hám t.b. tuwısqan xalıqlar ádebiyatın puxta úyreniw de shayır dóretiwshiliginiń ósiwine, rawajlanıwına, búgingi kúndegi dárejege jetiwine sebep bolǵanlıǵı aytıladı.

I. Yusupov qaraqalpaq ádebiyatında poeziya janrnıń rawajlanıwına salmaqlı úles qostı. Ol qosıq jazıwdıń ustası. Talantlı shayırdıń poeziyalıq qatarları jas shayır hám shayıralar ushın úlgi.

I. Yusupov shıǵarmaları bay hám hár tárepleme. Ol qaraqalpaq ádebiyatında lirikanıń, ásirese, poemanıń rawajlanıwında salmaqlı úlesi bar. Sonıń menen birlikte ol sheber, sawatlı dilmash. Mayakovskiydiń, M. Yu. Lermontovtıń, T. T. Shevchenkonıń, Pushkin, Gete, Bayronnıń qosıqların, Hafızdıń ǵázzellerin, Omar Hayyamnıń rubayıların, Shekspirdiń sonetlerin S. Vurgunnıń Ǵ. Ǵulamnıń, Xamid Olimjannıń, N. Zaryannıń, Zulfiyanıń taǵı da basqa shayır -jazıwshılardıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline úlken sheberlik penen awdarǵan. Shayır tárepinen awdarılǵan hár bir shıǵarmanı taza halında qaraqalpaq tilinde oqıw múmkin.

Usınday kiris sózden keyin oqıwshılarǵa shayırdıń ómiri hám dóretpesi haqqında maǵlıwmat beriledi:

I. Yusupov Shımbay rayonınıń Azat awılında (Házirgi Q. Áwezov sovxozı) 1929 jılı dúnyaǵa kelgen . Dáslepki qosıqları 1940- jıllardıń ekinshi yarımında respublikalıq gazeta- jurnallarda ádebiy almanaxlarda basıla basladı. Hár bir oqıwshınıń aldında álbette «Kim bolsam eken»- degen soraw turadı. Bunday sorawdı turmıs « kishkene kóshpeli kitapxanaǵa kóbirek usaytuǵın .... «Jomart tózimli, bilim hám lázzetke tolı at dorba»sın qasınan bir eli qaldırmaytuǵın jas Ibrayımǵa da tasladı. Onıń juwabı «Ele esimde sol balalıq qıyal» (1946) qosıǵında berilgenindey boladı. Bul jas shayırdıń qıyalları haqqındaǵı ádebiyatqa, shayırlıqqa túrtki bolǵan eki kisiniń tilge alınǵanlıǵın aytıp, birewi baslawısh mektepte bilim bergen muǵalimi Tólegen ekenligin, ekinshisi awıl padashısı Paqırbay padashı

ekenligin aytadı. Óytkeni bolajaq shayır padashı Paqırbaydıń janında eki jaz mal baqqan. Onnan ertek áńgime, qıssalar esitken..

Solay etip I. Yusupovtıń dáslepki qádemdegi dáslepki dóretiwshiligi mektep diywalı gazetasınan orın alǵanlıǵın aytıp ótiw zárúr.

Ullı Watandarlıq urıs balalardıń balalıq, jaslıq jılların ózi menen urlap alıp ketti. Balalar eresek adamlar menen bir sapta turıp jumıs isledi. Bunı mısallar menen aytıp, I. Yusupov ómirine de baylanıstırıw kerek. Onıń kolxozda tabelshik, skladshı, kolxoz basqarmasınıń xatkeri bolıp jumıs islegenligi, biraq kitap oqıwdı taslap ketpegenligi aytıladı. Onı tómendegi dálillerdi mısalǵa keltirip aytıw arqalı iske asırıwǵa boladı. Onıń at dorbasınıń ishi bárha kitaplarǵa tolı turǵan Onda «Alpamıs» penen «Edige», «Qoblan» menen «Máspatsha», Sonday-aq Berdaq, Abay, Maqtımqulı, Nawayı, Ǵ. Toqaydıń da kitapları orın alǵan.

Lekciyanıń endigi jaǵında shayırdıń Nókis pedogogikalıq institutına oqıwǵa kirgenligi, onı tabıslı pitkerip shıqqanlıǵı hám eń dáslepki iri «Joldas muǵallim» poemasınıń jazılǵanlıǵı aytılıwı kerek. Bul poema onıń shayırlıq jolın belgilewshi shıǵarma bolǵanlıǵı da este tutıladı. Shayırdıń ózide bul haqqında «Zaman aǵımı»nda tómendegishe eske túsiredi:

Institutti pitirer jılı (1949) «Joldas muǵallim» poemam baspadan shıqtı. Bul meniń idiraldı iri, súyikli dóretpem edi ... «Shayırlıq» degen «Lázetli súrginige aydalıwım usı poemadan baslandı»[1]

Bunnan soń shayırdıń ómiri dawamında jumıs islegen orınları boyınsha maǵlıwmat beriledi.

1949 jılı Nókis pedagogikalıq institutın tamamlap usı jıldan baslap 1961-jılǵa shekem ped. Institutta muǵalim 1961- jıldan 1965- jılǵa shekem «Ámiwdarya « jurnalınıń bas redaktorı, Ózbekstan ilim izertlew institutınıń Qaraqalpaqstan filnalında ilimiy xızmetker, 1965- jıldan baslap Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamınıń baslıǵı, 1980 jıldan baslap «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasınıń

[1] И. Ю. Заман ағымы, Нөкис: -«Қарақалпақстан»,-1968 9- бет.

redaktorı, sońǵı jılları Respublikalıq milliy qádiriyatlar hám ruwxıy mádeniyat orayınıń baslıǵı lawazımında xızmet etti.

I. Yusupovtıń «Baxıt lirikası» (1955) «Kúnshıǵıs jolawshısına» (1958), «Oylar» (1960), «Jeti asırım» (1962), «Dala ármanları», (1966), «Zaman aǵımı» (1968) «Kewil-kewilden suw isher» (1971), «Tumaris hám basqa da poemalar» (1974), «Tańlamalı shıǵarmaları» (I-II tom (1977-79), «Ǵarrı tuttaǵı gúz» (1963), «Ómirbek laqqı» (1971), «Ómir, saǵan ashıqpan», «Hár kimniń óz zamanı bar» atlı toplamları jarıq kórdi. Sonıń menen birlikte Á. Shamuratov penen birge islegen «Qırıq qız» pesasın dóretti.

Lekciya dáwirinde I. Yusupovtıń ótken turmıs waqıyasın sóz etken, oqıwshılar 6- klassta tanıs bolǵan «Seydan ǵarrınıń gewishi» gúrrińi boyınsha da qısqasha túsinik berip ótse boladı. Gúrrińde Seydan obrazın satiralıq usılda ashıp bergenin hám sol kolxozlasıw dáwirindegi gedeylerdiń ózleriniń de jańa húkimetke narazılıǵı geypara pikirlerdiń qurbanı bolǵanlıǵı túsindiriledi.

«Aktrisanıń ıǵbalı», «Joldas muǵallim» «Dala ármanları», «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq», shıǵarmaları shayır dóretpesinde ayırıqsha orın iyeleytuǵınlıǵı mısallar menen túsindiriledi. Bul poemalarda súwretlengen waqıya obrazlarǵa qısqa sholıw jasaladı.

Mısalı: «Aktrisanıń ıǵbalı» poeması haqqında nelerdi aytıw múmkin?

I. Yusupovtıń poemalarınıń ishinde sıpatlamaları tolıq islengen shıǵarması «Aktrisanıń ıǵbalı» poeması bolıp tabıladı. «Aktrisanıń ıǵbalı» teatr adamları haqqında jazılǵan shıǵarma. Sonlıqtan da avtor óz qaharmanlarınıń xızmet mazmunın tereń ashıw ushın liro-dramalıq usıldı qollanǵan. Poemada shayırdıń úndew- súreni kútá jedelli, al óz gezeginde bul avtor súwretlegen áhmiyetli temanıń barlıq kúshin, mánisin tolıq ashıp bere aladı.

«Aktrisanıń ıǵbalı» mádeniyat haqqında onıń úlken bir tarawı teatr, qaraqalpaqtıń birinshi akter, aktrisaları haqqında jazılǵan shıǵarma bolǵanlıqtan poemada súwretlengen barlıq hádiyseler, keshirmeler usı máseleniń átirapında boladı. Avtor teatr kórkem óneriniń qaraqalpaq miynetkeshleri arasında dáslepki mádeniyat gúlin jayıp, urqan atıwın, onıń kópshiliktiń sana-sezimin oyatıp,

haqıyqat joldı tutıwına járdemlesiwin sáwlelendirgen. Poemanıń tiykarı etip birinshi qaraqalpaq dramaturgleriniń biri Ábdiraman Ótepovtıń obrazı menen tanıstıradı.

Dramaturg hám shayır sıpatında qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatı tariyxında belgili ornı bar ǵayratker Á. Ótepov óziniń mádeniyat tarawında kórsetken xızmetleri menen dıqqatqa miyasar. Ol saxna menen aralasqan qaraqalpaq jaslarınıń eń jaqın ustazı boladı. Onıń shákirtleri bul ustazdıń sırın tereń túsinedi, oǵan degen tereń súyiwshilik poemanıń eń tásirli orınlarınan esaplanadı. Shayır poemada Á. Ótepovtıń basıp ótken qıyın, sonıń menen birge iygilikli jolların ashıwǵa úlken áhimiyet beredi. Arıwxan jaslıǵınan Jáleke bayǵa malǵa satılıp, keyin onıń úyinen qashıp óz ornın oqıwdan tabadı. Arıwxan awıl arasında-aq qosıqqa qumarlıǵı, ótkir zeyinliligi menen kózge túsken qız. Endi onıń talantı qalaǵa kelgennen soń dramkrujokta urqan jayıp, sheshek atadı. Avtor qızdıń obrazın beriwde onı barlıq qarama-qarsılıǵı menen kórsetedi. Shınlıqtan uzap ketpeydi. Arıwxan dáslep ákesinen qorqıp gastrolǵa barmaydı. Biraq, onda kem-kemnen tabanlılıq, júreklilik qáliplese baslaydı. Arıwxannıń Jáleke baydıń esigindegi kúnlerin súwretlew arqalı qızdıń joqarı adamgershilin, al baydıń zulımlılıǵın ashıp beredi.

Poemada Arıwxan menen Aymannıń arasındaǵı muhabbattıń súwretleniwi de onıń qızıqlı orınlarınan esaplanadı. Aymanǵa qarata aytqan Arıwxannıń sózinde onıń ashıq minezliligi, tuwrılıǵı, muhabbattı qádirley alatuǵınlıǵı seziledi.

Mısalı: Ótpes pıshaq penen qıynama meni,

Maǵanda jeńil emes seniń súygeniń

Shayır shınlıq waqıyanı shın júrekten sezine otırıp, usı dramatizmge tolı jaǵdaydı tolıq ashıp beriwge erisken. «Aktrisanıń ıǵbalı» poemasına ayırıqsha túr berip, onıń oqılıwın qızıqlı etetuǵın bir jaǵday-ondaǵı qatnasıwshılarǵa tolıq sıpatlama beriw, turmıs shınlıǵınıń kórkem formada tásirli jetkeriliwi dep qaraw kerek. Syujettiń tartımlılıǵı, shayırlıq talant penen onı ıqsham túrde jetkere alıw uqıbı, kórkemlik usıllarınıń kópshiligi - poemanıń qunın belgilep turǵan bir

jaǵdaylar bolıp tabıladı. Lirikalıq shıǵarmalar arqalı xalıqtıń teatr ónerine bolǵan qızıǵıwshılıǵı sheber berilgen:

Mısalı: Awılda eń dáslep oyın kórgende,
Teatrǵa háwes artpaǵan kimde,
Artistler ol jerde saǵınıshlı miyman,
Artist keldi, demek, baslandı bayram.
Naqıl bar «Toy dese jumalar quw bas»,
Minip tam basına sırnayshı , ras-
Úrse balamaydı tompaytıp urtın
Keshki awqatın da umıtıp jurtım,
Sansız jolawshıday aqqan bazarǵa,
Órip qumırsqaday soqpaq, guzarda.
Kolxoz keńsesiniń aldında keshte.
Sayǵa quyǵan suwday tolar bir páste..[1]

Bul súwretlewler sol dáwirdi oqıwshınıń kóz aldına jaqsı hárekettegi kóriniste elesletedi.

Poemadaǵı lirizm-onıń eń bir sıpatlı belgisi. Bul sıpat ásirese poemanıń «Biymaza tún»[2] , «Jıl qusları aǵılar tınbay»[3], bólimlerinde kúshli «Biyhushtay bolıp talǵa súyenip juldızlı túnde sáwleli tańdı qarsı alıp júrgen» baǵ ishindegi Ábdiramannıń háreketiniń súwretleniwinde lirizmniń shayırlıq yosh penen berilgenligin kóre alamız.

«Aktrisanıń ıǵbalı» poeması qaraqalpaq ádebiyatında burın sóz bolmaǵan temanı kóteriwi menen de, onı kórkemlik penen tásirli sáwlelendiriwi menen de, sonday-aq óz izleniwshiligi hám onıń obrazlar jasawı menen de kózge túsetuǵın eń jaqsı dóretpe bolıp esaplanadı.

Oqıwshılar bul lekciyadan I. Yusupovtıń dóretpesi boyınsha tolıq túsinik aladı. Shayırdıń túrli janrda harıp-talıwdı bilmey jazǵanın biziń házirgi

[1] И. Юсупов Тумарис ҳәм басқа поэмалар, Нөкис:-«Қарақалпақстан», 1976. 53- бет.
[2] И. Юсупов Тумарис ҳәм басқа поэмалар, Нөкис:-«Қарақалпақстан», 1976. 67- бет.
[3] И. Юсупов Тумарис ҳәм басқа поэмалар, Нөкис:-«Қарақалпақстан», 1976. 79- бет.

talabımızdıń óz shıǵarmalarında bayan etilgenligin hár bir oqıwshı túsinip alıwı kerek.

## 3. 2. I. Yusupovtıń lirikalıq shıǵarmaların úyreniw

11-klassta I. Yusupovtıń «Ana tilime», «Shógirme», «Paxta biziń oyımızdıń bası», «Shıbıǵı sınsa Shınardıń», «Seniń qollarıń», «Paxtakesh baba», «Qara tal», «Altın qollar», «Watan muhabbatı», «Kúnshıǵıs jolawshısına», «Qúdiretli shınar haqqında qosıq», «Alatawdan samal», «Arashan» hám taǵı da basqa bir qatar qosıqları sabaqlıqqa kirgizilgen hám onı oqıtıwǵa bir saat kóleminde waqıt ajıratılǵan. Shayırdıń qosıqlarınan maǵlıwmat beriwde kórkem tekst tiykarında jumıs alıp barıw, onı ideyalıq-kórkemlik jaqtan tallaw, siyasiy- tárbiyalıq áhmiyeti qaharmanlarınıń ishki dúnyası, obrazlı súwretlewlerdi oqıwshılar sanasına jetkere biliwdiń hár qıylı usılları bar. Muǵallim qaysı bir lirikalıq shıǵarmanı ótpesin, eń dáslep klasstaǵı oqıwshılar aldına wazıypalar qoya biliwi hám sonıń menen birlikte talap ete biliwi de kerek. Sebebi, qosıqlar oqıwshılar júregine barıp jetiwi ushın izleniwdi talap etiwi turǵan gáp. I. Yusupov lirikasın úyreniw de muǵallimnen biraz sheberlikti hám uqıplılıqtı talap etedi.

Shayır qosıqların ótiw tómendegi usılda alıp barılıwı múmkin.

Muǵallim shayırdıń qosıqları haqqında oqıwshılarǵa teoriyalıq túsinik berip, qosıqlardıń mazmunınan maǵlıwmat bermesten aldın «Ana tilime», «Paxta biziń oyımızdıń bası», «Paxtakesh baba», «Seniń qollarıń», qosıqların úyde oqıp keliwdi tapsıradı. Sebebi, bul shıǵarmalar menen oqıwshılar aldınan az da bolsa tanıs bolsa, olardıń mazmunın tereńirek túsiniw múmkinshiligi tuwıladı hám muǵallim menen birlikte óz betinshe pikirlew qábiletiniń de artıwına óz tásirin tiygizedi.

Muǵallim úyge tapsırmaǵa I. Yusupovtıń joqarıda atı atalǵan qosıqların oqıp keliwdi tapsırǵannan soń, kelesi sabaqta oqıwshılardıń tapsırmanı orınlap kelgenligin tómendegi sorawlardı ortaǵa taslap soraw-juwap ótkeriw jolı arqalı anıqlaydı.

Mısalı:

1) Shayır óziniń qosıqlarında miynetkesh xalıqtıń, miynet adamınıń xızmetin qalay súwretleydi?

2) Xalqımızdıń miymandoslıǵın úrip -ádetin qaysı shıǵarmasında aytadı?

3) Til nızamı ne sebep qabıllandı?

4) Seniń «Ana tilime» qosıǵına kóz-qarasıń qalay ?

5) Bul qosıqtı yadtan aytıp bere alasań ba? hám t.b.

Sorawlarǵa oqıwshılar tárepinen juwap alınǵannan keyin tómendegi joba tiykarında shayırdıń lirikalıq shıǵarmalarınıń mazmunı túsindirile baslanadı.

1) Shayırdıń poeziya tarawındaǵı jetiskenlikleri;

2) Shayır lirikasınıń tiykarǵı teması.

A) Xalqımızdıń pidákerlik miynetin súwretleytuǵın shıǵarmaları.

(«Paxta biziń oyımızdıń bası», «Seniń qollarıń» , «Altın qollar», «Paxtakesh baba» hám t.b.)

Mısalı: Ayna aldında qońır tartsa da,
Xalıq aldında júzleriń jarqın,
Paxta terip qarawıtsa da,
Jeńge seniń qollarıń altın. («Seniń qollarıń»)

2. Mawjıraǵan uyqıǵa batıp,
Jatırǵanda kolxozı onıń,
Miynet yoshı babanı oyatıp,
Polat belge uzatar qolın.
Tal arasınan ay da sıǵalar.
Salar oǵan kózdiń qıyıǵın,
Keń kókirek dalaǵa qarap.
Baba barar tartıp mıyıǵın. («Paxtakesh baba»)

B) Xalıqlar doslıǵın súwretleytuǵın shıǵarmaları. («Shıbıǵı sınsa Shınardıń», «Qúdiretli shınar haqqında qosıq»).

1) Júzsekte qaysı teńizde,
Júzsekte qaysı qurǵaqta,
Men kóp ushın, kópshilik,
Men ushın sóyler bul waqta.
Tınıshlıq, doslıq, eki sóz,

Saǵınısh báhár qusınday,

Kewillerge qurıq basıp.

Aqılǵa uya salmaqta.

Qus ushıwǵa, al adam.

Tuwılar baxıt, erk ushın,

Baxıtlıman azatpan,

Ǵárezsizben, bar kúshim,

Óz baxtıma masayrap.

Jata almayman biraqta,

Óytkeni men adamman,

Adam-adamlar ushın. («Shıbıǵı sınsa Shınardıń»).

V) Tuwılǵan jer, Watan haqqındaǵı shıǵarmaları («Watan muhabbatı», «Qara tal», «Alatawdan samal», «Arashan» hám t.b.)

3. Shayır qosıqlarınıń ideyalıq hám kórkemlik áhmiyeti.

Oqıwshılar shayır poeziyası boyınsha kirisiw jumısın alıp baradı. Muǵallim bul kirisiw gúrrińinde I. Yusupovtıń qosıqları hám qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornı haqqında qısqasha maǵlıwmat beredi.

Mısalı: Ádebiyatımızdıń, ayırıqsha poeziya tarawınıń jetilisiwi hám kórkemlik jaqtan bayıwı, bálentlikke kóteriliwinde onıń talantlı wákili I. Yusupovtıń ornı ayrıqsha.

I. Yusupov qaraqalpaq ádebiyatına ullı Watandarlıq urıstan sońǵı dáwirde yaǵnıy 40 - jıllardıń aqırı 50 jıllardıń basında kirip keledi. Shayırdıń keń, lapızlı lirikası, oyshıl, obrazlı, filosofiyalıq shıǵarmaları, ulıwmalıq poeziyaǵa óz jańalıǵın alıp kelgen.

Ásirese, shayırdıń qaraqalpaq ádebiyatında poeziya janrın rawajlandırıwǵa qosqan úlesi salmaqlı. Búgingi kúnge shekem onıń bir qansha poemaları baspadan shıqtı hám xalıq alǵısına miyasar bolıp kiyatır.

I. Yusupov kóp ǵana qosıqları menen tek respublikamızda ǵana emes, al orıs, ózbek, qazaq, qırǵız, ukrain, noǵay, tatar h.t.b xalıqlar ádebiyatında da belgili. Sebebi shayır shıǵarmaları atı atalǵan xalıqlardıń tillerinde de awdarma túrinde

jarıq kórdi. Bul shayırdıń úlken jetiskenligi bolıp esaplanadı. Usı wazıypanı iske asırıw arqalı ádebiyat pánine jańalıq kirgiziwdi názerde tutpaydı, al kerisinshe, ilimpazlar tárepinen izertlengen ilimiy materiallarda túrli metod, usıllar járdeminde oqıwshılar sanasına jetkeriw bolıp esaplanadı.

Mine, usınday kirisiwden soń shayırdıń «Ana tilime», «Qobız», «Shógirme»,»Paxta biziń oyımızdıń bası», «Altın qollar», «Seniń qollarıń», «Qúdiretli shınar haqqında qosıq», «Shıbıǵı sınsa Shınardıń», «Alatawdan samal», «Arashan» shıǵarmalarınıń ideyalıq mazmunı hám kórkemlik belgileri haqqında lekciya metodı arqalı gúrriń ótkeriledi. Muǵallim gúrriń dawamında lirikalıq shıǵarma haqqında hám bul janr ústinde I. Yusupovtıń tınbay is alıp barǵanı tuwralı maǵlıwmat beredi. I. Yusupov qosıqlarınıń tili tazalıǵı tásirliligi hám mazmunlılıǵına itibar beriledi. Shayır «Altın qollar» qosıǵında ózbek hám qaraqalpaq xalqınıń paxtashılıq ustası ekenligin, dóretken miynetin kóterińki yosh penen maqtanıshlı túrde jırladı.

Mısalı «Gúlge tolı qaraqalpaq dalasın,
Shóllerge ornatqan Gazlı qalasın,
Aq altınnıń teńizine toltırǵan,
Ámiw menen Zarafshannıń jaǵasın» (Altın qollar).

«Paxtakesh baba», «Seniń qollarıń» qosıqlarında da oqıwshınıń kóz aldına miynet adamınıń tulǵasın sheberlik penen jetkerip beredi.

Mısalı «Paxtakesh baba» qosıǵınan úzindi alıp qarayıq .

«Ómir súrip alpıs jeti jıl,
Ele bir jigittey kúshi bar,
Búgilmegen polat tulǵası,
Miynet etiw súygen ádet.
Qız jigitler menen bir qatar,
Jeń túrilgen, kókirek ashıq ,
Shel basında shapanı jatar» («Paxtakesh baba»)

Avtor bul qatarda qaraqalpaq tábiyatı, onıń sulıwlıǵın beriw menen bir qatarda, súwretlep otırǵan ǵarrı miynette shınıqqan, biziń xalqımızda, aramızda kóplep ushırasatuǵın óz isiniń mamanı.

Muǵallim oqıwshılardıń sana-sezimine tásir jasawı ushın joqarıdaǵıday etip, qosıqlardı janlı mısallar menen túsindirip, búgingi kúndegi miynet qaharmanlarınıń turmısı menen tıǵız baylanıstıradı.

Oqıwshılarda miynet kónlikpesin payda etiw bul búgingi kúnniń eń áhmiyetli máseleleriniń birinen esaplanadı. Ásirese, onı ózimizdiń jergilikli jerdiń mısalları menen baylanıstırıw, oqıwshınıń sana-sezimi, oy - órisin rawajlandıradı.

I. Yusupov qosıqlarında qaraqalpaq xalqınıń milliy ózgeshelikleri, onıń úrp-ádetine, miymandoslıǵına arnalǵan qosıqları da baǵdarlamadan orın aladı. Muǵallim «Watan muhabbatı», «Shógirme», «Qúdiretli shınar haqqında qosıq», «Shıbıǵı sınsa shınardıń», «Ana tilime» qosıqlarınan maǵlıwmat bergende obrazlı qatarlar dóretkenligin mısallar menen keltirip túsindiredi.

Mısalı: Tómendegidey qosıq qatarların alıp, oǵan tallaw  jasap túsindirip ótse oqıwshılardıń yadında jaqsı saqlanadı.

Mısalı: shayırdıń hámmemizge belgili «Shógirme»qosıǵın alıp qarayıq. Bas kiyimdi xalıqtıń ótken tariyxı, turmısı menen baylanıstırıp súwretlew, bul hár kimniń de qolınan kele bermeydi, tek bilimli, jetik shayır ǵana bunday qıyın jaǵdaydan shıǵa aladı.

«Ámel ushın Aydos arın satqanda
Begis, Mırjıq qanı saǵan qatqanba?
Ernazardı jaw arqadan atqanda
Sen qanǵa boyalıp jattıń Shógirme. («Shógirme»)

Qosıqta shayır shógirmeni kórkem cúwretleydi hám onıń kórkem obrazın dóretedi.

«Aldıńnan qarasam artıń awıqtay,
Qaptaldan qarasam túriń qawıqtay,
Qısta sáwirlegen túye tawıqtay,
Samal qaqsa hańkiyeseń shógirme».  («Shógirme»)

Bul janlı teńewlerde shógirmeniń nağız kórinisin, kórkem obrazın, onı shayır kist penen emes, al qálem menen súwretin salǵan. Shógirmeniń, túr sıpatın bunnan artıq qılıp qosıq penen emes, qara sóz benen de jetkeriw múmkin emes. Sonday-aq, «Ana tilime» qosıǵın alıp qarayıq. Bul qosıq óziniń mazmunı jaǵınan uzaq tariyxtı eske túsiretuǵın shıǵarma. Bundaǵı patriotlıq maqtanısh sezimi filosofiyalıq oyshıllıq penen jetkerilgen:

Mısalı: «Jıraw seni báygi atınday baplaǵan,
Sheshen seni jawda shıntlap taplaǵan,
Alpamıslar uran etip urısta,
Berdaq seni qural etip saplaǵan»
Ana tilim -sen basqadan ayırman,
Sen turǵanda men de ádewir shayırman,
Sonsha qatal súrgenlerde joǵalmay
Bul kúnlerge jetkenińe qayılman». («Ana tilime»).

Muǵallim shayırdıń lirikalıq shıǵarmaların ótkende baǵdarlamada (sabaqlıqta) berilgen hár bir shıǵarmasına usınday qısqasha sholıw jasaw menen birgelikte, onıń ayrım qosıqlarınan úzindiler yadlap keliwdi tapsırıwı da múmkin.

## 3.3 I. Yusupovtıń «Joldas muǵallim» hám «Aktrisanıń ıǵbalı» poemaların oqıtıw usılları

11-klassta I. Yusupovtıń poemaları boyınsha maǵlıwmat beriwde qaraqalpaq poeziyasınıń úlken bir tarawı esaplanǵan poema janrınıń urıstan sońǵı dáwirindegi rawajlanıwı, bul dáwirde poemanıń rawajlanıwında shayır I. Yusupovtıń tutqan ornı haqqında azı-kem sholıw jasap ótiledi. Máselen shayırdıń «Joldas muǵallim» poeması boyınsha oqıwshılarǵa túsinik beriw dáwirinde sabaqta soraw-juwap alıp barıladı. Eń dáslep sabaqtı oqıwshılarǵa soraw beriw menen baslasa da boladı. Bul ádebiyatta evristikalıq (izleniw) metodı arqalı ámelge asırıladı. Evristikalıq metodtı qollanıwdıń eń áhmiyetliligi sonnan ibarat, bunda oqıwshılarǵa poema boyınsha muǵallim ózlerinshe bilim alıwdıń máselen poemanı úyreniwdiń jolların kórsetip bergen boladı.

Sabaq waqtında muǵallim izleniw metodın qollanǵanda ol oqıwshılarǵa tómendegi máselelerdi islewge úyretiwi múmkin.

Mısalı:

1) Oqıwshı sabaqta yamasa úyde muǵallimniń úyretiwi boyınsha poemadan ózine citatalar alıw;

2) Poemadaǵı tekstlerdi, ayrım epizodlardı ózlerinshe analizlep keliwi múmkin;

3) Poemadaǵı qaharmanlardıń obrazlarınıń analizin jasawı hám t.b.

Muǵallim sabaqta tómendegishe sorawlardı ortaǵa taslawı múmkin.

1) «Joldas muǵallim» poemasın kim oqıdı?

2) Poemanıń baslı qaharmanı kim?

3) Poema syujeti qalay berilgen?

Sabaqtı tómendegi joba tiykarında ótiwge boladı.

I Kirisiw.

1) Qaraqalpaq poeziyasınıń sońǵı jıllarında rawajlanıwı.

2) «Joldas muǵallim» poemasınıń jazılıwı

II «Joldas muǵallim» poemasınıń teksti ústinde jumıs.

1) Poemanı oqıw

2) Poemadağı naqıl-maqallar, turaqlı sóz dizbekleri boyınsha jumıs júrgiziw.

3) Poemadağı obrazlar menen tanısıw.

III. «Joldas muǵallim» poemasındaǵı obrazlarǵa minezleme:

1) Oraz obrazı

2) Qurban obrazı

3) Ámet obrazı

4) Guljan obrazı.

IV. Poemanıń tili hám kórkemliligi.

1) Avtor tili hám personaj tili.

2) Tábiyat tásirleri.

V. Poema boyınsha oqıwshılardıń óz betinshe jumısları:

1) «Joldas muǵallim» poemasınıń ideyalıq mazmunı tiykarında shıǵarma.

2) Poemanıń tili hám kórkemlik ózgesheligi haqqında shıǵarma.

3) Minezleme tipindegi shıǵarma.

4) Bir obraz boyınsha bayanat yamasa pikir.

Kirisiw. I. Yusupov «Joldas muǵallim» poemasın 1949- jılı jazǵan. Hám sol jılı poema almanahta basılıp shıǵadı. Soń shayırdıń, «Jeti asırım» toplamına kiredi. Poemanıń materialın tolıqtırıwda shayırdıń dáslepki muǵallim haqqında jazǵan qosıqları qosımsha boladı. Shayır poema haqqında bılay deydi: «Institutti pitirer jılı (1949) «Joldas muǵallim» poemam baspadan shıqtı. Bul meniń idiraldı, iri, súyikli dóretpem edi. Óz waqtında oqımıslı jámiyetshilik tárepinen shawqım-súren, túrli pikir, túrli talqı menen kútip alınǵan bul poemanı házir geyde oqıp kórsem, ondaǵı kórkemliktiń geypara sada kórinisleri, jaslıq alaǵayımlıq bas shayqatadı. Biraq, poemadaǵı jas muzanıń jalınlı qumarlıǵı, jaslıq júrek qızǵını, jas qálemniń dúbirlegen tay shabısı ózimdi ele qızıqsındıradı. Poemanı ayırım teris pikirden ósek jaladan oqıwshılar hám ádebiyatshılar jámiyetshiligi óz waqıtında qızǵın túrde qorǵaǵanı da, bálkim usıǵan baylanıslı shıǵar dep oylayman. Buǵan arnawlı toqtawımnıń mánisi usı poemada ǵana men Arzı kóldiń boyında «Totı qustıń párindey qubılǵan» toǵaydaǵı qoyıw sayalı torańǵıl astında tuńǵısh ret ózi muzam

menen tabıstım. «Shayırlıq» degen «lázzetli súrginge aydalıwım usı poemadan baslandı»- dep jazadı.

Haqıyqatında da I. Yusupov usı poeması arqalı kópshilik tárepinen joqarı baha aldı. Poema boyınsha belgili ilimpazlar máselen: M.Nurmuxammedov[1] S. Axmedov,[2] G. Esemuratov,[3]. Q. Sultanov[4] hám t.b. ilimpazlar ózleriniń ilimiy pikirlerin bildiredi.

Shayırdıń bul poeması qaraqalpaq ádebiyatında joqarǵı orınǵa iye. Poema xalıqtı sawatlılıqqa shaqırıw ideyasına qurılǵan. Bunda shayır muǵallimdi tek jaslarǵa bilim beriwshi retinde emes, al onı qaraqalpaq awılın qayta qurıwshı eń isenimli adamı, xalıqtı óziniń átirapına jámlewshi gúressheń insan sıpatında kórsete bildi. Burın artta qalǵan qaraqalpaq awılına muǵallim kelip xalıqtı sawatlılıqqa shaqıradı. Awıl adamlarınıń sana-sezimin oyatadı hám turmıstı jańalaw ushın gúresedi. Orazdıń awılǵa keliwi, kolxoz jumısın jolǵa qoyıwı, mektep ashıwı, jańasha gúllengen kolxoz ómiri poemanıń tiykarǵı syujetin quraydı. Poemada súwretlengen waqıyalardıń hámmesi Oraz etirapında jámlengen. Barlıq hádiyseler, hátteki mayda detallar da sol obrazdı tolıqtırıw ushın xızmet etedi.

Sabaq aqırında muǵallim álbette ortaǵa sorawlar taslaw arqalı oqıwshılardıń alǵan bilimlerin bekkemleydi.

1) I. Yusupovtıń «Joldas muǵallim « poeması qashan jazılǵan?

2) Avtor bul poemada qanday máseleni súwretleydi?

3) Muǵallim haqqında jáne qanday shıǵarmalardı bilesiz? h.t.b

Eger waqıt jetisse muǵallim klassta poemanıń ayrım bólimlerin oqıtadı. Sebebi, shıǵarmanı tolıq klassta oqıp, tallawǵa múmkinshilik joq. Sonlıqtan oqıwshılardıń úyde óz betinshe oqıwın tapsırıwı kerek.

---

[1]Нурмухаммедов М. Қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўында орыс әдебиятының тәсири Нөкис:-«Қарақалпақстан» 1956-ж. 170-176 бетлер.
[2]Ахметоов С. Қарақалпақ совет поэзиясы тарийхының очерклери Нөкис:-«Қарақалпақстан»,-1961-ж 124-130 бетлер.
[3]Есемуратов Г. Уллы ўатандарлық урыстан соңғы Қарақалпақ совет әдебиятында аўыл адамлары образы. Нөкис 1963-ж 54-58 бетлер.
[4]Султанов Қ. Заманлас жаным менен, Нөкис:-«Қарақалпақстан», 1972-12-бет.

Muǵallim oqıwshılardıń poema mazmunın hár tárepleme ózlestirip alıwı ushın klassta onıń «Awıl jolında», «Qıyanet» bólimlerinen úzindiler oqıtadı.

Mısalı: «Hesh joq eken kewlimde kir dáregi.

Oqıw eken tolı jurttıń keregi.

Jasart eldi,

Oqıt jastı ańlasın,

Bayaǵısha qalmasın.

Qaraqalpaq diyxanınıń júregi.

Tıńla, dostım,

Tıńla, Joldas muǵallim,

Tıńla, meni oyatqan sen kúshli ún,

Gúwa bolıń únsiz toǵay, aysız tún,

Haqıyqatshıl jolǵa tústim men búgin[1]»

(Joldas muǵallim «Awıl jolında bólimi» 162- bet)

Mine úsh kún muǵallim bir kóz ilip,

Uyıqılamadı júzde qayǵı sezilip,

Ot ishinde órtengendey namısı,

Xorlanǵanday jas júregi ezilip.

Kek jalını kernese de erte-kesh,

Bul kishkene doslarına sır bermes,

Oqıw- oyın quwǵan muńsız gódekler,

Ustazınıń bul qayǵısın dım bilmes.

Bul eki bólimdi oqıw arqalı oqıwshılar shıǵarmanıń ekspoziciyası, waqıyanıń rawajlanıwı, kulminaciyalıq shıńı menen tanısadı. Bunda ásirese shayır tárepinen súwretlengen Oraz portretine, onıń Qurban sózin dıqqat penen tıńlawına oqıwshılar názerin awdarıw kerek. Sonday-aq oqıw barısında dialogqa ayırıqsha kewil bóliw kerek. Tekst boyınsha jumıs júrgiziw barısında oqıwshılar dápterine shıǵarmadaǵı bas qaharmanlarǵa minezlemeni tolıqtırıp baradı.

[1] И. Юсупов Тумарис ҳәм басқа поэмалар Нөкис:-«Қарақалпақстан» -1974 162 - бет

Poemanıń kompoziciyasın hám kórkemlik ózgesheligin úyreniw barısında peyzaj, personajdıń sózi, portret h.t.b. máselelerge úlken áhmiyet bergen jaǵdayda úyreniw talapqa juwap beredi.

11- klassta I. Yusupovtıń «Aktrisanıń ıǵbalı» poeması da úyreniledi.

Bul poemaǵa toqtalmastan aldın muǵallim shayırdıń basqa shıǵarmalarına bir qatar qısqasha sholıw jasap ótkeni maqul.

I. Yusupovtıń poemaları boyınsha teoriyalıq bilim beriw dáwirinde muǵallim oqıwshılarǵa úyde shayırdıń «Aktrisanıń ıǵbalı» poemasın oqıp keliwdi tapsıradı. Sebebi sabaqlıqta (11- klass ádebiyat) bul poema boyınsha az ǵana túsinik berilgen. Sonlıqtan da oqıwshılar bul poemanıń barlıq tekstin shayırdıń toplamlarınan oqıp óz betinshe túsinikke iye bolıwı kerek.

Sabaq barısında jańa materialdı gúrriń metodı menen túsindiriw maqsetke muwapıq. Gúrriń tómendegi úlgide alıp barılıwı múmkin.

Máselen:

1) C. Muǵallim: Shayırdıń «Aktrisanıń ıǵbalı» poemasında ne haqqında sóz etiledi ?

J. Oqıwshı: I. Yusupovtıń «Aktirsanıń ıǵbalı»poemasında mádeniyattıń úlken bir tarawı bolıp esaplanǵan teatr, qaraqalpaqtıń eń dáslepki akterları haqqında sóz etiledi.

2) Muǵallim: Á. Ótepovtıń obrazı poemada qalay súwretlenedi. Á. Ótepov xalıqtı nege basladı?

Oqıwshı: Á. Ótepov qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatı tariyxında belgili dramaturg hám shayır. Ol qaraqalpaq jasların jańa jolǵa baslaydı. Shayır poemada Á. Ótepovtıń basıp ótken qıyın, sonıń menen birge iygilikli jolların ashıwǵa úlken áhimiyet beredi.

Usınıń menen dramaturg Á. Ótepovtıń ómiri boyınsha maǵlıwmat juwmaqlastırıladı.

Muǵallim oqıwshılardıń poemanı qay dárejede oqıp ózlestirgenligin anıqlaw ushın tómendegishe soraw - juwaptı dawam ettiriwi múmkin.

1) Poemada Arıwxan obrazı qalay berilgen?

2) Arıwxan baydıń úyinde qalay turmıs keshiredi?

3) Arıwxan menen Ayman obrazları poemada qalay súwretlengen?

Oqıwshılar poema syujeti boyınsha maǵlıwmatqa iye bolǵannan keyin muǵallim poema hám ondaǵı bas qaharman Arıwxan obrazı onıń kórkemlik ózgeshelikleri haqqında lekciya metodı arqalı túsinik beriwi múmkin. Muǵallim tárepinen oqılatuǵın lekciya oqıwshılardıń jas ózgesheligine juwap bererliktey bolıwı shárt. Lekciyanıń kólemi hám mazmunı joqarı oqıw orınlarında jasalatuǵın lekciya kólemine usamaydı. Sonıń ushın da muǵallim tómendegi máselelerge ayırıqsha dıqqat awdarǵan halda oqıwshılardı shıǵarma mazmunı menen tanıstırsa boladı.

1) Kórsetpeli materiallardan paydalanıw.

2) Shayırdıń poemasınan úzindiler oqıp beriw.

e) Shayırdıń portretin (súwretin) kórsetiw.

4) Shayırdıń baspadan shıqqan kitapları, shıǵarmaları menen tanıstırıw.

5) Shayırdıń «Aktirsanıń ıǵbalı» poeması boyınsha jazılǵan miynetler menen tanısıw h.t.b

11- klassta oqıwshılarǵa jańa materiallardı muǵallim baǵdarlama talabına qaray otırıp, ilimiy jaqtan izertlengen, ilimpazlar tárepinen tastıyıqlanǵan pikirlerdi bayanlaydı. Muǵallimniń bundaǵı tiykarǵı wazıypası ilimge jańalıq kirgiziwden ibarat emes, al tayar ilimiy materiallardı hár qıylı ilimiy metod hám usıllar járdeminde oqıwshılar sanasına unamlı túrde tásir jasap, durıs jetkere biliw bolıp esaplanadı.

Lekciya metodı menen alıp barılǵan sabaq aldın ala dúzilgen joba tiykarında ótiliwi tiyis. Óytkeni, izbe-iz durıs dúzilgen joba oqıwshılardıń óz pikirin tıyanaqlı, izbe-iz bayanlap úyreniwine óziniń kúshli tásirin tiygizedi.

I. Yusupovtıń «Aktrisanıń ıǵbalı» poemasındaǵı Arıwxannıń obrazına minezleme beriw ushın tómendegi joba úlgisinen paydalanıw maqsetke muwapıq keledi.

A) Arıwxan- ápiwayı qaraqalpaq qızı.

B) Arıwxan- joqarı adamgershilikli talantlı qız.

V) Arıwxan- bekkem semya dúziw tárepdarı.

G) Arıwxan kórkemlik penen jasalǵan tipik obraz. h.t.b.

Bunnan soń «Aktrisanıń ıǵbalı» poemasınıń kórkemlik ózgesheligi, mazmunı boyınsha oqıwshılarǵa teoriyalıq maǵlıwmat beredi:

I. Yusupovtıń «Aktrisanıń ıǵbalı» poeması liro-dramalıq poema. Ol tek shayır poemasında ǵana emes, al ulıwma qaraqalpaq ádebiyatında jańa baslama bolıwı menen belgili. Poema temasınan kórinip turǵanınday-aq, teatr adamları tuwralı jazılǵan shıǵarma. Sonlıqtan da avtor sol qaharmanlardıń xızmetiniń mazmunın tereń ashıw ushın liro-dramalıq usıldı qollanǵan bolıwı múmkin. Avtordıń súyikli qaharmanı Arıwxannıń tragediyası, soǵan baylanıslı avtor tárepinen ayqın bildirilgen qaratpa sózler , úndew hám lirikalıq sheginislerde de úlken dramalıq kúsh bar. Bul jaǵınan poemanıń «Prologin» eske túsiriwdiń ózi-aq jetkilikli. Uzaq bolsa da úzindi keltirmew múmkin emes.

«Háy sen, qońıratlı qız, janım Arıwxan,
Qızıl qapı aldında irkildiń nege
Sıǵalap turǵandı qoy tal arasınan,
Jeter tartınǵanıń , kir ishkerige».
Joq , bul jerde saǵan «arman tur» demes.
Jaslar bunda qurar zawıqlı keshe,
Bul Jáleke baydıń háwlisi emes,
Hám shashıńnan súyrep urmas báybishe.
Bunda joq Jálekeniń Áyten geshshesi
Seni qanǵa boyap shalmaqshı bolǵan.
Izlep kelip, kirmey qaytqanı nesi
Nege qamsıǵasıń janım Arıwxan?!

Usı keltirilgen qatarlarda ne degen ómir shınlıǵı jatır

Sonday-aq, dramaturg hám shayır sıpatında qaraqalpaq xalqınıń mádeniyat tariyxında belgili ornı bar ǵayratker. Á. Ótepov óziniń mádeniyat tarawında kórsetken xızmetleri menen dıqqatqa miyasar. Shayır poemada Á. Ótepovtıń basıp ótke qıyın jolların sonıń menen birge iygilikli islerin ashıwǵa úlken áhmiyet

beredi. Poemada Á. Ótepov saxna menen aralasqan qaraqalpaq jaslarınıń eń jaqın ustazı boladı. Onıń shákirtleri bul ustazdıń sırın tereń túsinedi, oǵan degen tereń súyiwshilik poemanıń eń tásirli orınlarınan esaplanadı. «Ábdiraman kim hám xalıqtı nege basladı?» degen sorawlarǵa bir qatar anıq juwap. Ol tek oqıwdaǵı qaraqalpaq jasların jańa jolǵa - sana iskustvosınıń sırın iyelew jolına baslap ǵana qoymastan, gúres saxnası menen dushpanlarǵa qarsı gúres jolına da basladı.Mısalı:

Akter jeteleydi jańa ómirge,
Perdesiz ay bolsın ol hámme jerde.
Tek saxnada emes akterlıq sırı
Búgin hámme jerde búlbil ǵoy aqırı.

Arıwxan jaslıǵınan Jáleke bayǵa malǵa satılıp, keyin onıń úyinen qashıp, óz ornın oqıwdan tabadı. Arıwxan awıl arasında qosıqqa qumarlılıǵı, ótkirligi menen kózge túsken qız. Endi onıń  talantı qalaǵa kelgennen-aq dramkrujokta urqan jayıp, sheshek atadı. Avtor qızdıń obrazın beriwde onı barlıq qarama-qarsılıǵı menen kórsetedi. Turmıs shınlıǵınan uzap ketpeydi. Arıwxan dáslep ákesinen qorqıp, Gastrolge barmaydı. Biraq, onda kem-kemnen tabanlılıq, júreklilik qáliplese baslaydı. Arıwxannıń Jáleke baydıń esigindegi kúnlerin súwretlew arqalı qızdıń joqarı adamgershiligi, al,  baydıń zulımlılıǵın ashıp beredi. Saxnada bolıp atırǵan spektateldi kórip otırǵan Arıwxannıń ákesi juwırıp barıp, Jáleke baydıń saqalınan tutpaqshı boladı. Sebebi pesada ǵarrı naǵız «Jálekeniń» ózin kóredi. Bul bir jaǵınan teatr  kórmegen diyxannıń háreketindegi shınlıqtı sózdiń kúshinde kórsete alǵan.

Poemada avtordıń qollanǵan kórkemlew quralları óziniń qoyımlılıǵı menen parq qıladı. Poemadaǵı «Tikenli ǵumsha», «Shirigen túbir», sıyaqlı epitetler de súwretlep atırǵan waqıyanı ashıwǵa kúshli tásir etedi. «Tikenli ǵumsha» bayǵa kúsh kórsetiwshi Arıwxan, «Shirigen túbir», kúni ótip baratırǵan Begdiyar. Al, sonıń menen birge «Sen meniń qol jetpes Djulettamsań», «Basqalar bir shuqır, sen bir tóbeseń», «Men soqır gúbelek,  sen jarıq shamsań», «Endi náwpir suwdıń murabı da biz hám  erkin miynettiń bulaǵı da biz « degenge  usaǵan metaforalarda ómir shınlıǵı sáwlelengen.

Shıǵarmada avtor tereń mánili xalıqlıq uǵımdı orınlı túrde qaharmannıń minezin ashıwda durıs paydalana biledi: Mısalı:

«Qız kewili aq sandıq,» «Dástúr zań emes, ómir ózi zań,» «Birewler taldan da tikenek izler «h.t.b

Yamasa shayır tárepinen keltirilgen mınaday qatarlarda tawıp aytılǵan pikirler ekenligi sózsiz .

«Sonday júrekler bar, dúnyada biraq,
Kúshli aǵıstan da zıyatıraq,
Olar súye ǵoysa húkimi óktem
Olar kúye ǵoysa, shıdamı bekkem».

Solay etip muǵallim juwmaqlaw sóz sóylep lekciyanı juwmaqlastıradı. Joqarıdaǵı jobada kórsetilgen máselelerdiń barlıǵı da muǵallim dıqqatınan shette qalmawı kerek. Muǵallim tárepinen aytılatuǵın pikirler ilajı bolǵanınsha anıq hám qısqa bayanlanıwı shárt.

### 3.4. «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq», «Dala ármanları» hám «Tumaris» poemaların oqıtıw usılları

*(oqıwshılardı jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq túrinde)*

Oqıwshılardı jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq tipi mektep turmısında aktiv qollanılatuǵın sabaq tiplerinen bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń bul sabaq tipin tańlawı kóbinese klassta oqıwshılarǵa ótetuǵın taza temanıń xarakterine baylanıslı qurıladı. Bul sabaq tipin muǵallim kóbirek mekteptiń joqarǵı klasslarında qollanılıwı múmkin. Mısalı: muǵallim baǵdarlamadaǵı belgilenip qoyılǵanı boyınsha XI klassta I. Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligin ótip bolǵan bolsa, erteńgi- kelesi sabaqta onıń poemaları boyınsha maǵlıwmat beriwi kerek dep esaplayıq.

Qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasınıń talabı boyınsha ol klass oqıwshılarına ádebiyattıń hár bir dáwirinde, hár bir shayır, yamasa jazıwshınıń dóretiwshiligine olarda qızıǵıwshılıq tuwdırıw usılların izlew kerek. Ol ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi oqıwshılardı I.

Yusupovtıń dóretiwshiligi boyınsha qızıǵıwshılıq ol haqqında jańa bilimler menen qurallandırıwdıń ózgesheliklerin qarastıradı.

Haqıyqatında hár bir shayır yamasa jazıwshılıq dóretiwshiliginiń óz aldına ózgeshelik belgileri boladı. Hár bir dóretiwshilik jumıs óziniń ózine tán belgilerin- xarakterin, stilin h.t.b. ózgesheliklerin kórsetedi. Ol ózinshe bólek jatqan ilim. Sol ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi bul kúngi sabaqtıń planın dúzbestan aldın jańa ádebiy dóretiwshilikti baslaytuǵın sabaqtı qurallandırıwdıń múmkinshilikleri islep shıǵadı.

Búgin, bul sabaqta úy tapsırması oqıwshılardan soralmaydı. Onda oqıwshılardıń barlıq oy-dıqqatın ádebiyat muǵalimi shayır I.Yusupovtıń dóretiwshiligi boyınsha maǵlıwmat beriwge, poemalarınıń ózine tán ózgesheliklerine mazmunınıń tereńligine dıqqat awdaradı. Ol ushın muǵallim sabaqtıń shólkemlestiriw etabın baslap alǵannan keyin, taxtaǵa ótetuǵın taza temanıń atın yaǵnıy « I. Yusupovtıń poemaları haqqında» dep jazıp qoyadı. Onnan keyin muǵallimniń birden shayır I.Yusupovtıń poemaları haqqında lekciyası baslanadı. Onda qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi I. Yusupovtıń qanday poemaları bar:, olarda neler haqqında sóz etiledi hám taǵı basqa usı sıyaqlı sorawlarǵa qızıqlı hám mazmunlı, oqıwshılardıń bar dıqqat- itibarın ózine qarata alatuǵınday dárejede etip sóylep beriwge háreket etedi.

Mısalı:

1) «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq» poemasın alayıq. Muǵallim bul boyınsha anıq, mazmunlı qısqa etip tómendegilerdi aytıp ótiwi múmkin:

I. Yusupovtıń «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq» poemasında túrkmen hayal -qızlarınıń awır táǵdiri súwretlenip on sawsaǵınan óneri tamǵan bul ájayıp adamlardıń qayǵılı ómirin sheberlik penen ashıp beredi.

Poemanıń syujeti tómendegishe:

Ersarınıń sulıw sheber qızın malǵa jıǵıp bir yawmıt sárdarı qatın ústine alıp ketedi. Qızdıń pák muhabbatı ayaqqa basıladı. Óziniń tuwǵan awılın sheshesin de kóre almaydı. Arǵı mamasınan miyras bolıp qalǵan ónerin qızına kúni - túni úyretedi. Olardıń estelikke toqıǵan gilemin júdá aǵla shıqqanın tanıp,. Sárdar Iran

patshasına gilemdi pullaydı. Xiua xanı onı Texranǵa bir barǵanında shaxtıń sarayına sán berip turǵan jerinde kórip, «Kewili qızǵanıshlı árman»ǵa toladı. Qaytıp kelgennen keyin dárhal elge jasawıl jiberip, sol gilemdi toqıǵan bayaǵı hayaldı taptırtadı. Hayal patshanıń aytqanına kónbeydi. Yaǵnıy xan saltanatı ushın gilem toqıwdan bas tartadı. Óytkeni ol toqıǵan gilem, biylewshilerdiń baxtalas hám dúnya toplaw ushın esapsız qırǵın jawıngershiligine sebep boladı. Patshanıń aytqanı bolmaǵannan soń ol hayaldı zindanǵa taslatadı.

«Dóndi gilem geyde tawıs párindey,
Aspandaǵı ay qulaqtay qubıldı,
Geyde gilem Feruzanıń gúlindey,
Sulıulıqtıń bir sheginen shıǵadı.

Hár kúni bir kirpik ıshqı otınday,
Zer shashaǵı jalın bolıp lawladı.
Gá ǵıjladı seksewildiń shoǵınday,
Gá tandırday ushqın shashıp lawladı.»

Shayır ápiwayı bir hayaldı xalıqtıń mápin oylaw, sol ushın gúresiw dárejesine deyin kóterip súwretleydi. Shıǵarmada xalıq poeziyasınıń romantikalıq ruwxı til sheberligi jaqsı sińgen. Gilemshi hayaldıń túrkmen aydınında óziniń tuwǵan obasın eske túsiriwleri, shayır gilemshi hayaldıń awır miynetin romantikalıq kóterińkilik penen jırlaydı, onıń kóz tartqan naǵısı janlandırıladı:

Ózim tańlap qılshıq tarttım túbitten,
Ózim iyirip belli jandı qıynadım,
Kesentleri kewlimdegi úmittiń,
Sheshek atqan shámeninen jıynadım.
Sarı boyaw-kewilimdegi qayǵı -muń,
Qara boyaw - táǵdirimniń gúwası,
Jasıl boyaw - ármanları jaslıqtıń,
Qızıl boyaw- júregimniń jarası.

Haqıyqatında da xalıqtıń túsiniginde usılayınsha aytıladı, avtor usı túsinikti poetikalıq til menen poetikalıq formada uǵımlı jetkeredi. Bul poema boyınsha túrkmen ádebiyatınıń kórnekli wákili S.Garrıev hám Ashxabadlı ilimiy xızmetker A. Mamedov ózleriniń jaqsı pikirlerin bildirgen. Mısalı: S. Garrıev óziniń «Túrkmen ádebietiniń sovet gúndoǵarı xalıqlarınıń ádebietleri bilen ózara baglanıshıǵınıń tarıxından» degen miynetinde bılayınsha keltiredi: «I. Yusupov shıǵarmada gilemshi túrkmen qızınıń qızıqlı obrazın júdá sheber bergen.»

Ol kózi kórmese de burıngı turmısqa pútkilley usamaytuǵın jańa ómirdiń jıllı lebin, erkinlik sanalılıq sezedi. Ullı sezim onıń júregin ıqlas, shegine jetip bolmaytuǵın arzıw arman menen toltıradı.

Ulıwmalastırıp aytatuǵın bolsaq bul «Gilemshi hayal haqqında xaqıyqatlıq shıǵarması xalıqlar doslıǵı haqqında, táǵdirles xalıqlardıń ótken ómiri hám birligi turmısı haqqında jazılǵan eń bahalı shıǵarma boldı.

Shayırdıń «Dala ármanları» poeması da qaraqalpaq poemasınıń úlken tabıslarınan esaplanadı. Poemada Ústirtti baǵındırıwshı adamlardıń qaharmanlıq miyneti, keń dalanıń baylıǵın ózlestiriw haqqında jırlaydı. Bul poema tiykarınan alǵanda 1964 jılı jazılǵan bolıp, ol Qaraqalpaqstan ASSRı nıń 40 jıllıǵına, Ústirte gaz hám neft kánin ashıwshılarǵa arnaladı.

Poema avtordıń dala tuwralı oyları menen ashıladı:

Keń dalada erkin sayranlap jalǵız,  
Sen tuwralı oylaw-men ushın peshe,  
Dala oy tuwdırmas adamda dese,  
Janım, bul jalǵan gáp, isenbe hárgiz.

Dala-hesh nársege almastırıp bolmaytuǵın dúnya. Lirikalıq qaharmannıń kewli áwelden-aq usı sezim menen suwǵarılǵan. Ol óz ana topıraǵın hesh nársege almastırǵısı kelmeydi, onı sonday qızǵanısh hám ullı tebireniwler menen súygen hám sál bılay ketse saǵınǵan insan sıpatında sáwlelenedi. Lirikalıq qaharman kiyiklerdiń ayaq basıwına qarap sulıwlar qádemin elesletken:

«Hásseniy, usında qalar ma edim» dep,  
Óttim arqanıń nuw toǵaylarınan,

Hámmesin ıntıǵıp súyemen, al tek.

Dalalar ayrıqsha qádirdan maǵan.

I. Yusupov bul dalanı biziń watanımızdıń bir múyeshi sıpatında súyip jırlaǵan. Poemanıń baslı qaharmanı Mariya biziń dáwirimizdiń kóp sanlı romantik, órshil oyshıl adamlardıń biri. Órshil oydıń jolında qurban bolıp, dalanıń sıyqırlı tilin tapqan. Jasırınǵan sırın ashqan, onı xalıq iygiligine aylandırıwda tınbay izlengen, tábiyatqa ashıq bolǵan Mariyanıń táǵdiri oqıwshınıń sezimine kúshli tásir etedi. Poema haqqında ilimpaz I. Sagitov tómendgishe pikir bildiredi:

«Dala ármanları» biziń zamanlaslarımızdıń qatal tábiyattı baǵındırıw jolındaǵı qaharmanlıq islerin, biziń búgingi turmısımızdıń romantikasın sheber súwretleytuǵın janrlıq jaǵınan qaraqalpaq poeziyasında burın bolmaǵan novatorlıq shıǵarma.

Shınında da «Dala ármanları» poeması qaraqalpaq ádebiyatınıń tariyxına turmıs hám tábiyattı joqarı kórkemlikte súwretlegen shıǵarma bolıp kiredi. Ol rus hám ózbek tillerine awdarılıwı menen kóp milletli tuwısqan xalıqlar ádebiyatınıń da tabısına aylanadı.

3) I. Yusupovtıń «Tumaris» poeması qaharmanlıq temadaǵı poemalar qatarına kirdi. Poema 1970 jılı jazılǵan. Óz xalqınıń ótken ómirindegi tariyxı, ańız hikayaları shayır oǵada úlken, bay material beredi. Ótkendi súwretlew shayırǵa búginniń ullılıǵın jetkeriw ushın kerek. Hár bir xalıqtıń ótmishinde ańızǵa aylanǵan qaharmanlıq waqıyalar kóp. Usılardıń biri - qaraqalpaqlardıń ata-babaları bolıp esaplanǵan massagetlerdiń hayal patshası Tumaris tuwralı qaharmanlıq hádiyse I. Yusupovtıń bul «Tumaris» poeması sol erkinligi ushın Jáhángir Kir shaxqa qarsı mártlik sawashın sáwlelendiredi.

Poema Tumaristıń qayǵısı menen ashıladı.

Tumarisa, wa anajan,

Sarılasań bas iyip.

Perzentińniń azasınan,

Júrek bawırıń tur ǵoy kúyip.

Poemadaǵı «Keyxısraw (Kir) -áyemgi Persiyanıń Jáhángir patshası. Ol Ámiwdárya jaǵalawların jawlap alıwǵa kelip, bul jerdegi massagetlerdiń qattı qarsılıǵına ushırap óledi. Massagetlerdiń hayal patshası Tumaris onı óltirip, gellesin qan tolı meske salıp qoyadı. «Tirisinde qanǵa toymaǵan kózleri toyıp jatsın» depti Tumaris, basqınshı patshanıń gellesin meske tıǵıp atırıp.

Lebizińdi alıp eske
Toyatuǵın qanǵa seni,
Dep qan tolı qara meske
Tıǵıp jiberdi gelleni.

Poemadaǵı «qos múyizli» Iskender - Aleksandr Makedonskiy ekenligi hámmemizge belgili. Massagetler- bunnan eki yarım mıń jıllar ilgeri Oks (ámiw) hám Yaksart (Sır) dáryalarınıń aralıǵın jaylaǵan kóshpeli qáwimler awqamı. Massagetlerdiń bahadır hayal patshası Tumaris haqqında Tariyx iliminiń atası Gerodot hám basqa da avtorlar qızıqlı maǵlıwmatlardı jazıp qaldırǵan.

Poemanı birme-bir tallaw jasamay-aq, poemada avtordıń oylaw masshtabınıń tereńligin aytıwdıń ózi jetkilikli. Ańız erlikti súwretlewdegi sheberligin shayırdıń dramalıq payıtlardı ashıp beriwdegi múmkinshiligin kóremiz. Poemanı oqıǵanda oqıwshınıń kóz aldında ańızǵa aylanǵan batır ana Tumaris obrazı turadı:

Jolbarıstıń jaw búyregin,
Julıp jegen ǵaybar kúshiń,
Qos batırdıń bas súyegin,
Zeren etip, qımız ishken,
Sen emespe eldiń kegin,
Keskilesip alıp ósken,
Asqar, múyiz ay astında,
Kim kórkińdi saǵınbaǵan.
Ógiz suwdıń jaǵasında,
Kim kúshińe tabınbaǵan.

Ulıwmalastırıp aytatuǵın bolsaq Tumaris ápsanası - xalıq tariyxınıń bir beti. Usı Tumaris ápsanası tiykarında jazılǵan I. Yusupovtıń «Tumaris» poeması da xalqımızdıń ótmish tariyxı menen tıǵız baylanıslı dóretilgen bahalı poemalardıń biri dep haqlı ráwishte ayta alamız. Sonıń ushın da saǵasın uzaq dáwirlerden alǵan bul kishkene ǵana shıǵarmanıń áhmiyeti tiyisli biyiklikke kóterile almaǵan birneshe shıǵarmalardıń áhmiyetinen asıp túsedi.

I. Yusupovtıń bul poemaları haqqında keltirilgen faktler oqıwshılarda da qızıǵıwshılıq tuwdıratuǵınlıǵı sózsiz.

Endi qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi óziniń ótken pikirlerin dálillew ushın shayırdıń poemaların oqıtıwshılarǵa kórsetip, tanıstırıp ótiwi kerek.

Oqıwshılar tanıstırıw ushın kitaplar:

1) I. Yusupov «Tumaris hám basqa poemalar» N. 1974j

2) «Dala ármanları» - 1966j

3) «Ómir saǵan ashıqpan» h.t.b.

Sonday-aq, bul poemalar boyınsha belgili ilimpazlar, solardan S. Axmetov, I. Sagitov, Z. Bekbergenova, K. Mambetovlar h.t.basqalardıń miynetlerinen maǵlıwmatlar alıwǵa bolatuǵınlıǵın eskertedi hám sol pikirlerdi oqıwdı tapsıradı.

I. Yusupov haqqında, onıń poemaları haqqında qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi oqıwshılarǵa usınday jollar menen lekciya jasap turǵan qızıǵarlı bir momentte taxtaǵa I. Yusupovtıń súwretin ildirip qoysa júdá jaqsı boladı.

Bunnan soń muǵallim I. Yusupovtıń toplamlarınan tásirli dep esaplaǵan juwmaqlardı oqıp berse bul sabaq oqıwshılar yadında jaqsı saqlanıwına járdem beredi.

Klassta muǵallim oqıwshılar menen ullı bir shayırdıń dóretiwshiligine bolǵan xalıqlıq kóz-qarastı bayanlap atırıp onı búgingi kún menen baylanıstırıwdı da umıtpawı kerek. Sonday-aq ótken lekciya tekstin oqıw barısında muǵallim oqıwshılarǵa lekciyanıń kerekli dep esaplaǵan jerlerin jazıp alıw kerekligin aytıwı da kerek.

Lekciyadan soń oqıwshılar menen shayır I. Yusupovtıń poemaları boyınsha gúrriń ótkergen jón boladı.

Mısalı «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq» poemasın kim oqıdı?

2) «Tumaris» poemasınan kim úzindiler yadladı?

3) «Dala ármanları» poemasında neler haqqında sóz etiledi?

Muǵallim bul sorawlarǵa juwap alǵannan keyin oqıwshılardı qızıqtırǵan sorawlarına juwap beredi.

Qaraqalpaq ádebiyatınıń muǵallimi búgini lekciyanıń barlıq baǵıtın I. Yusupovtıń poemaların tereńrek wyreniwge oqıwshılardıń ıqlas hám qızıǵıwshılıǵın jámlewden ibarat bolǵanday etip qurıwı kerek. Bul álbette, oqıwshılardı ádebiyatta jáne bir jańa bilimge qaray baslawın qızıqtırıwdıń jolların ashıw bolıp esaplanadı.

Jańadan I. Yusupov dóretiwshiligin oqıtıwǵa ótken muǵalim ushın bul júdá bir oqıtıwdaǵı eń bir progressivlik usıl bolıp tabıladı. Sebebi, bir shayır yamasa jazıwshınıń dóretiwshiligin klassta úyrenip bolıp, ekinshisine ótkende oqıwshınıń kóz aldında qanday da bir ashılıwlardıń payda bolıwı oqıwshılardıń sol pánge bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı, pánge bolǵan súyispenshiligin oyatadı. Qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń bul oqıwshılardı jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq tipindegi lekciyası 30-35 minutqa shekem sozılıwı múmkin.

Qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminiń bunda sabaqtı qurallandırıwı qalay bolıwı múmkin, degen soraw tuwıladı. Bunda hár bir sabaqta sabaqtı qurallandıratuǵınday ádebiy ilimiy ádebiyatlar paydalanıladı. Mısalı XI klass ushın qaraqalpaq ádebiyat sabaqlıǵı , I. Yusupovtıń toplamları, I. Yusupovtıń dóretiwshiligi boyınsha islengen ilimiy miynetler h.t.b

Al, sabaqtıń maqseti burıńǵısınsha qala beredi. Endi bunda tek sabaqtıń qurılısı ózgeriske ushıraydı.

Oqıwshılardı jańa bilimler menen tanıstırıw sabaq tipinde sabaq ótkende erteńgi úy tapsırmasın beriwge bolama? -Álbette, boladı. Úy tapsırmasın beriwde muǵallim úlken dıqqat penen qarawı kerek. Oqıwshılarǵa úy tapsırmasın eki túrli

baǵdarda beriwi múmkin. Birinshi: ulıwma búgingi klassta ótilgenler haqqında oqıwshılardıń óz betinshe tayarlanıp keliwleri:

Ekinshi: búgingi ótilgen sabaq boyınsha muǵallim ózi úy tapsırması ushın bir neshe sorawlar yamasa test jumıslarınıń sorawların variantlı tayarlap keliwi múmkin. Onnan keyin onı oqıwshılarǵa berip (yamasa jazdırıp) erteńgi sabaqta olardıń tolıq juwabın talap etetuǵınlıǵın eskertiw kerek. Bul tapsırmalardıń ekinshi túri menińshe biraz nátiyjelirek. Sebebi úyde I. Yusupovtıń poemaların oqıp keliwge berse ayrım qızıqqan oqıwshılar ǵana oqıp keliwi múmkin. Al, ayırımları tayarlanbaydı yaǵnıy oqımaydı. Al test sorawların bergende olar juwabın tabıwǵa qızıǵıp berilgen tapsırmanı orınlap keliwleri múmkin.

Máselen: Test sorawları tómendegishe dúziwge boladı:

1) I. Yusupovtıń «Tumaris» poeması qashan jazılǵan?

A) 1966 V) 1967 C) 1968 D) 1969 E) 1970

2) Ana kewlin qan jılatqan,
Qarǵıs atqan qaralı kún,
Jan júyesin sótip atqan
Jazadı bul jaranı kim.

Qaysı poemadan úzindi?

a) «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq»

v) «Qaraqalpaq haqqında sóz

s) «Eski fontan ertegi»

d) «Tumaris»

e) «Aktrisanıń ıǵbalı».

3) Doslıq, tágdirles xalıqlardıń ótken ómiri hám búgingisi haqqında jazılǵan shıǵarma:

a) «Aktrisanıń ıǵbalı»

v) «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq»

s) «Dala ármanları»

d) «Joldas muǵallim»

e) «Akaciya gúl jerde»

4) «Keń dalada erkin sayranlap jalǵız,

Sen haqqında oylaw men ushın peshe

Qaysı poemadan úzindi?

A) «Dala ármanları»

V) «Aktrisanıń ıǵbalı»

S) «Qaraqalpaq haqqında sóz»

D) «Bulbil uyası»

E) «Mámelek oy»

5) I. Yusupovtıń «Hár kimniń óz zamanı bar « toplamı neshinshi jılı basılıp shıqqan?

A) 2005   V) 2001    C) 2002    D) 2003    E) 2004

6) Shayırdıń 1964 j  shıqqan poeması qaysı?

a) «Aktisanıń ıǵbalı»

v) «Dala ármanları»

c) «Mámelek oy «

d) «Búlbil uyası»

e) «Joldas muǵallim»

6) «Mariya» I. Yusupovtıń qaysı poemasınıń qaharmanı?

a) «Akaciya gúllegen jerde»   v) «Dala ármanları»   S) «Aktrisanıń ıǵbalı»

d) «Eski fontan ertegi»

e) Durıs juwap joq

7)     Armuz saylarınıń aǵısı jaqsı

Sandıq gúlge oralǵan jaǵısı jaqsı

Marko Polo bilip maqtanısh etken

Báhárden qızınıń naǵısı jaqsı.

A) «Aktrisanıń ıǵbalı»

V) «Akaciya gúllegen jerde»

S) «Tumaris «

D) «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq»

E) «Dala ármanları»

8) Jolbarıstıń jaw búyregin

Julıp jegen ǵaybar kúshiń - Kim haqqında sóz etilip atır?

A) Arıwxan v) Tumaris  S) Aleksandr Makedonskiy

D)  Mariya E) Túrkmen qızı

9. I. Yusupovtıń «Tumaris» hám basqa poemalar toplamı qashan basılıp shıqtı?

A) 1971 V) 1972   S) 1974   D) 1974   E) 1975.

## Juwmaq

Ádebiyat penen kórkem óner hámme waqıtta da xalıqtıń ruwxıy-mádeniy ómiriniń ajıralmas bir quram bólegi bolıp kelgenligi dáliyllewdi talap etpeytuǵın haqıyqatlıq ekenligi bárshemizge kópten málim. Kórkem ádebiyat tek búgingi ruwxıy ómirimizdiń ǵana bir bólegi bolıp qoymastan, xalqımızdıń ótmishi tariyxınıń kórkem sáwlesi de bolıp esaplanadı.

Mine, usınnan bolsa kerek, ádebiyattanıw ilimi payda bolǵan dáslepki jıllarınan berli óz izertlew obekti bolǵan kórkem ádebiyattı sol estetikalıq sistema payda bolǵan, qáliplesken, yamasa rawajlanıw jolların bastan keshirip atırǵan tariyxıy dáwir menen tıǵız baylanısta salıstırıp tipologiyalıq usılda úyrenip kelmekte. Bunı biz qaraqalpaq ádebiyattanıwı, sonıń ishinde ádebiyat tariyxı ilimindegi qaraqalpaq ádebiyatın dáwirlestirip úyreniw mashqalalarınıń ortaǵa qoyılıwı hám sheshiliwi mısallarınan da ayqın kóriwimizge boladı.

Qarakalpaq ádebiyatınıń XX ásirge deyingi tariyxın dáwirlestiriwde de usınday oylasıp kórerlik máseleler kún tártibinde kóldeneń turǵan áhmiyetli máselelerdiń biri. Sebebi, Ǵárezsizliktiń sharapatı menen milliy tariyxımızdı tanıwǵa bolǵan kóz-qaras ta ózgerdi.

Usı kóz-qarastan biziń tariyxshılarımız xalqımız tariyxın X ásirden baslaw zárúrligi haqkındaǵı boljawların jańa XXI ásir basında-aq ilimiy haqıyqatlıqqa aylandırdı. Bul, demek, biziń ádebiyattanıw ilimimiz de bunday mashkalalardan shette tura almaydı degen sóz. Nege degende, xalıq tariyxı baslanǵan jerden onıń ádebiyat tariyxı da baslanadı. Bul, demek, ádebiyat tariyxınıń erte dáwirlerin X-XIV ásirlerden baslap dáwirlestiriw de kún tártibinde turǵan arnawlı mashqala degen sóz. Sebebi, bul ásirlerde qaraqalpaq topıraǵında ilim pán menen bir qatarda mádeniyat, jazba ádebiyat hám kórkem óner de óz rawajlanıwınıń biyik shoqqısında bolǵan.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasında folkorlıq dóretpelerdi úyreniw eń juwapkershilikli metodikalıq máselelerden esaplanadi. Sol siyaqlı mektep oqıwshılarınalerde folklorlıq dóretpelerdi janrlıq qásiyeti boyınsha oqıwshılarǵa úyretiw, olardıń ilimiy teoriyalıq túsiniklerin

rawajlandıradı. Awizeki xalıq dóretpelerin izbe – iz úyreniwge, hár bir janrdıń mazmunın, suyjetin, ózgesheliklerin tiyanaqlı túsinip baradı. Qaraqalpaq folklorın izertlewshi alımlar N. Dáwqaraev, Q. Ayımbetov, Q.Maqsetovler tárepinen awız eki dóretpelerdi túrlerge ajıratıp ketedi. Belgili alım N. Dáwqaraev qaraqalpaq xalıq dóretpelerin eki janrǵa lirikalıq hám epikalıq janrlarǵa bóledi. Lirikalıq janrǵa qosıqlardan jaydarı qosıqlardi, aytıs hám juwaptı, diniy folklordı kirgizedi, dástúr jırlarınan háyyiw yamasa besik jırın, toy dástúrleri qosıqlarınan (sıńsıw, betashar, háwjar) kirgizedi.[49]

Mektepte oqıtılatuǵın pánlerdiń ishinde kórkem ádebiyat ayrıqsha háreket etiwshi siyasiy qural bolıp, onı oqıtıwshılar mektep ómirinde mádeniy tarawdı basqarıwshı adamlar boladı. Sonıń ushın mektep reformasınıń jańa talabı boyınsha qaraqalpaq ádebiyatı páninen oqıwshılarǵa ádebiy bilim hám tárbiya beriwdiń jańasha, nátiyjeli jolların qarastırıwǵa tuwra keledi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw, ulıwma kórkem ádebiyattı oqıtıw - dóretiwshilik jumıs. Sol sebepli ádebiyat muǵallimi klassta ótetuǵın ádebiyat sabaǵın nátiyjeli ótkeriwdiń jolların qarastırıwı kerek. Muǵallim ádebiyat sabaǵın oqıw-tárbiya jumıslarınıń talabına ılayıq alıp barıwı ushın qolında bar oqıw baǵdarlaması menen sabaqlıqlarǵa súyenedi. Sabaqlıqta bar materiallardı oqıwshılardıń túsinigine, kúndelikli ómir keshiriw ámeliyatına, tiline ılayıqlastırıp metodikalıq sheberlikler menen bere alıwı shárt. Bul ushın bir saatlıq sabaqtıń nátiyjeli, sapalı ótiliw jolların aldın-ala izlestiriwi kerek. Hár bir sabaq ushın izleniw ádebiyat muǵallimin jaqsı nátiyjelerge alıp keledi.

Ulıwma bilim beriw mekteptiń 11-klasında Ibrayım Yusupovtıń ómiri hám dóretiwshiligin úyrengende oqıwshılarǵa tek orta mektep ushın dúzilgen ádebiyat sabaqlıǵında berilgen materiallardı aytıw menen sheklenip qalmay shayırdıń ómirine, dóretiwshiligine baylanıslı jazılǵan monografiyalar hám ayrım ilimiy maqalalardan da paydalanıw zárúr. Sebebi, bunday qosımsha materiallardı

---

[49] Давкараев Н. Очерки по историй дореволюционной каракалпакской литературы. Ташкент. 1959. стр. 16-75.

paydalanıw nátiyjesinde oqıwshıda I. Yusupov dóretiwshiligin tereń ózlestirip alıwına hám shıǵarmalardaǵı súwretlenip atırǵan waqıyanı hár tárepleme, puxta túsinip alıwına tiykar jaratıladı. Jáne de oqıwshılardıń estetikalıq talǵamınıń da rawajlanıwına salmaqlı úles qosadı. Biraq, sabaqlıq kóleminen shıǵıp ketpey turıp, oqıwshılardıń jas ózgesheligin, bilim kólemin de esapqa alıw kerek. Sonda ǵana sabaq materialı mazmunlı hám tásirli boladı.

I. Yusupov - qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili wákili. Ol talantlı shayır. Sonday-aq proza, dramaturgiya tarawında da belgili dárejede qálem terbetken jazıwshı hám dramaturg. Sonıń menen birge orıs hám basqa da tuwısqan xalıqlar ádebiyatı shayırlarınıń shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarǵan dilmash. Máselen, ol Pushkin, Lermontov, Gete hám Shekspirdiń bir qansha shıǵarmaların qaraqalpaq tiline awdarıp, qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwı ushın salmaqlı úles qostı. Bul shayırdı hámme húrmet penen tilge aladı, shıǵarmaların qádirlep oqıydı.

# PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR

## Сиясий әдебиятлар

1.Мирзиёев Ш. // Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтың экономикалық реформалар, халықтың жасаў шараяты менен танысыў мақсетинде 2017-жыл 20-21-январь күнги Қарақалпақстан Республикасына рәсмий сапары даўамында Нөкис қаласында өткерилген целектор мәжилисинде сөйлеген сөзи.

2.Мирзиёев Ш. М.Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. Тошкент:-«Ўзбекистон», 2017. 201-бет.

3.Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. –Т.: Ўзбкекистон, 2000.

4.Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. Ташкент: «Маънавият»; 2008

## Теориялық әдебиятлар

1. Умумий ўрта таълимнинг давлат таълим стандарти ва ўқув дастури. 1-махсус сон «Шарқ», 1999.
2. Азизхужаева Н.Н. Педагогик технология ва педагогик маҳорат. Тошкент. 2003.
3. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.
4. Айжанова З. Әдебият сабағында И. Юсуповтың шығармаларын үйрениў. Нөкис. «Билим», 1993.
5. Ахметов С., Пахратдинов Ә., Пирназаров Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.
6. Давлетшин М.Г. Заманавий мактаб ўқитувчисининг психологияси. Тошкент. «Ўзбекистон», 1999.
7. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2 том. Нөкис, «Қарақалпақстан» , 1977.
8. Жалилов Б., Шарипова М. Мактабда драматик асарларни ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи» , 1992.
9. Жәримбетов Қ., Оразымбетов Қ. Қарақалпақ әдебияты. (Колледж оқыўшылары ушын сабақ лық) Нөкис.2006
10. Жўраев К. Мактабда Ойбекнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи» , 1974.
11. Жўраев Р.Ҳ., Толипов У.К. Педагогик фаолият, технологиялар ва маҳорат. «Узлуксиз таълим» журнали. 2003, №2.
12. Зуннунов А. Ўзбек адабиёти методикаси тарихидан очерклар. Тошкент. «Ўқитувчи» , 1992.
13. Исматов С. Мактабда Абдулла Қаҳҳорнинг ҳаёти ва ижодини ўрганиш. Тошкент. «Ўқитувчи» , 1974.
14. Исҳоқов Ф. Мактабда Гулханий адабий меросининг ўрганилиши. Тошкент. «Ўқитувчи» , 1983.

15.Йулдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. Тошкент. «Ўқитувчи», 1996.
16. Йулдошев Қ. Ўқитувчи китоби. Тошкент. «Ўқитувчи», 1997.
17. Йулдошев Қ., Мадаев О., Абдураззоков А. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент-1994.
18.Йулдошев Ж.Ғ., Усманов С.А. Педагогик технология асослари. Тошкент. «Ўқитувчи», 2004.
19.Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы. Нөкис. Қарақалпақстан. 2000.
20.Кларин М. В. Педагогическия технология в учебном процесс. Москва. «Знания», 1989.
21. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис, 1996.
22. Мақсетов Қ., Мақсетова Р. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис, «Билим», 2010.
23. Нийетуллаев Т. Қарақалпақ нақыл-мақаллары. Нөкис. Қарақалпақстан», 1982.
24. Нурмухамедов М. Таңламалы шығармаларының еки томлығы. 1-том. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1983.
25.Жўраев Р.Ҳ., Толипов У.К. Педагогик фаолият, технологиялар ва маҳорат. «Узлуксиз таълим» журнали. 2003, №2.
26.Очилов М. Янги педагогик технологиялар. Қарши. «Насаф», 2000.
27.Кларин М. В. Педагогическия технология в учебном процесс. Москва. «Знания», 1989.
28.Йулдошев Ж.Ғ., Усманов С.А. Педагогик технология асослари. Тошкент. «Ўқитувчи», 2004.
29.Розиқов О., Отаев С. Дидактика. Тошкент. «Фан», 1997.
30.Саидов Т. Илғор педагогик технологиянинг мазмун-моҳитини. «Ақлий ҳужум» усули билан ўқитиш технологияси. Тошкент, 2003.
31.Султонов Б., Тилегенов А., Бойназаров Ф. Янги педагогик технология асослари. Тошкент. «Фалсафа ва ҳуқуқ институти», 2007.
32.Ғуломова Н. Адабиёт дарсларида илғор педагогик технологияларидан фойдаланиш. Тошкент. «РТМ», 2003.
33.Толипов Ў. Қ., Усмонбобоева М.Х. Педагогик технология асослари. Тошкент. «РТМ», 2003.
34.Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратов Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. (8-класс ушын). Нөкис-2009.
35. Пахратдинов А. Қарақалпақ әдебиятын окытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 2004.
36. Пахратдинов А. Педтехнология тийкарлары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2009.
37. Тухлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. «Янги аср авлоди», 2006.
38. Усмонова К. Адабий таълимда илғор педагогик технологиялар. Тошкент. 2004.

39. Хусанбоева Қ. Адабиёт – маънавият ва мустақил фикр шакллантириш омили. Тошкент-2009.
40. Хусанбоева Қ. Адабий таълимда мустақил фикрлашга ўргатиш асослари. Тошкент-2003.
41. Юсупов Қ. Академик лицейларда Ажиниёз лирикасини бурчаклар методи билан ўрганиш.(Илмий тўплам). Бухоро-2009. 133-136-бет.
42. Юсупов Қ. Академик лицейларда Ажиниёз лирикасини ўқитишда кластер методини қўллаш. (Илмий тўплам). Тошкент-2009.284-285-бет.